O’zbekstan respublikasi joqari ha’m orta arnawli bilimlendiriw ministirligi

Berdaq atindag’i Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti
sotsialliq pa’nler kafedrasi

Tariyx huqiq fakulteti “filosofiya” qaniygeliginin’ 4-kurs studenti Abdiev Berdaq Turg’anbaevishtin’ “Turmis turmis obrazinin’ quramlas bo’legi sipatinda” temasindag’I pitkeriw qa’niygelik jumisinin’ slayd jumisi

ilimiy basshi:
Yu. Alimbetov

No’kis 2013

**Turmıs turmıs obrazının' quramlas bo'legi sıpatında**

**Kirisiw**

**I Bap Turmıs izertlew predmeti sıpatında**

§ 1.Turmıstın' ma'nisi ha'm onın' turmıs obrazı menen o'z-ara baylanısı

§ 2. Turmıstın' du'zilisi ma'selesi

**II Bap. G'a'rezsizlik sharayatında turmıstın' tupkilikli qayta qurılıwı ma'seleleri**

§1. Garezsizlik xaliqtin turmisinin tupkilikli ozgerislerinin bas sharayiti

§2. Xalqımızıdın' g'a'rezsiz turmıs obrazı ha'm turmıslıq jan'alanıwlar (konkret-sotsiologiyalıq izertlewleri tiykarında)

**Juwmaqlaw**

**Paydalanılg'an a'debiyatlar**

**Qosimshalar**

# Kirisiw

G’a’rezsiz elimizdin’ rawajlanıwının’ ha’zirgi basqıshındag’ı ekonomikalıq ha’m sotsiallıq alg’a ilgerilewdin’ o’z-ara baylanısı ju’da’ ku’sheyip xalıqtın’ sotsiallıq ha’m ma’deniy da’rejesinin’ sapalı joqarılawı bas uazıypalardan esaplanadı. Bul boyınsha a’sirese  adamzattın’ o’mir su’riw, jasawının’ a’hmiyetli sferalarının’ bir tarawı turmıstın’  ornı ha’m roli ayrıqsha.Sol sebepli ol ha’rqashan jurtshılıqtın’ dıqqatın o’zine tartıp kiyatır. A’piuayı  g’ana da’liyil sonnan ibarat, bul sferanın’ tiyisli da’rejede rawajlanıwı bolmay o’ndiristin’ normal rawajlanıwı mu’mkin emes. Elimizdin’ rawajlanıwın jedellestiriw bag’darında ko’birek sotsiallıq sferanı jetildiriw onın’ materiallıq bazasın ken’eytiw, onın’ ha’rta’repleme rawajlang’an adamdı qa’liplestiriwdegi roline dıqqat bo’linedi.

Sotsiallıq sferanı rawajlandırıwdın’  en’ a’hmiyetli uazıypalarının’ biri,bul turmısta adamlardın’ qarım-qatnasıqların jetildiriw,g’a’rezsiz rawajlanıwımızg’a ılayıq tupkilikli qayta qurıw, bul sferada qa’liplesip qalg’an problemalardı sheshiw.Turmıs sotsiallıq o’mirdin’ o’ndiristen tısqarı sferası sıpatında birinshi gezekte adamlardın’ ha’m materiallıq (azıq-awqatta, ishiw-jewde, kiyim,turaq jay, densawlıqtı qollap-quwatlaw h.t.b) ha’m ruwxıylıq (adamzatlıq, insanıylıq qarım-qatnas h.t.b) talapların qanaatlandırıw menen baylanıslı.

Haqıyqatın aytıw kerek, burıng’ı Awqam tusında»turmıstı sotsialistlik qayta qurıw» uranı astında a’melge asırılg’an ma’lim ilajlar ideologiyalasqan o’lshemlerden arı o’tpedi.Turmıs ekonomikadan pu’tkilley artta qalıp qoydı.Bul materiallıq bazanın’ joqlıg’ı menen ko’birek baylanıslı da edi.

Bu’ginliginde azg’ana waqıttın’ ishinde a’sirlerge ten’ rawajlanıwdı basıp o’tken g’a’rezsiz elimiz turmıs sferası boyınsha burıng’ı Awqam qaldırg’an «miyrastan» waz keship, pu’tkil sotsiallıq sferanı,sonın’ ishinde turmıstı joqarı pa’t penen rawajlandırıwda.Onın’ bir gu’wası sıpatında awıllıq jerlerde turaq jay qurılısının’ elimizde u’stinlikke iye sotsialıq-ekonomikalıq ha’m ma’deniy rawajlanıwdın’ bag’darlarının’ biri sıpatında qaralıwı ha’m bul boyınsha a’meliy ilajlar.O’zbekstan Prezidenti İslam Karimov 2013 jıl 18 aprelde Aqsarayda

«Zamanago'y turaq-jay qurılısı-awıllıq jerlerdi kompleksli rawajlandırıw ha'm kelbetin o'zgertiw ja'ne xalıqtın' turmısının' sapasın jaqsılaw faktorı» temasındag'ı xalıqaralıq konferentsiyanın' ashılıw ma'resiminde so'ylegen so'zinde turaq-jay qurılısının' a'hmiyetine toqtap bılay deydi:»Turaq-jay qurılısı salası keskin sotsiallıq mashqalalardı sheshiw ushın u'lken a'hmiyetke iye ekenin,qurılıs penen baylanıslı ko'plegen tarmaqlardın' ha'm pu'tkil elimiz ekonomikasının' ten' salmaqlı rawajlanıwın ja'ne turaqlı o'siw pa'tlerin ta'miyinleytug'ın en' a'hmiyetli faktor ekenin esapqa alatug'ın bolsaq,bu'gingi konferentsiya ushın tan'lang'an awılda turaq-jay qurılısının' roli haqqındag'ı temanın' a'hmiyetli ekeni tuwralı so'z etiwdin' qa'jeti bolmasa kerek[1].

Prezidentimiz usılar menen birge bu'gingi ku'nde ekonomikanın' usı sala menen baylanıslı tarmaqların finans sistemasın qa'liplestiriw ja'ne turaqlı rawajlandırıwdın' en' a'hmiyetli buwınlarının' biri ekenligine dıqqat awdaradı.Onın' u'stine, bankler aktivlerinin' ha'm isenimli resurs bazasının' bekkem deregi bolıp qala beredi.

«Bul jag'day jerju'zlik qarjı-ekonomikalıq dag'darıs eleberin dawam etip atırg'an ha'zirgi sharayıtta ayrıqsha a'hmiyetke iye bolmaqta»[2]

Prezidentimiz,sonday ak, ko'p g'ana eller AQSh, Germaniya, Ullı Britaniya, Skandinaviya ma'mleketleri ha'm basqa eller ta'jiriybesin turaq jay qurılısı ha'm onın' infrastrukturası salasın rawajlandırıw milliy ekonomikanı qayta tiklewde, xoshametlewde u'lken rol atqaratug'ınlıg'ı tastıyıqlaydı.

Turmıs ko'p g'ana ja'miyetlik qubılıslar menen,ayrıqsha turmıs obrazı menen tıg'ız baylanıslı.Turmıs miynet, ja'miyetlik-siyasiy ha'm ta'lim-ma'deniy iskerlik penen birlikte turmıs obrazının' a'hmiyetli quramlas bo'legi bolıp tabıladı. Turmıs obrazında keship atırg'an o'zgerisler onın' ha'mme strukturalıq elementlerine, sonın' ishinde turmısqa ha'm ta'sir etedi. Turmıs obrazı ha'm onın' quramlas bo'legi-turmıs ha'm o'ndiris usılı ja'miyettin' pu'tkil sotsiallıq du'zimi

[1] Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың «Заманагөй турақ-жай қурылысы-аўыллық жерлерди комплексли раўажландырыў ҳәм келбетин өзгертиў және халықтың турмысының сапасын жақсылаў факторы» темасындағы халық-аралық конференцияның ашылыў мәресиминде сөйлеген сөзи // Еркин Қарақалпақстан 2013 ж.20 апрель.

[2] Сонда…

menen belgilengen. O'ndiris usılı, onın' eki ta'repi-o'ndiriwshi ku'shler ha'm o'ndiris qatnaslarının' birligi adamlardın' fizikalıq o'mir su'riwinin', jasawının' g'ana o'ndiriliwi, qayta o'ndiriliwi bolıp qalmaydı, al olardın' ku'ndelikli bolmısının' usılı, ma'lim turmıs obrazı da,adamlar sıpatında omir su'riwinin', jasawının' tiplik tu'ri de boladı. Basqasha aytqanda turmıs obrazı adamlardın' jasaw, o'mir su'riw sharayıtlarının' g'ana qayta o'ndiriliwi emes, al o'zine xalıqtın' aktiv qayta o'zgertiwshilik iskerliginin' pu'tkil mazmunın ha'm ja'mlegen ja'miyetlik qubılıs.

Xalıqtın' turmıs obrazın jetildiriwde onın' tariyxıy turmıs ukladı, oylaw obrazı,da'stu'r, u'rp-a'detlerin na'zerde tutıw,ha'tteki negiz etiw esapqa alıng'an[1]. Onın' u'stine, o'tiw da'wirinin' qıyınshılıqların ha'm problemaların sheshiwde o'tmish penen zamanago'yliktin' miyraslıg'ın saqlawda ha'm roli boladı[2].

Bul aytılg'anlardan kelip shıg'a otırıp,turmıs obrazı ha'm turmıs problemaların ja'miyetlik qubılıslardın' basqa da problemaları menen o'z-ara tıg'ız baylanısta qaraw ha'm pu'tkil ja'miyetlik turmıstın' ulıwma kontekstinde sheshiw za'ru'rligi payda boladı.

Olardı izertlew g'a'rezsiz elimizdin' sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy sferaların tu'pkilikli qayta qurıw ha'm onı joqarı sapada rawajlandırıwdın' uazıypası menen belgilenedi.

Turmıstı turmıs obrazının' quramlas bo'legi sıpatında izertlew za'ru'rligi sonda,1997 jıldan baslap 2013 jılg'a shekemgi aralıqta ha'rbir jan'a jılg'a berilgen attın' turmısqa,shan'araqlıq turmısqa qatnassız birde-birewi joq bolar eken, shan'araq ha'm ja'miyet kontekstindegi jetiskenlikler ha'm mashqalalardı analizlew ha'm bunı xalıqtın',aytayıq, qaraqalpaq xalqının' mısalında konkretlestiriw kerek boladı.

Qullası, turmıstı sotsiallıq-filosofiyalıq planda izertlew, onın' teoriyalıq ha'm praktikalıq a'hmiyeti turmıstın' ja'miyetti,o'ndiris sferasın jetildiriwdegi

[1] Қараңыз:Каримов И.А Узбекистан,национальная независимость, экономика, политика, идеология. Узбекистан . 1996 г.с 40-41.
[2] Қараңыз: Каримов И. Родина священна для которго Сеч Т.З.Узбекстан 1996 с.263.
Осадчая Г.И Образ жизни:теоретико-методологические основы анализа
Кудайбергенова П.Т Миллий турмуш тарзи,унинг мустақиллик йилларида тараққиёт хусусиятлари.Фалсафа фани номзод авторлар Т.2005й.Алимбетов .Ю О структуре образы жизни народа // Вестник.

a’hmiyeti mudamı ku’sheyip bara beredi. Ja’miyet sferalarının’ kompleksli rawajlanıwı turmıstın’ o’zine unamlı ta’sir etedi. Mudamı jetile otırıp, ol og’ada a’hmiyetli funktsiyalardı atqaradı. Sotsiallıq bolmıs kontekstinde bu’ginliginde turmıstı «tıl» dep da’stu’riy tu’siniw ha’m tu’sindiriw ha’m misli tarlıq etip turg’anday. Aqırı ol bu’ginliginde, elimiz g’a’rzsizligi tusında milliy-spetsifikalıq, milletler aralıq ha’m ulıwmainsanıylıqtın’ sintezinen turatug’ın milliy rawajlanıw normaların ha’m printsiplerin tastıyıqlaytug’ın sfera da. Bul boyınsha turmıstın’ izertleniwin, ma’na’wiy, ideologiyalıq ta’repleri ha’m joq emes. Aqırı ma’lim ku’shler, toparlar elimiz g’a’rezsizliginin’ jetiskenliklerin ko’re almaw, imkaniyatı barınsha a’sirese jaslarımızdı joldan shıgarıw,azg’ırıwg’a ha’reket etpekte». Biz,- dep jazadı O’zbekstan Prezidenti İslam Karimov-xalqımızdın’ du’nyada heshkimnen kem bolmawı, perzentlerimizdin’ bizden de ku’shli, bilimli,dana ha’m a’lbette, baxıtlı bolıp jasawı ushın bar ku’sh ha’m imkaniyatlarımızdı bag’darlap atırg’an ekenbiz, bul boyınsha ruwxıy ta’rbiya ma’selesi, hesh shubhasız, ten’i joq a’hmiyetke iye boladı. Eger biz bul ma’selede sergeklik ha’m sezgirligimizdi, tabanlılıg’ımız ham juwapkershiligimizdi jog’altsaq, bul og’ada a’hmiyetli jumıstı o’z halına, o’zi boladılıqqa taslap qoyatug’ın bolsaq, muqaddes qa’driyatlarımızg’a suwg’arılg’an ha’m olardan azıqlang’an ruwxıy du’nyamızdan, tariyxıy o’tmishimizden ayrılıp, aqır-aqıbetinde o’zimiz umtılg’an ulıwma insanıy rawajlanıw jolınan shetke shıg’ıp qalıwımız mu’mkin»[1]

Prezidentimiz jaslar ta’rbiyasının’ bu’gingi ku’ndegi halatı ha’m na’tiyjeliliginin’ zaman talaplarına juwap bermeytugınlıg’ın,bugan itibardı ku’sheytiw za’ru’rligin ayttı.

«Bu’gingi ku’nde g’a’rezsizlikke, mine usı jaqtı ku’nlerge erisiw qa’lbekilestiriwge qaratılg’an jolında bastan keshirgen sınaq ha’m mashaqatlardı, g’arezsizligimizdin’ ma’nis-mazmunın ha’rqıylı ha’rketler barg’an sayın artıp atırg’anın ko’riw, baqlaw qıyın emesligi heshkimge sır emes.

Ba’rinen burın, burıng’ı sovet aymag’ında eski totalitarlıq sistemanı kormegen,bul haqqında jeterli mag’lıwmatqa iye bolmag’an jaslarg’a baylanıslı

[1] Қараңыз:Каримов.И Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш Н.2008

ha'rqıylı jalg'an talqılaw ha'm o'tiriklerdi paydalanıp,olardın' sanasında keshegi sovet da'wirin ku'sew sezimin ja'ne keypiyatın oyatıwg'a qaratılg'an urınıwlar ko'zge tu'spekte»[2]

Prezidentimiz ta'repinen 2012 jılı 9-may Eslew ha'm qa'dirlew ku'ni g'alaba xabar quralları u'a'killeri menen sa'wbetinde ma'lim toparlardın' o'z ma'pinen kelip shıg'ıp insan ushın shegara joq,»emin-erkin a'deplilik»h.t.b su'renlewlerinin' zıyanlı aqıbetlerine dıqqat bo'lingen [3].

**Problemanın' izertleniw da'rejesi**

Turmıs, turmıs ma'deniyatı ma'seleleri burıng'ı Awqam tusında ko'birek izertleniwine qaramastan,olarda ideologiyalıq ju'klemenin' salmag'ı biraz basım boldı.

Turmıstın' ma'lim aspektlerin qamtıg'an izertlew jumısları burıng'ı Awqam quramındag'ı xalıqlardın' g'a'rezsizlikke erisiwi menen de ju'zege keldi[1].

G'a'rezsiz elimiz realiyleri tiykarında ha'm turmıs, jaslardın' ruwxıy ma'deniyatında erkin waqıt, g'a'rezsiz O'zbekstan ja'miyetinin' ruwxıy salamatlasıw protsessinde semya ma'seleleri h.t.b izertlew obektlerine aynaldı [2].

Turmıs obrazı ha'm onın' menen baylanıslı ma'seleler de tiykarınan burıng'ı Awqam tusında, o'tken a'sirdin' 60-jıllarınan baslap birqansha sotsiallıq-gumanitar ilimler, wa'killerinin' dıqqatın o'zine qarattı.

---

[2] Қараңыз:Каримов И. Бизиң жолымыз-демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳəм модернизация процессин избе-из даўам еттириў жолы Президент Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Конституциясының 19 жыллығына бағышланған салтанатлы мəресимдеги баянаты// Устаз жолы 2011ж .8-декабрь

[3] Қараңыз:Тарийхтан сабак алып,заман менен қəдем таслап жасаў бүгинги турмысымыз қатаң талабы// Еркин Қарақалпақстан 2012ж 17-май.

[1] Қараңыз Караханова Т.М Домашний труд и быт городских жителей:1965-1998// Социологический журнал.1999№3/4 с-115-119;Борисов М.Н. Социология быта:учебное пособие РАТН,1992;Патрушев В.Д Свободные время граждан в 1986 и 1995 //Социологические исследования-1997 № 37с.44-50;Седых.И.С.Особенности быта городской семьи в современном российском обществе:на примере Иркутской области Автореф.кан.поли.наук.Улан-Удэ2004;

[2] Қараңыз:ДЖавакова К.В Семья и тенденции оздоровления общества независимого Узбекистана,Автореф.дисс.кан.филос.наук. Т. 1997; Исомов М.К.Свободное время развитие духовной культуры молодежи Автореф.дисс.кан.фил.нак.Т.1994;Косанбаев К.Быт как важнейший компонент национальной культуры(На материалеУзбекистана и Казахстана) Автореф. док.филос. наук.1995; Ибрагимова К.Структура и социальная сущность быта// Общественные науки в Узбекистане 1993 №4;Нишанова Н.Женщины-опора прочной семьи// Общественная науки в Узбекстане 2012 №4, 2, 3; Гуломова С,Д.Алматова.Мустақил ойла-инновацион иқтисодиёт пойдевори// Общественные науки в Узбекистане 2012 №4.

Haqıyqatına kelsek, ol jumıslarda ha’m ideologiyalıq bag’darlanıw basım bolar eken, burıng’ı Awqam «sovetlik» turmıs obrazına» qatnaslı apologetika ta’n boldı. Degen menen turmıs obrazı ha’m onın’ quramında turmıs qaralg’an ayırım miynetlerdin’ ishinde teoriyalıq-biliwlik potentsialı, obektivlik qazıg’ı salmaqlıları da bar.

Aytılmısh a’sirdin’ 70-80 jılları turmıs obrazı,a’sirese «ulıwma sovetlik turmıs obrazın» izertlew gu’jidi ha’m 80-jıllardın’ orta shetinen o’te biraz pa’sen’ledi. Al 90-jıllardan usı bu’ginge deyingi turmıs ma’seleleri kontekstinde turmıs obrazın shın ma’nisinde ideologiyalıq qısımlarsız izertlewler dawam etti[1].

G’a’rezsiz elimizdin’ sotsiallıq-ekonomikalıq ha’m ma’deniy rawajlanıwlarındag’ı ulıwmalıq ha’m ayrıqshalıqtın’ o’z-ara ta’siri negizende turmıs obrazın, onın’ parametrlerin janasha tu’siniwdi talap etti[2].

Sonday aq D. Saburova, J.Sag’ındıkov, A.Berdimuratova, X.Saburova, Yu.Alimbetovlardın’ turmıs, alıw, kewil ko’teriw, turmıslıq –shan’araqlıq sferaları, olardag’ı hayaldın’, ulıwma gender ma’selesinin’ adamlardın’ ku’ndelikli baylanıslardag’ı ornı ha’m roline Qaraqalpaqstan materiallarında jazılg’an monografiyalıq, ilimiy jurnallıq jumıslar ha’m bar[3].

A’lbette bul jumıslardın’ turmıstı,onın turmıs obrazının’ miynet, ja’miyetlik-siyasiy ha’m ta’lim-ma’deniyatlıq iskerlik penen qosa quramlas bo’legi ekenligin, sonday ak, bul eki qubılıstın’ teoriyalıq-metodologiyalıq aspektlerin qarawı boyınsha u’lken u’les qosqanlıg’ın hesh ha’m biykarlaw mu’mkin emes. Desek te, eki tu’siniktin’ de «turmıs obrazı», »turmıstın’» usı bu’ginge deyin diskussiyalı ekenligin aytıwımız kerek. On’ın’ u’stine, turmıstın’ g’a’rezsizlik tusındag’ı xalıqtın’ turmıs obrazının’ realiylerinin’ quramında O’zbekstan

---

[1] Қараңыз: Артемов В.А. Изменение условий и образ жизни// Социологические исследования 1995г № 1; Бутенко А.П,Колисниченко.Ю.В. Ментолитет россиян и евразийство:их общность и общественно-политический смысл // Социологические исследования.1996 №9. Осадчая Г.И,Возмитель А.А Образ жизни:теоретико-методологические основы анализа.

[2] Кудайбергенова П.Т Миллий турмуш тарзи,унинг мустақиллик йилларида тараққиёт хусусиятлари /Фалсафа фани нoиз.автореф Т.2005;Алимбетов.Ю О структуре образа жизни народа // Вестник. ККО АНР уз 2006 №4

[3] Қараңыз: Сабурова Д.С Женщина Каракалпакстана:труд,быт,равноправие;Сагындыков . Ж Проблема совершенствования досуга тружеников села. Н.1990г;
Бердимуратова.А,Камалова.Х,Алимбетов.Ю Социаллық трансформацияның гейдерлик аспекти,ҳаял сиясатта, мийнетте, бизнес ҳәм мәдeният сферасында // ҚМУ хабаршысы 2009 3(4).

Qaraqalpaqstan materiallarında arnawlı izertlengen jumıslar jetkiliksizlew.Usı ha'm basqa da sebeplerdi na'zerde tuta otırıp bul ma'sele pitkeriw qa'niygelik jumısımızdın' izertlew obekti sıpatında talqılap alıng'an.

**İzertlewdin' maqseti ha'm uazıypaları.**

Pitkeriw qa'nigelik jumısımızdın' maqseti xalıqtın' turmısının' onın' turmıs obrazının' quramlas bo'legi sıpatında analizlew negizinde turmıstın' shan'araqlıq,o'ndirislik ha'm ja'miyetlik formalarına ta'n ulıwmalıqtı ha'm ayrıqshalıqtı, o'z-ara olardın' ta'siyrin adamlardın' ku'ndelikli bolmısının' basqa komponentleri menen birlikte sotsiallıq-filosofiyalıq aspektte ashıw bolıp tabıladı. Qoyılg'an maqset to'mendegi uazıypalardı sheshiwge bag'darlang'an.

Turmıstın' ma'nisi ha'm onın' turmıs obrazı menen o'z-ara baylanısı

Turmıstın' du'zilisin anıqlaw

Turmıstın' g'a'rezsizlik tusında tu'pkilikli o'zgeristin' sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy faktorların analizlew.

Xalqımızdın' g'a'rezsiz turmıs obrazı ha'm turmıslıq jan'alanıwlardı konkret-sotsiologiyalıq izertlewler tiykarında ulıwmalastırıw.

İzertlewdin' metodologiyalıq ha'm teoriyalıq tiykarları O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.Karimovtın' fundamentallıq miynetlerinde, bayanatlarında, shıg'ıp so'ylewlerinde, ra'smiy hu'jjetlerdegi xalıqlarımız tariyxın, sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy rawajlanıwın u'yreniw boyınsha metodologiyalıq juwmaqlar, ilimiy obektivlik konkret-tariyxıy izertlewlerdin' printsipleri. Sonday aq sotsiallıq-filosofiyalıq, tariyxıy filosofiyalıq ilimlerdin' ja'miyetlik jetiskenliklerdi, jerju'zlik ja'miyetlik filosofiyalıq oy Oraylıq Aziya oyshıllarının' intelektuallıq pikirleri esaplanadı.

Jumıstın' jazılıwı barısında ra'smiy hu'jjetler: O'zbekstan Respublikasının', Qaraqalpaqstan Respublikasının' Konstitutsiyaları, Oliy Majlis, Joqarg'ı Ken'es materialları, O'zbekstan Respublikası Prezidenti ukazları,qararları h.t.b paydalanıldı. Sonday aq avtor turmıs ha'm turmıs obrazı boyınsha jazılg'an monografiyalıq miynetler,ilimiy jurnallardag'ı maqalalar, baspaso'z materialların paydalandı.

Jumıstın’ jan’alıgı birinshi gezekte turmıstı turmıs obrazının’ quramlas bo’legi sıpatında qaraw adamzat tariyxındag’ı sotsiallıq baylanıstın’ u’sh tu’rli tipine tiykarlanıw menen basshılıqqa alıng’an. Sonday ak, qaraqalpaq xalqının’ turmısının’ g’a’rezsizlik tusındag’ı dinamikasın konkret sotsiologiyalıq izertlewdin’ juwmaqların ulıwmalastırıw arqalı a’melge asırıladı.

Jumıstın’ teoriyalıq ha’m praktikalıq a’hmiyeti turmıstın’ turmıs obrazının’ quramlas bo’legi sıpatında o’zgeshelikleri ha’m onın’ adamlardın’ bolmıs usılının’ basqa sın’arları menen ulıwmalıg’ı ha’m ayrıqshalıqları tariyxıy protsesstin’ kontekstinde qaraladı.

Jumısımızdın’ tiykarg’ı juwmaqları joqarı ha’m orta arnawlı oqıw orınlarında ja’rdemshi material sıpatında qollanılıwı mu’mkin.

Jumıstın’ du’zilisi: Kirisiw, eki bap, juwmaqlaw ha’m paydalanılg’an a’debiyatlar diziminen turadı.

## I Bap.Turmıs izertlew predmeti sıpatında.

## § 1 Turmıstın' ma'nisi ha'm onın' turmıs obrazı menen baylanısı.

Ha'r bir ja'miyetlik qubılıstı izertlewdi tiykarg'ı tu'siniklerdi analizlewden baslaw logikalıq ta'repten biraz tuwrı kelse kerek. Bul boyınsha metodologiyalıq ma'selelerdi qaraw izertlew aldında turg'an aktuallıqqa iye uazıypalardı sheshiw imkaniyatın beredi.Usı sebepli izertlewimizge obekt etip alıng'an turmıs ha'm turmıslıq qatnaslarg'a baylanıslı ha'r qıylı ko'z-qaraslardı qaraw menen sheklenip qalmastan, bul qubılıslardı u'yreniwdin' ha'm onı jetildiriwdin',sotsiallıq problemaların qaraw za'ru'rligi de payda boladı. Onın' u'stine, turmıs turmıs obrazının' quramalı bo'legi sıpatında qaralar eken, bul jag'day ulıwmalıq penen jekkeliktin', pu'tinlik penen bo'lektin' o'z-ara qatnası tiykarında analizleniwdi talap etedi.

Turmıs obrazının' aktuallıq problemaların ha'm onın' ju'da' quramalı bir sostavlıq bo'leginin', turmıstın' ilimiy izertleniwi ha'r qıylı ilimiy bag'darlar arqalı a'melge asırılg'an.Turmıs misli turmıs obrazı sıyaqlı adamzat tariyxının', o'mir su'riwinin', jasawının' ha'mme halatına ha'm da'wirlerine ta'n bolar eken,ol mazmunı ha'm ma'nisi boyınsha ulıwma sotsialogiya xarakterge iye. Bul ma'niste ol sotsiyallıq filosofiyanın' obekti izertlew predmeti boladı. Bul ko'z-qarastan turmıs pu'tkil adamzat ja'miyeti tariyxı barısında onın' nızamlarının' ha'm ha'm rawajlanıw tendentsiyalarının' ashılıwı ja'rdeminde izertlenedi. Bul degen so'z, turmıstın' adamzat ja'miyetinin' qa'legen basqıshına ta'n qaralıwı onın' basqa sotsiallıq qubılıslar sistemasındag'ı ornı ha'm rolin qaraw menen baylanıslı. Bunday ko'z-qaras bul sotsiallıq qubılıstı tutas, pu'tin da'rejede, onın' pu'tkil quramalılıg'ı ha'm ko'p qırlılıg'ında ko'riwge imkaniyat beredi.

Usının' menen birge turmıs basqa da ilimlerdin'-ekonomikalıq teoriya, sotsiallıq psixologiya, etnografiya, etika, estetika, yurisprudentsiya, sotsiallıq meditsina, demografiya h.t.b. izertleniw predmeti. Bul sonı an'latadı, turmıstı ulıwma teoriyalıq aspektte u'yreniw onın' ha'r qıylı arnawlı ja'miyetlik ilimler tanıp biletug'ın spetsifikalıq negizine hesh ha'm qarsı kelmeydi. Usı sebepli

turmıstın’ anaw ya mınaw ta’replerin ha’m o’zgesheliklerin u’yreniwde, konkret turmıslıq qatnaslardın’ rawajlanıwın izertlewde turmıs sferasında o’tetug’ın ulıwma sotsiologiyalıq tendentsiyaların ha’m nızamlıqların esapqa alıw ju’da’ za’ru’r.

Konkret sotsiallıq ilimler turmıstın’ ha’r qıylı ta’replerin, adamlardın’ ku’ndelikli o’mir su’riwi ha’m jasawının’ jeke jag’daylardag’ı ko’rinisinin’ o’zgesheliklerin qaray otırıp, turmıslıq protsesslerdi ulıwmalastırıp analizlewde bay faktlıq material bere aladı. Filosofiya, sotsiallıq filosofiyanın’ arnawlı ja’miyetlik pa’nler menen o’z-ara ta’siri, baylanısı turmıslıq protsessler haqqında biraz anıq ha’m pu’tin bilimlerdi jaratıwda za’ru’rli sha’rt.

Turmıs problemaları oyshıllardı a’yemgi waqıtlardan baslap qızıqtırg’an.Olar a’yemgi grek ha’m a’yemgi rim filosoflarının’ miynetlerinde, orta a’sirlik filosofiyada qaraladı. Ma’selen, Platonnın’ «Ma’mleket, huqıq,siyasat», miynetlerinde Tomas Mordın’ «Utopiyasında», Jan Jak Russonın’ «Adamlar arasında ten’sizliktin’ kelip shıg’ıwı ha’m tiykarları haqqında pikirlew» h.t.b, adamlardın’ ku’ndelikli turmıslıq ma’selelerinde, olardın’ nravları, traditsiyaları analizlenedi. Bul problemalar adamzat rawajlanıwının’ onnan keyingi da’wirlerinde ha’m alımlardın’ dıqqat orayınan shette qalmadı. A’sirese, XIX a’sir sotsialist-utopistler Sen Simon, Fure ha’m Ouennin’ miynetlerinde, ja’miyettin’ rawajlanıw tendentsiyası, keleshektegi ja’miyet o’zgeshelikleri, strukturalıq elementleri, sonın’ ishinde turmıs obrazı ha’m turmıs qaraladı.

Durıs, olardın’ ko’z-qarasları utopiyalıqqa iye boldı. Aqırı, olar ja’miyetti aqılıy derktivaları ha’m a’dep ikramlılıq etalonlar ja’rdeminde qayta qurıw, izertlew imkaniyatın tiykarlag’an edi.

Bul ma’selede dialektikalıq–materialistlik ko’z-qaras tariyxtı materialistlik tu’siniw printsipinen shıg’a otırıp,adamzat ja’miyetinin’ tiykarında ha’m rawajlanıwında materiallıq iygiliklerdi o’ndiriwdi qoyadı. Durıs, bul ko’z-qarastın’ bir ta’repliligi sonda, ol o’ndiristi, qayta o’ndiriwdi, materiallıqtı en’ baslı belgilewshi faktler sıpatında qarap,insannın’ jasawı,o’mir su’riwiinin’ ruwxıy ta’replerine kem dıqqat bo’ldi, bo’lmedi de Sonı da aytıw kerek, adamnın’ ku’n

ko'risinin',jasawının' tiykarg'ı o'zegi ishiw,jew, kiyiniw, to'besinde jayının' bolıwı menen sheklenbesten, bulardı ju'zege keltiriw insannnın' aktivliligisiz, ruxıyatısız a'melge asırılmaydı. Onın' u'stine, tu'siniw kerek, o'zlerinin' jasaw, o'mir su'riw sharayatların qollap-quwatlawı ushın,adamlar o'zlerinin' ku'sh-g'ayratın mudamı qayta tiklew o'zinin o'mirin jasawın turmısın, basqasha aytqanda ol ha'r ku'ni o'zinin' ha'r qıylı materiallıq ha'm ruwxıy talapların qanaatlandırıp turıwı za'ru'r. Adamzat sferasının' o'mirinin' ku'ndelikli jasawının' usı ta'repi turmıs onın' sferasın an'latadı.Tap usı bag'darda turmıstı tu'siniw menen birge onı o'zgertiw, jetilistiriwge baylanıslı ko'z-qaraslar bunnan son'ları tınshıg'an emes. Waqtında burıng'ı awqam tusında turmıstı sotsialistlik du'ziliste qayta o'zgertiw dep atalg'an sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy o'zgerislerge sa'ykes qa'liplestiriwge ku'sh salındı. Bug'an klasslıq pozitsiyadan qatnas jasaldı. Basqasha aytqanda, turmıstı qayta du'ziw, bul ja'miyet ko'semlerinin' ko'rsetpelerinin', korsetiwinshe proletariat aldında turg'an uazıypalardın' ajıralmas bo'legimish. Bul ideyanın' burıng'ı Awqam praktikasında a'melge asırılıwı edi. Bul xalqımız basına qayg'ı ha'siretler alıp keliwden basqa hesh na'rseni boldırmadı. Sog'an qaramastan, bul ma'seleni izertlew hesh ha'm toqtamag'an edi. Burıng'ı Awqam sotsiologları, o'tken a'sirdin' 20-30 jılları bul ma'sele menen shug'ıllanıp baslag'an edi[1]. Degen menen, bunnan son'g'ı da'wirlerde de bul ma'selede ko'birek burıng'ı awqamnın' ha'kimshilik-buyrıqpazlıq basqarıw usılı, ideologiyalıq partiyalıq buyırıwın ustanovkaları, sistemalar arasındag'ı ideologiyalıq gu'reslerge juwap tiykarında buyrınpalıq xarakterge iye miynetler bolıp, jiyi-jiyi baspadan shıg'ıp turar edi. Durıs, olardın' ishinde az bolsada,biliwlik potnntsiyalı biraz salıyqalılardı bardı. Biraq olardın' da tiykarg'ı juwmaqlarının' klassikalıq pozitsiyag'a, partyalılıqqa ju'ginbesliligine ilajı joq edi. Sonın' ushın da ma'selen'kiden o'tken a'sirdin' 70-jılları basılıp shıqqan miynetlerde de turmıslıq problemalardın' zamanago'y qırların izertlewde o'tken da'wir juwmaqlarına ko'birek su'yeniwdi «aljasıp ketpewdi» maqul ko'riw bar. Ba'ribir adam bar eken,adamzat o'mir su'rer eken,olardın' miynet, o'ndiris

---

[1] Кабо Е.О. Опыт монографического исследования домашнего рабочего быта.М.1928. Бирюков О.Л. Борьба за новый быт.М-Л.1931.Струмилин С.Г.Рабочий быт в цифрах статистически-экономические этюды.М.1927.

sferasınan tısqarı jasaw, o’mir su’riw sferası boladı ha’m bul sfera adamlardın’ iship-jewi,kiyiniwge,turaq jayg’a h.t.b talapların qanaatlandırıwı menen baylanıslı bolar eken, ol ruwxıy iygiliklerdi bo’listiriw,qarım-qatnastı o’z ishine alıp, ken’ ma’niste adamlardın’ ku’ndelikli turmısın an’latadı. Eger qa’legen qubılısqa tariyxıy na’zerden qarasaq,turmıstın’ bir orında qatıp qalmag’an qubılıs ekenligine, onın’ ha’m o’zgerislerge ushıraytug’ınlıg’ın esapqa alatug’ın bolsaq, ol ha’r bir tariyxıy basqıshtag’ı xarakterli belgileri menen o’zgeshelenedi. Demek, turmıs tu’sinigi pu’tkil adamzat ja’miyetine ta’n. Bizin’ maqsetimiz,onın’ tiykarg’ı belgilerin ashıp ko’rsetiw. Sonın’ menen birge turmıstın’ quramalılıg’ı onın’ ja’miyetlik turmıstın’ jeke ta’repleri menen tıg’ız baylanıslılıg’ın qaraw talap etiledi.

Tilekke qarsı,usı bu’ginge deyin «turmıs» tu’sinigin anıqlawg’a baylanıslı turaqlı pikir joq. Ma’limlemelerde turmıs sıpatında adamlardın’ o’ndiris ha’m ja’miyet iskerliginen tısqarıdag’ı ku’ndelikli o’mirde a’melge asıratug’ın materiallıq ha’m ma’deniy sharayatları ataladı. Bul anıqlamada turmıstın’ negizgi sotsiallıq funktsiyası ,adamlardın’ materiallıq ha’m ruwxıy talapların qanaatlandırıw protsesi ashılmag’an turmıstı adamlardın’ o’miri keshetug’ın materiallıq, ma’deniy, morallıq jag’dayı dep qaraytug’ın pikirlerde bar. Pikirlerdin’ bunday etip anıqlanıwı onı passiv faktor qatarın qosadı. Al haqıyqatında da adamlardın’ turmıslıq o’miri ja’miyetlik bolmıstın’ aktiv protsessi bolıp esaplanadı. Onın’ u’stine, keltirilgen anıqlamada turmıs tikkeley u’y sharayatları menen sheklengen, o’ndirislik ha’m ja’miyetlik iskerlikke hesh qanday qatnasta ko’rsetilmegen. Al haqıyqatına kelsek, olar arasındag’ı baylanıs tıg’ız. Bul anıqlama avtorları turmıstı htalaplardın’ qanaatlandırıwının’ ko’rinisi menen de usılı menen de, yamasa ma’lim turmıs obrazları menen de baylanıstırmaydı. Basqa izertlewlerde «turmıs» tu’sinigin anıqlawda «turmıs obrazı» tu’sinigi menen ara-qatnası arqalı qaraw natuwrı, sebebi, ol anıqlama illyuziyasınan basqa hesh na’rseni bermeydi, al bul tu’sinikler ilimde qatan’ ha’m anıq statusqa iye emes.

Olar arqalı «turmıs» termini tiykarg'ı sotsiallıq-filosofiyalıq, sotsiologiyalıq kategoriyalar sistemasına ene almaydı dep tu'sindiriwler ha'm bolg'an [1].

Bul a'lbette, tiykarsız. Nege degende, bul sa'wlelendiretug'ın obekttin' ma'lim o'ndiris usılının' spetsifikası menen anıqlanatug'ınlıg'ı ha'm basqa da tu'sinikler menen shegaralasqanlıg'ı ma'lim ilimiy a'debiyatlarda biraz da'liyllengen ha'm tiykarlang'an. Usı sebepli de «turmıs obrazı» tu'siniginin' mazmunı, du'zilisinin' biraz ayqınlasıwında filosofiya, sotsiologiya, ekonomikalıq teoriya, sotsiallıq-gumanitarlıq ilimler u'lesi sezilerli da'rejede bolar eken, turmıs tu'sinigin turmıs obrazı menen o'z-ara qatnasta qarap, birinshisin ekinshinin' quramalı bo'legi sıpatında anıqlanıwı itibarg'a ju'da' ılayıq.

Sonday aq «turmıs» tu'sinigin tek g'ana turmıslıq tutınıw minez–qulqı, iskerlik penen sheklewge de bolmaydı. Bul birinshi gezekte turmıstın' ishki nızamlıqları arqalı rawajlanıwı ha'm usının' menen birge ol ja'miyetke, onın' rawajlanıwına aktiv ta'sir etiwi na'zerge alınadı. Usılar menen birlikte, turmıstın' ma'lim bir sırtqı faktorlar ta'siri na'tiyjesinde o'zgeriske ushırawı, tutınıwdın' qalay kemeyiwi menen birge tutınıwdın' formaları, usılları ha'm jag'dayları anıqlanadı. Sonlıqtan da, turmıs penen turmıslıq tutınıw arasına ten'lik belgisin qoyıw haqıyqatlıqqa tuwra kelmeydi. Bazı avtorlar ko'z-qarası boyınsha, turmıs sferası o'ndiristen tısqarıda ha'm adamlardın' o'ndirislik turmısının' ukladı emes, al o'ndiris ha'm ja'miyetlik iskerliginen tısqarıdag'ı iskerligi ha'm bul olardın' talapların qanaatlandırıwdın' usıl ha'm formaların an'latadı dep tu'sindiredi.

Durıs, ja'miyetlik rawajlanıwdın' ma'lim basqıshlarında o'ndiris penen turmıstın' bir-birinen ajıralıp qalıwı mu'mkin. Bug'an kapitalistlik qatnaslarda, miynet o'niminin' adamnan ajıralıwı, onın' u'stinen hu'kim su'riwi shegarasız ketken jag'daylar ha'm olardın' aqıbetleri mısal bola aladı. Burıng'ı Awqam tusında, ja'ma'a'tliktin' shegarasınan shıg'ıw imkaniyatına iye bolmag'an, individuallıqtan ko're, ko'pshilikke orientatsiyalang'an adam kerek bolg'an eken, o'ndiris penen turmıstın' birin biri toltırıwı, birine-birinin' ku'sh beriwi h.t.b bolmay qaldı.

---

[1] Янкова З.А. Формирование личности в быту-В кн:Социологические исследования методологические проблемы исследования быта М,1987 с.18

Usılar menen bir qatarda, sonı aytıwımız kerek,jekelik g'a'rezlilikke tiykarlang'an ja'miyetlik du'zimlerdin' qay-qaysısında ha'm o'ndiris penen turmıstın' shegarası ju'da' ashılmag'anlıqtan a'sirese, alg'ashqı obshinalıq du'zim tusında waqıtlıq o'lshemde ha'm ken'isliklik o'lshemde ha'm olar biri menen biri birotala, enisip birlesip ketken.

Bu'ginliginde, elimizdin' g'a'rezsizligi tusında o'ndiris penen turmıstın' bir-birinen sapalıq o'zgesheligi ashımaylırıq bolıwına qaramastan, olar arasındag'ı o'z-ara baylanıs, o'z-ara ta'sir ma'lim da'rejede bir-birine o'tiwi sezilerli da'rejede. Bul protseste, a'lbette, en' aldı menen adamnın' individuallılıg'ının' ku'sheyiwine jag'day jaratıp beriwshi elimizdin', g'a'rezsizlik da'wirindegi sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy rawajlanıwının', insan ma'plerin ha'm talaplarının' qanaatlandırarlıg'ı da'liyl bola aladı.

Sonı da na'zerde tutıwımız tiyis, turmısqa ilimiy-sho'lkemlestiriwshilik qatnastın' ku'sheyiwi, onı miynet iskerliginin' jag'dayında g'ana emes, al ma'lim da'rejede onın' ajıralmas bo'legine de aylandırıw uqıbına iye.

Turmıs miynet adamının' fizikalıq halatın,onın' ruwxıy psixologiyalıq ko'n'il-ku'yin tek g'ana u'y sharayatlarında g'ana emes,al o'ndiris sferasında ha'm belgileydi.Sol sebepli o'ndirislik turmıs onın' ko'n'il-ku'yine kewildegidey ta'sir etse g'ana miynet o'nimdarlıg'ı joqarı bola aladı.Sonın' ushın ko'pshilik ilimiy-publitsistikalıq miynetlerde turmısqa baylanıslı «zavodlıq turmıs», «fabrikalıq-zavodlıq turmıs» tu'sinikleri qollanıladı.

Solay etip, turmıstın' sotsiallıq-filosofiyalıq, ulıwma sotsiologiyalıq tu'sinik sıpatında o'ndiristen tısqarı sfera sıpatlanıwı jetkiliksiz. Ol ja'miyettin' materiallıq ha'm ruwxıy turmısının' ha'mme jag'dayları menen tıg'ız baylanıslı.

Oylawımızsha, turmıstı sotsiallıq o'mirdin' bir tarawı sıpatında onın' tiykarg'ı mazmunın, tutınıw predmetlerin qollanıw ha'm xızmet ko'rsetiw, tutınıw predmetlerin durıs bo'listiriw ha'm bul boyınsha belgilengen qatnaslardı qa'liplestiriw sıpatında qaraw shınlıqqa jaqın keledi. Biraq turmıs spetsifikası turmıs obrazına ko'birek jaqın. Bul ko'z-qarastan turmıs obrazı turmısqa rodlıq xarakterde ha'm onnan biraz ken'irek. Bul boyınsha aytıwımız kerek, turmıs

obrazın talaplardın' o'ndiriliwinin' ha'm qanatlandırılıwının' usılı[1] jasaw usılı, o'mir su'riwdin' formaları ha'm usılı[2] ja'miyetlik qatnaslardın' sho'lkemlesiw usılı[3] adamlardın' o'mirin o'zleri sho'lkemlestiriw usılı[4] sıyaqlı tu'sindiriwler bar. Bul ko'z-qaraslardın' ha'mmesi de ratsionallıqqa iye biliwlik kofentsialı mol.

Degen menen bunın' pikirimizshe, turmıs obrazın obektiv sharayatlar menen belgileniwi menen birge adamlardın' o'z bolmısın jaratıw aktivliginin' birliginde tu'siniw [1].

A'lbette turmıs tu'sinigine itibar beretug'ın bolsaq, og'an belgilengen ma'nilik ju'kleme ha'mme da'wirlerde birdey bolmag'anı anıq. Onın' sebebi ja'miyettin' sotsiallıq tipi menen baylanıslı ekenligin joqarıda eskertip o'tken edik. Jer ju'zindegi xalıqlar ara baylanıslardın' o'zgerip barıwı ha'm olar arasındag'ı qatnaslardın' ko'p tu'rliligi materiallıq ha'm ruwxıy sferag'a ta'sir etiwi so'zsiz. Bul boyınsha a'sirese ilim, pa'ndegi jetiskenliklerdin' praktikag'a eniwi XX a'sirdin' basında aq xalıqlar turmısında ko'p g'ana o'zgerislerdin' bolg'anı anıq. Tag'ı bir ayta ketetug'ın jag'day bul burıng'ı Awqamnın' ja'miyetlik qatnaslarının' qa'liplesiwinde turmıstag'ı jekelik penen ja'ma'a'tliliktin',individuallıq penen sotsiallıqtın' ara-qatnasının' buzılıwı ju'zege keldi. Turmıstı ja'miyetlestiriw tendentsiyası ku'sheyip «jan'a turmıs» tu'sinigi endi. «Jan'a turmıs» penen «Go'ne turmıs» tu'siniklerinin' qarama-qarsı qoyılıwı burıng'ı o'mir tiykarların revolyutsiyalıq buzıwdın' obektiv za'ru'rligi menen jan'a turmıslıq formalardı, «sovetlik turmıs obrazın» qa'liplestiriw za'ru'rligi menen baylanıstırıldı. Bul ha'm usı taqıletli ilajlardın' qay-qaysısı da klasslıq pozitsiyadan sheshiler eken, miyraslıq ma'selesi qag'az ha'm sapırma so'z da'rejesinde boldı da, insannın' real turmısı olardan ju'da edi. Aqıbeti xalıq basına qayg'ı-ha'siretler tu'sti.

G'a'rezsiz rawajlanıw negizindegi qatnaslardın' qa'liplesiwi menen turmıs tu'sinigi xalıqtın' turmıs obrazının' quramlas bo'legi sıpatında jan'a mazmun

---

[1] Вдравомаслов А.Г. Методология и процедура социологических исследования. М., 1989. С. 22.
[2] Қараңыз. Келле В.Ж., Ковалзок М.Я. Теория и история. М., 1991. С. 199.
[3] Қараңыз. Шодимеров Ю.Ж.Научно технический процесс ораз жизни и здоровые. Т., 1987. С. 41.
[4] Қараңыз. Совруцкая. Образ жизни и историческое формы общения. К., 1989. С. 6-17.
[1] Қараңыз. Алимбетов Ю. Некоторые теория методологические вопросы исследования образ жизни народа. Вестник Каракалпакского отделения АН Руз. №3. 2009., Кудайбергенова П.Т. Миллий турмуш тарзи унинг мустақиллик йилларида тараққиёт хусусиятлари. Автореф. Т. 2005. –Б. 1.

menen baylanıstırıldı. Solay etip ol shın ma'nisinde ja'miyet ag'zalarının' tariyxıy o'zgerisindegi materiallıq ha'm ruwxıy talapların qanaatlandırıw quralları, usılları, forma ha'm sharayatlar jıyındısı sıpatında ma'lim o'ndiris usılı ha'm ma'deniyattın' da'rejesi menen belgilendi.

Turmıstın' en' a'hmiyetli sotsiallıq funktsiyası ha'r-qıylı talaplardı qanaatlandırıw ha'm bul onın' ku'sh-g'ayratın tiklewde za'ru'rli. Tutınıw protsesi belgili da'rejede sotsiallıq sharayatlarda a'melge asırılıp, olar obektiv reallıqtın' ju'zege shıg'ıwın qa'liplestirip,materiallıq ha'm ruwxıy qatnaslardı quraydı.

«Sharayıt» tu'sinigi turmısqa baylanıslı adamnın' talaplarının' qanaatlandırılıwı,materiallıq ha'm ruwxıy quralların' sa'wleleniwin tutaslay alg'anda anaw ya mınaw xalıqtın' individuallıq ha'm ja'miyetlik o'miri o'tetug'ın sotsiallıq ortalıg'ı. Durıs, turmıslıq sharayıtlar tariyxıy o'zgeriske,milliy ha'm geografiyalıq o'zgesheliklerge iye. Bular xalıqlardın' ekonomikalıq, siyasiy ha'm basqa da qatnaslarının' sotsiallıq ta'biyatı menen belgilenedi.

Turmıslıq talaplardın' qanaatlandırılıwı tek g'ana materiallıq ha'm ruwxıy sharayatlardan g'a'rezli bolıp qalmastan,al adamlardın' ha'r qıylı turmıslıq za'ru'rliklerin aqılg'a muwapıq paydalanıw, turmıslıq tutınıwdın' usılı menen a'melge asırılatug'ınlıg'ı menen de baylanıslı. Tutınıw usılı adamnın' maqsetke muwapıq bag'darlang'an iskerliginin' na'tiyjesi. Nege degende, o'ndiris, zatlardın' paydalılıg'ın g'ana belgilep qoymastan, sonın' menen birge olardın' tutınıw usılın ha'm belgileydi. Bul jeke adamnın' ,sonın' menen birge pu'tkil ja'miyet rawajlanıwı ushında u'lken a'hmiyetke iye. Sebebi adam, talapların qanaatlandırıw ushın jer ornı menen predmetler zatlar du'nyasına ju'klengen. İndividual ha'm ja'miyetlik turmısta olar ma'nisin bilip, ju'rgiziw tiyis. Sonlıqtan tutınıw usılın iyelew, turmısta qolaylıqlarg'a jaratıw haqqındag'ı ko'z-qarastı qa'liplestiriw jeke adam ta'rbiyasınan hesh ha'm ajıralmaydı.

«Sharayıt» ha'm «tutınıw usılı» tu'sinikleri «turmıs» tu'sinigine,pu'tkil sotsiallıq-filosofiyalıq,ulıwma-sotsiologiyalıq minezlemesin shekley almaydı. Turmıstın' mazmunı qa'legen ja'miyetlik qubılıs sıyaqlı ma'lim formalardag'ı ko'riniske iye. Materiallıq ha'm ruwxıy rawajlanıwdın' joqarı da'rejesine jetiwde,

ko'pshilik xalıqlarda u'sh formadag'ı ko'riniske iye. Olar: u'y turmısı, ja'miyetlik ha'm o'ndirislik turmıs.

Turmıstın' u'ylik forması turaq jay sharayıtları, awqatlanıw, mebel menen, kiyim-kenshek, jeke tutınıw predmetleri menen tiyinleniw menen minezlenedi. U'y turmısı turmıstın', sonday forması, ol adamlardın' materiallıq ha'm ruwxıy talapların qanaatladandıradı. Adamlar u'yinde miynet iskerliginen tısqarı jag'daylarda dem aladı, kewil ko'teredi, bul jerde adamlar arasında anaw ya mınaw turmıslıq qatnaslar ornaydı.

Degen menen, ja'miyettin' sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy rawajlanıwının' bu'gingidey jag'dayında turmıstın' ja'miyetlik formasının' jaratılıwı ha'm qa'liplesiw tendentsiyası biraz sezilerli. Ma'mleketlik menshik formasınan jeke menshik formasına o'tiwi de u'lken a'hmiyetke iye. Adamlardın' talaplarının' qanaatlandırılıwı o'z na'wbetinde ja'miyetlik da'stu'rlerdi, u'rp-a'detler menen obryadlardı ha'm jan'asha nravlardı qa'liplestiredi.

Adamnın' ku'ndelikli o'miri ha'm iskerligi u'y ha'm ja'miyetlik turmıs penen sheklenbeydi. Adam o'zinin' talapların tikkeley miynet protsessinde ha'm qanaatlandıradı. Bunda o'ndirislik turmıs ayrıqsha spetsifikalıq xarakterge iye. Ol tikkeley o'ndiristegi miynet protsessinde jumsalatug'ın fizikalıq ha'm ruwxıy ku'shlerdi tolıqtırıw usılları, formaları ha'm sharayıtlardın' jıyındısın an'latadı. Sonday aq miynet etiwshilerdin' o'ndiristegi miynet ha'm dem alıs orınlarının' qolaylı ta'rizdegi ta'miyinlengenligi,adamlardın' jumıs orınlarının' abadanlıg'ı, sonday aq qolı bos waqıtların durıs o'tkeriwi mekeme ha'm ka'rxana ku'shi menen sho'lkemlestiriliwi de usılar qatarına kiredi. Sonlıqtan da o'ndiriste mo'lsherlengen jumıstın' waqtında orınlanıwı o'ndiris protsesinin' tek g'ana jaqsı sho'lkemlesiwi menen sheklenbeydi. A'sirese bu'ginde bazar ekonomikasına tiykarlang'an rawajlanıw barısında biyg'a'rez elimizdin' miynet adamlarının' o'ndirislik turmısın abadanlastırıwg'a bag'darlang'an ilajlar kompleksi a'melge asırılıp atırg'anlıg'ı u'lken a'hmiyetke iye. Onın' u'stine Prezidentimiz ta'repinen u'stimizdegi jıldın' abat turmıs jılı dep atalıwı ha'm bug'an baylanıslı. Ku'ndelikli turmısımızdın' ha'mme sferalarında abadanlastırıw, a'sirese awıl turmısın

ko'rkeytiw bug'an mısal retinde keltiriledi. Abat turmıs jılı xalıq pa'rawanlıg'ının' real formaların asırıw insan salamatlıg'ın bekkemlewde onın' ornı ha'm roli ullı[1].

Materiallıq talaplardın' qanaatlandırılıwının' formaları, sharayıtları ha'm usılları adamlardın' ma'lim turmıs obrazında ko'riniske iye. Turmıs obrazı sotsiallıq-filosofiyalıq aspekte konkret sotsial tariyxıy qatnaslar ushın tiplilikke iye sotsiallıq bolmıstın' turaqlı formaları bolıp esaplanadı ha'm onın' qa'liplesiwi bul qatnaslardı sa'wlelendiretug'ın bas jetekshi normalar ha'm qatnaslarg'a sa'ykesligi menen baylanıslı[2].

Pikirimizshe bul ko'z-qaras biraz konkretleskeni, adamlardın' ku'ndelikli turmısının' formaları menen baylanıstırılıwı jo'n bolsa kerek. Sol sebepli, bizin'she, turmıs obrazın konkret tariyxıy qatnaslar ushın turaqlı ha'm tiplilikke iye adamlardın' individuallıq ha'm toparlıq o'mir su'riwinin' formaları ha'm olar adamlardın' miynet ha'm ja'miyetlik iskerligi turmıs qolı saw waqıtları sferalarındag'ı qa'rım-qatnası, minez-qulqı ha'm oylaw du'zilisin an'latadı.

Turmıs obrazı turmıstı determinatsiyalaydı. Bul tu'sinikler pu'tin ha'm bo'lek bolg'an o'z-ara qatnasqa iye. «Turmıs obrazı» ha'm «turmıs» tu'sinikleri, olarda ulıwmalıq, ayrıqshalıq ha'm jekeliktin' dialektikasının' sa'wleleniwi sıpatında ko'riniske iye. Jekkeliktin' ulıwmalıqqa alıp keletug'ınlıg'ın, ulıwmalıqtın' jekelik penen baylanıssız bolmaytug'ınlıg'ın, onın' jekelik arqalı o'mir su'retug'ınlıg'ın na'zerde tutar ekenbiz, qa'legen ulıwmalıqtın' jekeliktin' bir ta'repi,yakiy tiykarın tutatug'ınlıg'ın ha'm qa'legen jekeliktin' ulıwmalıqqa tolıg'ı menen kire almaytug'ınlıg'ın bilemiz.

Turmıs obrazındag'ı ulıwmalıq ma'lim o'ndiris usılı belgilegen, ol adamlardın' o'mir su'riwi, jasawındag'ı tipliliktin' ja'rdeminde ko'riniske iye. Ayrıqshalıq bolatug'ın bolsa milliylik, u'rp-a'det, da'stu'rler, obryadlar menen nravlardın' o'zgeshelikleri menen belgilenedi. Ulıwmalıq ha'm ayrıqshalıq ja'miyettegi jeke adamnın' jag'dayındag'ı tiplilikti ha'm obektivlikti belgiley otırıp individtin' o'mir su'riwinin' jasawının', ko'p tu'rliligin shekley almaydı. Usı

[1] Инсон манфаати ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш ҳаётимизни янада эркин ва обод булишга эришишиш мақсадимиз. Ислом Каримовнинг Узбекистон Республикаси Конституциясининг 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузасини урганиш буйича. Уқув қулланма Т.2013 105 б.
[2] Возмитель А.А,Осадчая Г.И. Образ жизни: теоретико-методологические основы анализа

sebepli de individuallasıw ha'm unikallasıw sotsiallıq tiplesken qatnaslardın' sa'wleleniwi sıpatında turmıs obrazında jekelik arqalı ko'riniske iye.

Turmıstag'ı ulıwmalıq adamnın' o'mir su'riwinin',jasawının' ayırmashılıqları menen ma'lim ja'miyettin' sotsiallıq-ekonomikalıq ta'biyatınan biyg'a'rez onın' awqatqa, u'y-jayda, kiyim-kenshekke ha'm ruwhıy talaplarındag'ı elementtar materiallıq za'ru'wliklerin qanaatlandırıw menen baylanıslı. Turmıstag'ı ayırmashılıq ma'lim sotsiallıq-ekonomikalıq sistemalardın' turmıslıq sapalıq o'zgerisi menen ha'tteki bul du'zimnin' basqıshlarının' o'zgeshelikleri menen baylanıslı. Bul ma'niste izertlewdi «ulıwma turmıstı» qaraw menen sheklew jetkiliksiz. Ma'lim xalıqtın' turmısın, onın' tariyxıy, milliy h.t.b. o'zgesheliklerin na'zerde tutıw kerek.

Qullası, turmıs mudamı konkretlikke iye. Ja'miyetlik rawajlanıwdın' ha'r bir basqıshı, ha'r bir tariyxıy da'wir, ha'r bir xalıq ha'm millet o'zinin' turmıs obrazına, o'zinin' turmısına iye. Olar ja'miyettin' rawajlanıwının' ha'r qıylı basqıshlarında spetsifikalıq mazmun menen tolısadı ha'm bul mazmung'a sa'ykes formanı qabıllaydı. Sol sebepli sotsial-gumanitar ilimlerde «qaraqalpaq turmısı», «patriarxallıq turmıs», «qazaq turmısı», «baydın' turmısı», «diyxan turmısı» sıyaqlı tu'sinikler jiyi-jiyi qollanıladı.

Turmıs uzaq tariyxıy rawajlanıwdın' produktı sıpatında ja'miyettin' rawajlanıwının' ma'lim basqıshının' o'ndiriwshi ku'shlerinin' ha'm o'ndiris qatnasıqlarının' ma'lim halatına g'a'rezli boladı. Aqırı, materiallıq o'ndiristin' ja'miyettin' rawajlanıwının' ha'mme salaların ha'm belgilewshilik rolin biykarlaw qıyın. Ma'lim ja'miyettin' o'ndirisi ha'm o'ndiris usılı qanday bolsa, ja'miyet ha'm onın' ko'z-qaraslarıda, ideologiyalıq formaları menen siyasiy ma'seleleri adamlardın' turmıs sharayatları da sonday. Ondag'ı o'zgerisi za'ru'rli tu'rde turmıstın' xarakterinin' mudamı o'siwdegi materiallıq ha'm ma'deniy talaplardın' normalarının' qanaatlandırılıwının', o'zgerisine alıp keledi.

O'ndiris turmısqa tikkeley ha'm qıya ta'sir etedi.Tikkeley ta'siri ekonomikalıq faktorlar,a'sirese ekonomikanın' o'zegi bolıp tabılatug'ın menshiklik qatnaslar ha'm onın' ja'miyetlik miynetlerdin' produktlarının'

bo'listiriliwi arqalı a'melge asadı. Al qıya jag'day ja'miyettin' sotsiallıq ta'biyatı menen baylanıslı.

Turmıstın' qa'liplesiwi ko'p jag'dayda, tiykarınan o'ndiris qatnasları menen baylanısları arqalı belgilenedi ha'm ol ja'miyettin' sotsiallıq halatınan g'a'rezli. Usı sebepli, eger ja'miyette miynet protsessinin' a'melge asırılıwı ta'rtipli tu'rde belgilense onda turmıs jaqsı bolg'anı, al onnan jatlasıwına tiykarlansa, onda ma'lim turmıs turmıs obrazının' komponenti sıpatında qarsılıqlarg'a, konfliktlerge iye bolg'anı.

Belgili, ja'miyettin' o'ndiriwshi ku'shlerinin' rawajlanıw da'rejesi onın' baylıg'ın belgileydi. O'ndiristin' qanday qurallarına iyelik etse, olardın' talaplarının' qanaatlandırılıwı da sonday da'rejede. Ha'tteki, antogonistlik qarsılıqqa iye bolg'an ja'miyette de o'ndiristin' rawajlanıwı turmıstın' ma'lim da'rejesinde bolsa da jaqsılanıwın boldırmawı mu'mkin emes. Bul boyınsha, a'sirese, kapitalistlik ja'miyettin' tariyx saxnasına shıg'ıwı ha'm rawajlanıwı pu'tkil xalıqtın' talapların ma'lim da'rejede joqarılatpawı mu'mkin emes. Ha'tteki, XIX a'sir aqırı XX a'sir basında patshalıq Rossiyanın' kapitalizminin' Orta Aziya, sonın' ishinde Qaraqalpaqstan turmısına ta'siri, aqsha-tovar qatnasın a'melge asırıw menen baylanıslı boldı.U'lkede diyxanshılıq penen sharwashılıqtın' rawajlanıwı sanaat ka'rxanalarının' payda bolıwına alıp keldi. Ma'selen, A'miwda'rya bo'liminde 1914-jılı tek paxta tazalaw zavodlarının' sanı 24 ke jetti. Bulardan basqa Qaraqalpaqstanda ko'plegen may shıg'arıwshı ka'rxanalar, qarazlar, kiyiz basıwshılar ha'm arba satıwshılar boldı ha'm XX a'sir basında o'nermentshiler menen jumısshılar sanı 2100 ge jetti[1] .

Solay etip, o'ndiriwshi ku'shlerdin' rawajlanıwı materiallıq ha'm ma'deniy talaplardın' qanaatlanıwının' jag'dayına, usıl ha'm formalarının' o'zgerisine ha'm usı negizde adamlardın' da'stu'riy ku'ndelikli ukladı ha'm turmıs obrazının' o'zgerisine alıp keledi. Eger adam talaplarının' u'zliksiz o'siwi ja'miyettin' rawajlanıwının' obektiv nızamları bolar eken, al xalıqtın' u'zliksiz o'siwi,

[1]Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XX әсирге шекем Н.2003 77 б.

adamlardın' ma'deniy da'rejesinin' mudamı ko'teriliwi jan'a-jan'a talaplardın' payda bolıwına imkaniyat jaratar eken, turmısta ja'miyetlik qubılıs sıpatında, a'lbette sapa o'zgerisi ju'z berip, kem-kem joqarı da'rejege ilgerilew ju'z beredi.

Turmıs, sonday aq, bir g'ana ja'miyetlik du'zimnin' jag'dayında turaqlı da bola bermeydi.Onın' rawajlanıwı ja'miyetlik du'zimnin' ma'lim basqıshındag'ı basqa da o'zgerisler menen birlikte o'zgeredi.

Bug'an adamzat tariyxınan bir emes, birneshe mısallar keltiriw mu'mkin. A'sirese mashinalıq industriya sanaatının' ta'siri xalıq migratsiyasın ku'sheytip, a'sirese jumısshı da'rejesinin' joqarılawın belgilewin de atap o'tiwimiz mu'mkin.

Turmıstın' o'ndiristen g'a'rezliligi onın' o'zinshe rawajlanıwının' nızam ha'm tendentsiyaları birligin biykarlamaydı. O'ndiris penen salıstırg'anda turmıstın' rawajlanıwı biraz aqırın keshedi. Bul jag'day onın' biraz turaqlılıg'ı, birkelkiligi, jabıqlıg'ı menen baylanıslı bolsa kerek. Usı sebepli de turmıs ja'miyetlik turmısta o'zgeshelikke iye bolıwı menen birge o'ndiriske keri ta'sir etiw imkaniyatına iye. Eger o'ndirissiz talaplardın' qanaatlandırılıwı mu'mkin bolmas eken, onda tutınıwsız, onın' forma ha'm usıllarısız, o'ndiristin' o'zi bolmag'an bolar edi. Talaplardı qanaatlandırıw protsesinde jan'a talap payda boladı. Basqasha aytqanda o'ndiristin' rawajlanıwı ushın ideallıq, ishki oyatıwshı motiv, onın' obektiv sha'rti payda boladı.

Turmıstın' ja'miyet o'mirindegi roli sonday, ol tiykarınan ekonomikalıq, siyasiy ha'm ma'deniy rawajlanıwdı qollap-quwatlaw menen birge bul rawajlanıwdı irkiwi de ta'a'jip emes. Ma'selen, turmıs o'ndiristin' rawajlanıwın tezletiw yamasa pa'sen'letiw imkaniyatına iye. Biraq bul ta'sir tikkeley yamasa qıya bolıwı menen birge ratsionalizatorlıq, oylap tabıwshılıq, ja'miyetlik psixologiya, ideologiya arqalı a'melge asadı. Abadanlasqan ha'm ilimiy sho'lkemlesken turmıs miynet o'nimdarlıg'ın bildiredi, o'ndiriwshi ku'shlerdin' rawajlanıwına ta'sir etip, tutınıw predmetlerinin' o'ndiriwdi ku'sheytedi ha'm xojalıqtın' tez pa't penen rawajlanıwına alıp keledi. Turmıstın' to'menlewi miynet o'nimdarlıg'ının' pa'seyiwine alıp keledi, al bunın' aqıbeti o'ndiristin' rawajlanıw da'rejesin to'menletedi.

O’ndiristin’ rawajlanıw da’rejesine turmıstın’ ruwxıy ta’repinin’ ta’siri de ju’da’ sezilerli. Ol ha’tteki materiallıq da’rejege qarag’anda biraz otnositelli shekli xarakterge iye. Bul boyınsha xalıqtın’ bilim ha’m ma’deniy da’rejesinin’ ornı ha’m roli ayrıqsha. Ga’p sonda, alınıp atırg’an bilim, ma’deniyattı joqarılatadı demek insan o’mirinin’ ha’mme sferası shın ma’nisinde insanıylastırıwg’a bag’darlanıwı tiyis. Demek turmıstı u’zliksiz jedellestiriw, onı mudamı salamatlastırıwg’a itibarda bolıw kerek. Sebebi, ja’miyettin’ siyasiy-ekonomikalıq qatnasıqları o’zgeriwshen’likke iye bolsa da turmıstın’ o’zgerisi biraz a’ste-aqırınlıq penen keshedi. Burıng’ı Awqam tusında basında aytqanımızday, bul boyınsha direktivalıq ha’kimshilik-buyrıqpazlıq qatnasıqları ha’dden tıs xalıqtın’ jasaw jag’dayına, turmıs obrazına keri ta’sir etkenligi belgili.

Turmısqa geografiyalıq ortalıqtın’ ta’siri de ku’shli. Ja’miyettin’ materiallıq turmısının’ tiykarg’ı sharayatlarının’ biri sıpatında geografiyalıq orta ma’lim xalıqtın’ ba’ntliliginin’ tu’rin belgilemewi mu’mkin emes. Xalıqtın’ turmısına, u’rp-a’detlerine, nravlarına, obryadlarına, pu’tkil turmıs obrazına spetsifikalıq tan’bag’a iye. Sonın’ ushın da bir klimatlıq zonanın’ adamlarının’ turmısı ekinshisinen ta’wir aq sezilerli da’rejede ajıralıp turadı. Ma’lim eldin’, xalıqtın’ klimatlıq ha’m ta’biy o’zgesheliklerge ılayıq azıq-awqat, kiyim-kenshek, u’y-jay, jılıtıw u’skeneleri sıyaqlı ta’biy talapları ha’m ajıralıp turadı. Durıs, bul o’zgeshelikler tiykarınan turmıstın’ mazmunında emes, al onın’ strukturasında ko’birek ko’zge taslanadı. Turmıstın’ mazmunı sotsiallıq sharayıtlar menen belgilenedi. Desek te, ja’miyettin’ turmısında geografiyalıq sharayatlardın’ a’hmiyeti sezilerli da’rejede a’hmiyetke iye. Klimatlıq sharayıtlardın’ belgili da’rejede adamlardın’ turmısına, pu’tkil turmıs obrazına ta’siri anıq.

Geografiyalıq ortalıq adamlardın’ turmısına ta’siri barlıq da’wir ushın xarakterli. Bug’an bir neshe etnografiyalıq,arxeologiyalıq izertlewlerdin’ juwmag’ı gu’wa.

Haqıyqatında da turmıs ta’biyattan tısqarı da o’mir su’re almaydı. Ha’mme da’wirde ha’m ta’biyattın’ zatların paydalanbastan turmıs turmıs bola almaydı. Degen menen geografiyalıq ortanın’ adamlardın’ turmıs obrazının’,olardın’

turmısının’ za’ru’rli sha’rti ekenligin na’zerge tutıw menen birge, og’an bul boyınsha birinshilik palmasın inam etiw haqıyqatlıqqa onshelli tuwra kelmeydi.Sotsiallıq-filosofiyalıq oydın’ rawajlanıw logikasında ornı biraz sezilerli geografiyalıq determinizm bag’darı ma’selen,onın’ bas wa’kili Sh.A.Monteske «Nızamlardın’ ruwxı haqqında» miynetinde xalıqlardın’ da’wirleri, nravları, u’rp-a’detleri, qullası turmıs penen ne baylanıslı bolsa,ha’mmesinin’ de klimattan tolıq g’a’rezliligin maqulladı. Ha’tteki adamlardag’ı jalqawlıq,passivlik ha’m Monteskenin’ pikirinshe klimattan. Ol jazadı: «Diyxanshılıq –adamlar ushın ju’da’ za’ru’rli miynet. Klimat adamlardı bul miynetten o’zlerin shette turıwg’a ma’jbu’r etken sayın din ha’m nızamlar og’an qaray adamlardı qollap-quwatlawı tiyis. Sonın’ ushın da jerdi hu’kimdarlarg’a berip,jeke adamlardı menshiklik ruwxtan ayratug’ın İndiya nızamları klimattın’ qolaysız ta’sirin yag’nıy ol boldırg’an jalqawlıqtı ku’sheyte beredi»[1].

Belgili, geografiyalıq determinizmnin’ tariyxıy alg’ı sha’rtleri geografiyalıq ashılıwlar menen baylanıslı. Aqırı olar Evropada gu’llep alg’a ilgerilegen ekonomikalıq ha’m sotsiallıq-siyasiy rawajlanıwg’a jol ashıp berdi.

Solay etip, ol o’zinin’ qa’liplesiwinde progressiv aldın ala belgili, ta’biyattan tısqarı ku’shtin’ rolin maqullag’an. Kontseptsiyag’a ha’m filosofiyalıq idealizmge alternativa sıpatında ja’miyetlik rawajlanıwdın’ tiykarın materiallıq faktor menen tiykarlawg’a umtıldı. Biraq ja’miyettin’ rawajlanıwına tiykar bir g’ana geografiyalıq faktor emesligi ha’m bul basqa da ko’z-qaraslar ta’repinen tastıyıqlana bergenlikten ol o’zinin’ pozitsiyasın basqa bag’darlarg’a,aytayıq ilimde idealizmge ,al siyasatta jiyi-jiyi geosiyasat sıyaqlı reaktsiyalıq ku’shlerge berip qoydı.A’sirese o’tken a’sirdin’ 30-jılları Germaniyada payda bolg’an geosiyasat milletshil ma’mleketlik du’zim basshılarının’ geografiyalıq sharayıtlardın’ sheklengenligi sebepli agressiyalıq siyasattı qollap-quwatlawg’a tiykar boldı.

A’lbette,artıg’ıraq bolsa da qaytalaymız,geografiyalıq ortanın’ o’ndiriske ja’miyetlik miynetke,miynet o’nimdarlıg’ına, o’ndiris qatnasıqlarının’

[1] Монтескье.Ш-Л Избранные произведения М,1955 с.354

rawajlanıwına,ha'tteki adamnın' uqıplarının' rawajlanıwına, ja'miyettin' sotsiallıq-psixologiyalıq kelbetine,onın' mentalitetine ta'sirin maqullar ekenbiz, onın' adamlardın' materiallıq ha'm ruwxıy talaplarının' qanaatlanıwının' forma usılların, pu'tkil turmısın turmıs obrazın belgilemewi mu'mkin emes. Biraq adamlardın' talaplarına, ma'plerine ta'biy sharayıtlarda hesh ha'm reaktsiya bolmaydı, olar nemquraydı. Ja'miyette adamlar o'zlerinin' talap, ma'plerine, maqsetlerine ılayıq qayta o'zgertedi, jetildiredi. Axırı, adamnın' talapların qanaatlandırıwdın' formaları ha'm usılları og'an tayar tu'rinde berilmeydi. Olar pu'tkil adamzat ja'miyetinin' rawajlanıwının' na'tiyjesi boladı.Adam ta'biyiy sharayıtlardı qayta o'zgertip ha'm o'zinin' talaplarına maslastırıp, sa'ykeslestirip, o'ndiris protsessinde o'zinin' materiallıq turmısının' tariyxıy sharayıtlarına aylandıradı. Sol sebepli de ja'miyettin' sonın' ishine o'ndiristin' rawajlanıwı ku'sheygen sayın geografiyalıq ortadan turmıstın' tikkeley g'a'rezliligi keyin serpile beredi.

Bir g'ana klimatlıq jag'daylarda ja'miyetlik rawajlanıwdın' ha'rqıylı basqıshlarında turmıs keshirip atırg'an eller,xalıqlar bolıwı tan'qalarlıq emes.Olar turmısında ulıwmalıqlar menen birge ko'p g'ana o'zgesheliklerdin' barlıg'ı reallıq.

Qullası, geografiyalıq ortanın' xalıqtın' turmısın, turmıs obrazına ta'sirinin' sezilerlik da'rejede ekenligin maqullaw menen birge, bul ta'sirdin' ja'miyettin' sotsiallıq du'zilisinen sotsiallıq ta'biyatınan ma'lim da'rejede g'a'rezliligin na'zerde tutıwımız tiyis.

Geografiyalıq ha'm tariyxıy sharayıtlardın' tiykarında ha'r qıylı xalıqlar,milletlerdin' turmısı, turmıs obrazı ha'rqıylı qa'liplesedi,ha'rqıylı milliy formada keshedi. Turmıstın' milliy belgileri-bul uzaq sotsiallıq-tariyxıy rawajlanıwdın',ma'lim xalıqtın' materiallıq o'ndirisinin', ta'biy sharayıtlarının' onın' turmıs obrazı,materiallıq ha'm ruwxıy talaplar,belgili u'rp-a'detler, da'stu'rler, nravlar, oyın, arxitektura, u'y-jay, kiyiniw o'zgeshelikleri, awqatlanıw ha'm pu'tkil turmıstı sho'lkemlestiriwinin' o'z-ara ta'sirinin' jemisi. Ol a'sirler boyı ma'lim xalıqtın' tariyxıy rawajlanıwının', onın' ekonomikalıq, sotsiallıq turmısı ha'm ma'deniyatının' ayrıqsha sharayıtları na'tiyjesinde qa'liplesedi.

Turmıstın' milliyligi so'zsiz bolatug'ın,nızamlı qubılıs.Biraq bul milliylik o'zi menen o'zi bo'lek emes,al milletler aralıq ha'm ulıwma insanıylıq penen organikalıq birlikte g'ana o'mir su'redi.Bul degen so'z milliylik tu'sinigi ha'r qashan milliy spetsifikalıqtan basqa milletler aralıq ha'm ulıwma insanıylıqtı o'zine ja'mlegen boladı.Solay eken,turmıstın' qa'liplesiwinde ha'm rawajlanıwında a'hmiyetli rol xojalıq ha'm ma'deniy baylanıslarda, xalıqlar, milletler, eller arasındag'ı ma'deniy-turmıslıq ta'jiriybe almasıwda bekkemlenedi. Bul ha'r bir xalıqtın' turmısında milliy o'zgesheliklerden basqa milletler ha'm xalıqlardın' turmısına ta'n belgilerdi ha'm boldıradı.

Ha'r bir xalıqtın' turmısının' qa'liplesiwinde ha'm rawajlanıwında ma'lim da'wirdin' ha'mme xalıqlarına ta'n nızamlıqlar ko'riniske iye.

Turmıs abstrakt tu'rde,adamnan tısqarıda o'mir su'rmeydi. Sonlıqtan onı jasawdın' kerek-jarag'ı menen sheklengen u'y-u'skeneleri menen g'ana tu'sindiriw ha'm adamlardın' ku'ndelikli sotsiallıq turmısınan ajıratıp qaraw natuwrı bolg'an bolar edi. Adamnın' ma'deniyatı,onın' ma'pleri,morallıq normaları, estetikalıq talg'amları turmıstın' a'hmiyetli minezlemesin quray aladı.

Solay etip, ma'deniy turmıslıq talaplar, ma'deniy turmıslıq tilekler, tuwralı ha'm aytıw mu'mkin. Sonday aq turmıstı ja'miyetlik qubılıs sıpatında qarar ekenbiz,bul tu'siniklerdi ajıratıp qaraw da orınlı bolsa kerek.

Turmıstag'ı progress materiallıq ha'm ruwxıy ma'deniyattag'ı progress penen tıg'ız baylanıslı.Aytayıq,ilim ruwxıy ma'deniyattın' elementlerinin' biri. Onın' jetiskenlikleri erte me, kesh pe texnikanın' progressii, demek materiallıq ma'deniyat arqalı adamlardın' turmısın o'zgertiwdi a'melge asıra aladı. Ma'selen, parovoy dvigateldin', ishki janıw dvigatelinin', elektr toginin' ashılıwı turmıstı tu'pkilikli o'zgertti. Mısalı, avtomobil islep shıg'arıwdın' a'melge asıwı xalıqtın' ko'pshilik bo'legine xızmet etiw sharayıtında u'lken a'hmiyetke iye. Birlesken ju'k tasıw menen baylanıslı sanaatag'ı jumısshılar ja'miyeti diyqanshılıqtag'ı ko'p sanlı jumısshı haywandı avtomobil menen almastırar eken, mal otı ushın ba'k million-million gektar jerdegi xalıqtın' iship-jewin jaqsılaw ushın da'nge, go'shke, su'tke ha'm t.b. paydalana aladı. Adamdı turmıslıq qolaysızlıqlardan qutqara otırıp,

texnikalıq progress turmıstın’ ja’miyetlik formasın o’zine qaytpaytug’ın da’rejede rawajlanıw ushın sharayat jaratadı. İmkaniyattı barınsha texnikalıq qural-a’sbaplar menen ta’miyinlewdi boldıradı, bos waqıtta ko’beytedi, u’y jumısın jen’illestirip miynet adamının’ ku’n-ko’ris gu’zarın ken’eytedi.

Sonın’ menen birge turmıs adamnın’ ku’ndelikli turmısının’ ma’deniyatına da ta’sir etedi, onın’ rawajlanıwına imkanyat jaratadı yakiy onı irkedi. Turmıstı za’ru’rli tu’rde qolaylıqlar menen abadanlastırıwdı ta’miyinlemey turıp, ma’deniyattı rawajlandırıw qıyın. Turmıs ha’m ma’deniyattın’ baylanıstırıwshı buwınları sıpatında ja’miyettin’ sotsiallıq du’zilisi,ideologiya,sotsiallıq psixologiya boladı. Ja’miyet qanshelli jaqsı sho’lkemlesken sayın ma’deniyat penen turmıstın’ baylanısı tıg’ız bola beredi. Bunda o’lshem sıpatında ma’deniyattın’ jetiskenliklerinin’ adamlardın’ turmısına eniwi boladı.

Biyg’a’rez elimizde ma’deniyattın’ jetiskenliklerin turmısta tolıq paydalanıwg’a qaratılg’an ilajlar en’ aldı menen insan ma’pleri ha’m talaplarınan kelip shıg’adı. G’a’rezsiz rawajlanıw jıllarında adamlardın’ turmısında ko’p o’zgerisler ju’zege keldi. O’zbekstan Prezidenti İ.Karimov usı jıl 26 aprelde Xalıq deputatları Andijan walayatlıq Ken’esinin’ gezeksiz sessiyasında so’ylegen so’zinde du’nyada ko’pshiliktin’ ha’wesin keltirip atırg’an jetiskenliklerge erisip atırg’an xalqımız ha’m onın’ turmısı tuwralı bılay deydi: «Bu’gin adamlarımızdın’, juris-turısı, qarım-qatnası ha’m kiyiniw ma’deniyatı, a’sirese hayallarımızdın’ o’zine, turmısqa ko’z-qarası, ulıwma xalqımızdın’ turmıs da’rejesi keskin o’zgerip baratırg’anlıg’ına ba’rshemiz gu’wa bolmaqtamız. Bul, hesh shubhasız, sotsiallıq-ekonomikalıq turmısımızdag’ı o’zgerislerdin’ en’ a’hmiyetli jemisi bolıp tabıladı».[1]

Haqıyqatında da bul aytılg’anlarg’a bir g’ana mısalı keltiriwdin’, o’zi jetkilikli bolsa kerek. «Bekkem shan’araq jılı» Ma’mleketlik bag’darlama negizinde ba’rshe finanslıq derekler esabınan 2 trillion sumnan artıq ha’m 100 million AQSh dollarınan zıyat qa’rejet sarplang’anlıqtın’ o’zi ma’mleketimizde

[1] Президент Ислам Каримовтың Халық депутаталары Андижан ўалаятлық Кеңесиниң гезексиз сессиясындағы сөйлеген сөзи. «Еркин Қарақалпақстан» 2013 ж. 30-апрель

xalıq ma’plerin oylap qılınıp atırg’an isler ko’leminin’ qatnası ken’ ha’m u’lken ekenligin da’liylleydi .[2]

Turmıs ha’m siyasattın’ o’z-ara qatnası ko’pqırlı. Ol turmıs penen o’z-ara qatnası tikkeley de qıya da tu’sinikke iye. Huqıq, ideologiya, ta’rbiya, moral, ja’miyetlik psixologiya olar menen o’z-ara baylanısta ko’birek ko’rinedi. Turmıstın’ abadanlıg’ı ja’miyettin’ siyasiy sho’lkemleskenlik du’zilisinen ma’lim da’rejede g’a’rezli, bul ideologiyalıq, huqıqıy, morallıq, ta’rbiyalıq istitutlar arqalı turmıslıq ha’m semyalıq-nekelik qatnaslarg’a ta’sir etedi.

A’lbette bul ma’selenin’ tu’sindiriliwi adamzat ja’miyeti tariyxındag’ı sotsiallıq baylanıslardın’ tipleri jeke, zatlıq g’a’rezlilik ha’m sotsiallasıwg’a tiykarlang’an ja’miyetlik rawajlanıwdın’ sotsiallıq ta’biyatınan kelip shıg’ıw negizinde a’melge asırılıwı mu’mkin. Sonda turmıstın’ sotsiallıq qubılıs ha’m turmıs obrazının’ za’ru’rli komponenti sıpatında o’zgesheliklerinin’ tariyxıy protsesstin’ kontekstindegi ornı ha’m roli ayqınlasadı. Bul boyınsha g’a’rezlilik tusında elimizde a’melge asırılıp atırg’an sotsiallıq-ekonomikalıq ha’m ma’deniy aspektlerdegi tu’pkilikli o’zgerisler, en’ aldı menen, insan talaplarının’ qanaatlanıwına bag’darlana eken, turmıs menin’ jeke isim», «menin’ u’yim-menin’ qorg’anım» degen individualizmge, egoizmge orın qaldırılmaydı. Aqırı, elimizde a’melge asırılıp atırg’an ha’mme ilajlar ha’m insan ma’plerinen shıg’a otırıp,onın’ ja’miyetlik ma’pler menen ushlasıwın belgileydi.Sonın’ ushın siyasat ha’m turmıstın’ baylanıslılıg’ın sılap-sıypap «gilmalalag’anday» za’ru’rlik joq. Durıs, jekelik ha’m jeke ma’plerdin’ birligi onın’ turmıstag’ı sa’wleleniwleri olardın’ arasında hesh qanday qarsılıq joq degendi an’latpaydı. Bunday qarsılıqlardın’ ju’zege shıg’ıw imkaniyatın tek g’ana o’tmishtin’ qaldıqlarına saya beriw haqıyqatlıqqa tuwra kele bermese kerek. Bazar ekonomikası qatnasıqları, onın’ liberallasıw protsessi mudamı insannın’ ku’tiwlerine muwapıq kele bermeydi. Tınımsız bul protsesske beyimlesip bara beriwde an’sat emes. Onın’ u’stine, ja’miyetimizde o’z ma’plerin durıs atqara almag’an,ja’miyetimizdin’ rawajlanıw

[2] Инсон манфаати,ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш ҳаётимизни янада эркин ва обод булишига эриши-бизнинг бош мақсадимиз.Президент Ислом Каримовнинг Узбекстон Республикаси Конституцияси 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузасини урганиш буйича Укув қулланма Тошкент 2013 йил.60-б.

da’rejesi menen esaplasıwdın’, obektiv za’ru’rlik ekenligine itibarı az, itibarsız da shaxslardın’ bolıwın biykarlaw qıyın. Sol sebepli, hesh kimge de sır emes elimiz nızamlılıg’ın buzıwg’a, morallıq minez-qulıq iskerliklerdin’ ju’zege shıg’ıwları joq emes, bar. Bulardın’ normada tabıslı sheshiliwi, ja’miyetlik du’zimnin’ ha’m adamlardın’ turmısının’ haqıyqıy, tu’pkilikli gumanizmge tiykarlang’an mazmunının’ teren’lese beriwinen g’a’rezli.

Turmıstın’ siyasatqa ta’siri de bar. Ol ideologiya, ja’miyetlik psixologiya arqalı a’melge asırıladı. Aytayıq, adamlardın’ turaq-jay kommunallıq sharayıtlarının’ abadanlasıwı, olardın’ qurg’ınlasıwının’ joqarılawı tek g’ana ekonomikalıq-turmıslıq g’ana emes, al siyasiy rezonans ta. Usılar menen birge siyasat ha’m turmıs o’zgesheliklerge iye. En’ aldı menen bul o’zgeshelik olardın’ payda bolıwının’ tariyxıy sharayıtları menen baylanıslı ha’m bug’an sa’ykes tariyxıy tag’diri ha’m bar. Siyasat sferasının’ ju’zege kelini en’ aldı menen ja’miyette mu’lkiy ten’sizliktin’ kelip shıg’ıwı menen baylanıslı. Basqasha aytqanda siyasat sotsiallıq iskerliktin’ ayrıqsha forması sıpatında ma’mleket penen birge ja’miyette puxaralıq ta’rtip ornatıw tiykarında ju’zege keledi. Al turmıs bolsa, adamzat ja’miyetinin’ qa’liplesiwi menen payda boladı ha’m onın’ rawajlanıwının’ ha’mme basqıshlarında ja’miyetlik turmıstın’ za’ru’rli elementi sıpatında keshedi. Sol sebepli, ko’p g’ana dialektikalıq-materialistlik ta’liymat negizinde jazılg’an miynetlerde «turmıs» tu’sinigin «miynet» tu’sinigi menen birge ulıwma sotsiologiyalıq ulıwmatarıyxıylıq kategoriya sıpatında qaraw mu’mkin. Axırı jeke insanlardın’ qanaatlanıw protsessi qa’legen ja’miyetlik du’zimde ja’miyettin’ rasalıq, klasslıq, milliy bo’liniwine h.t.b qaramastan o’z ornına iye. Basqasha aytqanda, jeke ma’plerdin’ qanaatlandırılıwı, ja’miyettin’ turmıslıq sferasın tutaslay qamtıytug’ın ha’m sıpatlay alatug’ın ulıwma insanıylıq belgiler ta’n. Biraq ma’lim o’ndiris usılına baylanıslı «turmıs» kategoriyası konkret ma’niste qollanıladı. Demek, turmıstın’ bunday «ag’ımlıq» xarakterli axırın biraq turaqlı o’zgerisi adamzattın’ tariyxıy rawajlanıwı shınjırında birin biri almastırg’an ja’miyettin’ rawajlanıw basqıshların g’ana emes,,al olar menen birge ha’m olardın’ ishinde turmıstın’ da almasıwın ko’remiz.

Turmıstın’ konkret ta’repleri-talaplardın’ qanaatlanıw sharayıtları, usılları, formaları o’ndiriwshi ku’shler ha’m o’ndiris qurallarının’ rawajlanıwı menen turmıs obrazı, ilim ha’m texnika, ma’deniya ha’m sıyasat geografiyalıq orta menen belgilenedi.

Biraq turmıstın’ ekonomikalıq ha’m ruwxıy sferalardag’ı jetiskenliklerden g’a’rezliligi onın’ o’zinsheliginin’ sheklengenliginin’ joqlıg’ın, bul qubılıslarda passiv sa’wleleniwin an’latpaydı. Turmıs turmıs obrazının’ quramlas bo’legi sıpatında ja’miyetlik qubılıslar arasında o’z ornına iye ha’m o’z gezeginde ekonomikag’a, siyasatqa, ma’deniyatqa ha’m ja’miyetlik turmıstın’ basqa sferalarına keri ta’sir etiw imkaniyatına iye. Turmıstı ulıwma sotsiologiyalıq kategoriya sıpatında tu’siniw u’lken a’hmiyetke iye. Sebebi bul qatnas ha’rqıylı ilimler arqalı ja’miyetlik turmıs qubılısların biliwde metodologiyalıq printsip sıpatında qollanılıwı mu’mkin.

## §2 Turmıstın’ du’zilisi ma’selesi.

Ha’r bir ja’miyetlik qubılıstı ma’lim pu’tinlik sıpatında qaraw al pu’tinliktin’ belgisi onın’ minnetli tu’rde du’zilisinin’ bolıwında ekenligin anıqlaw za’ru’r. Bul boyınsha struktura jeke biraq o’z-ara baylanıslı elementlerdi birlestiriw,olarg’a o’z tan’basın tu’siredi. Al turmıstın’ strukturasın da onın’ tiykarg’ı elementlerinin’ o’z-ara qatnası,adamlardın’ bul sferadag’ı birlesiw ha’m qatnasıg’ının’ ha’rqıylı formaları ko’z-qarasınan qaraw mu’mkin. Bul boyınsha turmıstı materiallıq ha’m ruwxıy talaplardın’ individuallıq ha’m birgelikli qanaatlanıwının’ sferası ekenligin esapqa ala otırıp,onın’ tiykarg’ı bo’leklerin en’ aldı menen tutınıw tu’rine qaray bo’liw kerek.

A’dette turmıstı materiallıq ha’m ruwxıy ta’replerde bo’liw bar. Jiyi-jiyi «materiallıq turmıs» tu’sinigi ilimiy-ko’pshilik, publitsistikalıq a’debiyatta qollanıladı ha’m ol adamlardın’ jasawı, o’mir su’riwi ushın za’ru’r bolg’an barlıq materiallıq iygilikler menen ta’miyinleniwin an’latadı.

Materiallıq turmıs ja’miyetlik bolmıstın’ quramlas bo’legi,materiallıq ja’miyetlik qatnaslardın’ elementi bolıp, o’ndiriwshi ku’shler menen o’ndiris qatnasıqlarının’ rawajlanıwı menen belgilenedi. Onın’ sotsiallıq xızmeti adamnın’ fizikalıq ha’m ruwxıy kelbetinin’ ranajlanıwı ushın qolaylı sharayıtlar jaratıw bolıp tabıladı.

Materiallıq turmıs birqansha strukturalıq elementlerden ibarat.Olar materiallıq turmıstın’ ulıwma strukturasına sa’ykes qa’liplesedi. Bul boyınsha ja’miyettin’ materiallıq turmısının’ du’zilisin-o’ndiris, bo’listiriw, almastırıw, tutınıwdı na’zerde tutsaq, turmıstın’ materiallıq ta’repinin’ og’an sa’ykes g’ana qa’liplesiw protsessinin’ gu’wası bolamız. Bunnan sol na’rse anıq,materiallıq turmıs to’mendegi strukturalıq bo’leklerge iye: 1) turmısta o’ndiris produktların individuallıq (jeke) tutınıwg’a deyin alıp barıw; 2) turmıs sferasında materiallıq iygiliklerdi bo’listiriw; 3) materiallıq iygiliklerdi tutınıw.Produktlardı individuallıq tutınıwg’a deyin tayarlaw,jetkeriw solay belgilenedi,olardın’ gey birewleri o’ndiris sferasınan ha’rqıylı tayarlıq da’rejesinde birotala tutınıwg’a shıg’ıp ketedi.

Sonın' ushın turmıs sferasında bul produktlardı aqırına deyin islep shıg'ıw ushın biraz miynet etiw ha'm waqıt talap etiledi. Bul miynet o'z gezeginde turmıslıq miynettin' quramlas bo'legi boladı ha'm onın' maqseti adamlardın' jag'dayın tikkeley turmıs sferasında abadanlastırıw boladı.

Turmıstın' materiallıq ta'repinin' quramlas bo'legi bo'listiriw.ol o'ndiris penen tutınıwdın' arasında baylanıstırıwshı buwın boladı. Bo'listiriwdi eki tu'rge bo'liw mu'mkin. Birinshisi-o'ndirislik,ekinshisi-produktlardın' jeke tutınıw sferasında bo'listiriliwi. Birinshi tu'ri o'z ishine o'ndiris quralların ha'm ja'miyet ag'zaların o'ndiris tu'rleri boyınsha bo'listiriliwin,demek individtin' ma'lim o'ndiris qatnasıqlarına bag'ınıwın o'z ishine aladı. Al ekinshisi produktlardın' bo'listiriliwi. Materiallıq turmıstın' strukturasına bo'listiriwdin' ekinshi tu'ri,demek,o'ndirilgen produktlardı individuallıq tutınıwdın' ko'lemi kiredi. O'ndirilgen produktlar bo'listiriw arqalı tutınıwg'a jetedi.

Tutınıwda o'ndiris na'tiyjeleri birotala qollanıladı,joq etiledi, ol o'mir su'riwin toqtatadı. Tutınıw protsessi eki tu'rde boladı. Birinshisi-o'ndirislik,ekinshisi-jeke tutınıw. Eger o'ndirislik tutınıw bul o'ndiris quralların ha'm rabochiy ku'shin materiallıq o'ndiris protsessinde qollanıw paydalanıw bolsa, individuallıq tutınıw adamnın' denesinin' ha'm miynet etiw uqıbının' qayta o'ndiriliwi.

İndividuallıq tutınıw belgili sharayıtlarda ha'r qıylı usıllar ha'm qurallar arqalı a'melge asırıladı. Bulardın' ha'mmesi adamlardın' talaplarının' xarakterindegi zatlardı tutınıw quramı. Sonday aq tutınıw sferasındag'ı o'ndiris protsessinin' dawam etiwi menen baylanıslı miynet xarakterinin' ayırmashılıqlarına tiykarlang'an. Usıg'an sa'ykes tutınıwdın' eki tu'ri bar.Birinshisi individuallıq,ekinshisi birgelikli.Tutınıwdın' individuallıq usılı tutınıw qunın belgili waqıtta bir g'ana adam yamasa pu'tkil shan'araq penen paydalanıwdı, qollanıwdı an'latadı. Ol a'dette u'y sharayıtlarında a'melge asırıladı ha'm sonlıqtan da turmıstın' u'ylik-xojalıqlıq forması menen ara qatnasıqqa iye.Tutınıwdın' bul tu'ri turmıslıq ja'miyetlik ha'm o'ndirislik formalarında ko'riniske iye. İndividuallıq tutınıw tiykarınan u'y turmısında a'melge asadı ha'm

produktlardı tutınıwg'a alıp keliw menen baylanıslı (awqattın' tayarlanıwı, kiyim tigiw ha'm onı du'zetiw, kir juwıw, u'yge kerekli predmetler, u'y u'skeneleri remontı). Birgelikte tutınıw usılı ja'miyetlesken jag'daylarda a'melge asırıladı. Bul ushın turmıstın' ja'miyetlik ha'm o'ndirislik formalarının' ha'rqıylı ka'rxanaları ha'm mekemelerden jaratıladı. Durıs olardın' menshiklik qatnaslarg'a ta'n o'zgeshelikleri ha'rqıylı bolıwı mu'mkin.

Turmıstın' materiallıq ta'repi usıg'an sa'ykes o'zgeredi rawajlanadı ha'm onın' strukturası jetilisedi. Materiallıq turmıstag'ı o'zgerisler talaplardın' joqarılawı menen a'melge asadı.Aytayıq awqatlanıw ratsionındag'ı o'zgerisler go'shli,su'tli,jemisli blyudolar esabınan bir qansha o'simliklik produktalarg'a talaptı qısıp shıg'aradı. Materiallıq talaplardın' rawajlanıwının' ulıwma tendentsiyası onın' joqarılawı ha'm gurmanizatsiyası menen baylanıslı. Bul jag'day biyg'a'rezlik tusında ja'miyetlik o'ndiristin' adamnın' iygiligine qaratılıwı sog'an sa'ykes talaplardın' ha'reketi ha'm bunı qanaatlandırıw ushın sa'ykes bag'darlardın' islenip shıg'ıwın esapqa aladı.

Solay etip, turmıstın' materiallıq ta'replerinin' strukturası materiallıq talaplardın' qanaatlanıwının' usılları, sharayıtları ha'm formaları menen o'z-ara qatnaslı ha'm bul protsesstin' sa'wleleniwi boladı.

Materiallıq ta'rep adamlardın' turmısının' ko'p tu'rli ta'replerin sa'wlelendire bermeydi. Turmıstın' strukturasında shekli o'zinshelikke iye orın ruwxıy ta'repke tiyisli. Turmıstın' ruwxıy ta'replerine ma'lim ja'miyet ag'zalarının' jeke tutınıw protsessindegi qa'liplesetug'ın o'z-ara qatnasları ha'm normaları (yamasa turmıslıq qatnaslar), turmıslıq a'detleniwler,u'rp-a'detler, traditsiyalar, obryadlar, nravlar, qol sawa waqıt h.t.b kiredi.Bulardın' ha'mmesi ha'rqıylı sotsiallıq tariyxıy ha'm ta'biyiy, ekonomikalıq jag'day ta'siyrinde islenip shıg'ılg'an ruwxıy talaplardın' forma ,usıl ha'm sharayıtlarının' jıyındısın an'latadı.Ruwxıy turmıs tek jeke adamnın' ruwxıy rawajlanıwı ushın sharayıt du'zip qoymastan,bul protsess tikkeley o'tetug'ın orta ha'm boladı. Ruwxıy turmıs materiallıq turmıs sıyaqlı ma'lim strukturalıq elementlerden turadı. En' aldı menen bul adamnın' rawajlanıw protsessinde ruwxıy iygiliklerdi tutınıwı. O'z gezeginde

ruwxıy tutınıw individuallıqta ha’m birgelikte keshedi. Tutınıwdın’ individuallıq usılı,a’dette u’y sharayıtında a’melge asadı ha’m ko’birek semyalıq-nekelik qatnasıqlar menen,jeke, qol sawa waqıttı o’tkiziw menen,baylanıslı. Degen menen turmıstın’ ruwxıy ta’repi adamnın’ tek jeke turmısı menen sheklenbeydi. Ol o’zinde ja’miyetlik turmıstın’ elementlerin ha’m ja’mlegen. Olarg’a ja’miyetlik bayramlar, obryadlar, u’rp-a’detler, qol sawa waqıttı kewil ko’teriwdi kollektiv bolıp birgelikte o’tkeriw. Ruwxıy sferada ayrıqsha orın qol sawa waqıttı, o’tkeriwge tiyisli. Bul waqıt adamda bilim alıw, intellektuallıq rawajlanıw, sotsiallıq funktsiyalardı atqarıw, joldaslıq qarım-qatnas, fizikalıq ha’m intellektual ku’shlerdin’ oyını ushın qaldırıladı.

Qol sawa waqıt iskerlik miynet sıpatında o’tkeriliwi mu’mkin. Bul jag’day da ha’m belgili jag’dayda turmıstın’ materiallıq ta’repine qatnaslı bolıwı mu’mkin,biraq onın’ tiykarg’ı bo’limi ruwxıy bolmıstın’ shegarasında boladı. Bul sonı an’latadı fizikalıq miynet demalıstın’ forması sıpatında tiykarınan jeke adamnın’ ruwxıy talaplarının’ qanaatlanıwının’ quralı boladı. Qol sawa waqıttı materiallıq ha’m ruwxıy sferalarg’a bo’le bermesten,sonı aytıwımız kerek,qolı bos waqıttın’ ko’p bo’legi ruwxıy do’retiwshilik talaplardı qanaatlandırıw ushın paydalanıladı.Bular: o’zinshe oqıp bilim alıw,ha’r qıylı do’gereklerge qatnasıw, sport penen shug’ıllanıw qol sawa waqıttı o’tkiziwdin’ aktiv formaları. Ruwxıy talaplardın’ qanaatlanıwına imkaniyat jaratatug’ın kinog’a barıw, kontsertlerge qatnasıw, sport oyınların ko’riw, televizor ko’riw, radio tın’law, h.t.b adamnın’ ha’pta’repleme rawajlanıwında u’lken rol oynaydı. Turmıstın’ ruwxıy ta’replerinin’ strukturalıq o’zgesheliklerine turmıs sferasındag’ı ko’riniske iye obryadlar, u’rp-a’detler, traditsiyalar, nravlar, a’detleniwler h.t.b kiredi.

Solay etip,turmıstın’ ruwxıy ta’repi quramalı ha’m ko’p qırlı strukturanı quraydı. Onın’ elementleri ja’miyettin’ materiallıq turmısına qatnaslı mudamı o’zgeriste boladı.

Materiallıq ha’m ruwxıy turmıs o’z-ara baylanıslı ha’m o’z-ara belgilengen. Turmıstın’ materiallıq ta’repindegi o’zgerisler onın’ ruwxıy ta’repindegi o’zgerislerdi boldıradı. Bul qansha aytqan menen turmıstın’ materiallıq

ta’replerinin’ basımlıg’ın, ha’tteki birinshiligin ha’m tastıyıqlaydı.Bug’an a’lbette ja’miyetlik bolmıs penen ja’miyetlik sananın’ ara qatnasına da baylanıslı. Aytayıq, turmıstın’ ruwxıy ta’repine ma’lim shekli erkinlik ta’n. Ol ja’miyettin’ materiallıq turmısındag’ı o’zgerisler g’ana ruwxıy turmısqa ta’sir etip qoymaydı, sebebi, turmıslıq qatnaslar,a’detleniwler, obryadlar, traditsiyalar, u’rp-a’detler, nravlar, moda o’tmishtegi ta’jiriybeden g’a’rezli ha’m o’zinin’ rawajlanıwının’ belgili ishki logikasına bag’ınadı.

Turmıstın’ materiallıq ta’repindegi o’zgerisler onın’ ruwxıy ta’replerinde birden o’zgerisler boldırıp jibere almaydı. Sebebi og’an ma’lim az ha’reket, inertlilik tiyisli. Sonın’ ushın turmıstın’ ruwxıy ta’repinde jan’a menen eskinin’ arasında ma’lim da’rejede qarsılıqtın’ bolıwı nızamlı qubılıs. Bul jag’dayda turmıstı tek g’ana o’zgeristegi materiallıq ta’replerinin’ sheshiwshi talapları emes, al ruwxıy ta’replerine ta’n aktivlik,jeke erkinliktin’ roli basım. Bul dialektikalıq biykarlaw, miyraslıq nızam menen baylanıslı.

Turmıstın’ materiallıq ha’m ruwxıy ta’replerinin’ o’z-ara ta’siri basqa faktorlar menen birge adamlardın’ ma’lim turmıs obrazın sa’wlelendiredi. Ol a’dettegidey,al keleshek rawajlanıwda ma’lim topar,xalıq,ja’miyet ushın ma’lim tariyxıy da’wir ushın qa’te boladı.

Turmıstın’ materiallıq ha’m ruwxıy ta’repleri o’z ko’rinisin tutınıwdın’ qay jerde o’tiwi ha’m qanday xarakterge iye bolıwına baylanıslı qa’liplesiwine ko’shirilgen jag’dayda ha’rqıylı formalarda ko’riniske iye.

Turmıstın’ u’ylik-shan’araqlıq forması qaysı ja’miyette de turmıstın’ tiykarg’ı tu’ri.U’yde adam o’zinin’ ko’p waqtın o’tkizedi. Bul jerde adamlardın’ materiallıq ha’m ruwxıy talapları qanaatlandırıladı, olardın’ fizikalıq ha’m ruwxıy ku’shleri qayta tiklenedi, miynet iskerligine tayarlıq o’tedi. U’y jumısı ko’p qırlı ha’m adamnın’ talaplarının’ ko’riniwi menen bay, olar tek g’ana pu’tkil materiallıq ha’m ruwxıy o’ndiristin’ barlıq tu’rlerinin’ jıyındısı menen qanaatlanıwı mu’mkin. Turmıstın’ bul forması semya ishindegi a’dep-ikramlıq, turmıslıq qatnaslardın’ shan’araq ag’zalarının’ ma’deniy ha’m ja’miyetlik sharayıtlarına, olardın’

materiallıq ha'm sotsiallıq jag'dayına, shan'araqtın' strukturasına sa'ykes qa'liplesedi.

U'y turmısında a'sirler boyı morallıq ha'm estetikalıq ko'z-qaraslar ha'm adamlardın', xalıqlardın', milletlerdin' ku'ndelikli turmısının' ishki sho'lkemlesiwi ha'm ukladı qa'liplesken ha'm rawajlang'an. Onda ko'p g'ana turmıslıq, morallıq normalar, a'detleniwler, u'rp-a'detler,traditsiyalar saqlang'an.

Usı sebepli u'y turmısı ma'lim turaqlılıqqa ha'm konservatizmge iye. Ol basqa ja'miyetlik qubılıslar menen salıstırılg'anda ju'da' aqırın o'zgeriske tu'sedi, bul ayrıqsha turmıstın' obryadlıq ta'repine, da'stu'r, u'rp-a'detlerge geyde artta qalg'an ko'z-qaraslarg'a tabınıwda ta'sir etedi. Turmıstag'ı eskini saplastırıwdı aqırınlaytug'ın sebeptin' biri sonda,shan'araqlıq qatnaslar ma'lim da'rejede intimlik,jekelik ha'm bo'leklengen xarakterge iye bolıp, belgili da'rejede ja'miyetshiliktin' qadag'alawınan shette boladı.

U'y turmısının' bas materiallıq tiykarı-turaq jay. Ol arxitektura binası ko'rinisi, turmıs da'rejesi arqalı sa'wlelenip, turmıslıq ukladtın' qa'liplesiwine ta'sir etedi. Ma'selen, jeke bo'lek u'ylerde «naturallıq xojalıqlar menen jaylasıwı, turmıstın' ku'n ko'riske qolaylıg'ının' tuwılıwı menen turmıs obrazı ha'm turmıs da'rejesinin' birin-biri talap etiwi ha'm uyg'ınlasıwı menen xarakterlenedi. Xaqıyqatında da izertlewlerdin' ko'rsetiwi tiykarg'ı o'tkir problemalardan esaplanadı[1]. Onı waqtında sheshiw ko'p g'ana basqa mashqalalardı da sheshiwge imkaniyat beredi. Bug'an elimizdegi awıl turg'ınlarının' turmıs sharayatın jan'alawg'a bag'darlang'an u'y qaptalı jerleri menen qurılıp paydalanıwg'a berilgen turaq jaylar bug'an guwa.

Burıng'ı Awqam tusında turaq jaylardın' u'lken ko'p kvartiralı jaylardan turıwı mayda u'y qaptalı naturallıq xojalıqlardın' materiallıq tiykarın quraydı dep tu'sindiriledi.Bu'ginlikte, g'a'rezsizlik tusında menshiklik qatnaslar ulıwma ekonomika ideologiyasınan awlaq bolar eken, ha'm usı ko'z-qaraslardın' ja'miyet

[1] Бердимуратова А.К, Камалова Х.С Сойиологический исследования уровня жизни населения Республика Каракалпакстан Вестник Каракалпакского государственного университета 2008 №1 с.90

ag'zaların kazarmalıq ta'rtipke ko'ndiriwden basqag'a jaramaytug'ınlıg'ı attan anıq.

Turaq jaydın' turmısqa ta'siri og'an talaptın' ku'shliligi menen de baylanıslı. Adamzat jetisken ku'shli ja'miyet ha'm ekonomikalıq progresske qaramastan, turaq jay problemması en' o'tkir problema bolıp qalmaqta.

Turaq jay xalıqtın' abadanlasıwının' za'ru'rli ko'rsetkishi. G'a'rezsiz rawajlanıw tusında elimizde bul ko'rsetkish ayrıqsha o'spekte, sebebi ma'mleket shıg'ınnın' tiykarg'ı bo'limin o'zine aladı.

«Ma'mleketimizde u'y-jay fondı 2 barabar o'sti. Xalqımızdag'ı shan'araqlardın' 98,5 % u'yi yakiy kvartirasına awıldag'ı shan'araqlardın' 97,5 % tamarqasına iye»[1]

Turaq jay u'y turmısının' ha'm u'y xojalıg'ının' sostav bo'legi.Bul tu'siniklerdi bir birinen ajıratıw qıyın.Eger birinshisinin' mazmunı adamnın' individuallıq talaplarının' qanaatlanıw sferası bolsa,ekinshisinin' mazmunı adamnın' u'y sharayıtında o'zine-o'zi xızmet etiw protsessi boladı. Bunnan keleip shıg'a otırıp,turaq jaydın' eki sotsiallıq funktsiyasın ko'rsetiw mu'mkin.U'y turmısının' quramlas bo'legi bola otırıp, jeke adamnın' materiallıq ha'm ruwxıy talaplarının' qanaatlanıw ornı, sonın' menen birge u'y xojalıg'ının' quramına kire otırıp materiallıq ha'm ruwxıy bahalıqlardı jaratıw sharayıtı boladı.Biraq turaq jaydın' ha'm u'y xojalıg'ının' ekinshi funktsiyası jeke g'a'rezlilikke tiykarlang'an ja'miyetlik rawajlanıw basqıshlarına ko'birek ta'n.Ma'selen, diyxannın' u'y xojalıg'ında jan'a materiallıq bahalıqlardı jaratıwg'a bag'darlang'an miynetinin' haqısının' to'lenbewi talap etpewi mu'mkin emes.

U'y xojalıg'ın ju'rgiziwge baylanıslı miynettin' aqshalay ko'rinistegi to'lenbewine qaramastan, ol qosımsha g'a'rejet tabıwdın' bir bo'legi sıpatında ha'zirgi waqıtta za'ru'rli bolıp tur.

[1] Инсон манфаатлари,ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш,ҳаётимизнинг янада эркин ва обод булишига эришиш бизнинг бош мақсадимиздир.Президент Ислом Каримовнинг Узбекистон Республикаси Конституциясининг 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузасини урганиш буйича Укув кулланма Т,2013 30-б

Demek turaq jaydın' bunday jag'daylarda eki tu'rli xarakteri bar.Bir ta'repten ol materiallıq ha'm ruwxıy iygiliklerdi jaratıw quralı,ekinshi ta'repten individuallıq tutınıw sha'rti.

U'y turmısı bul tek turaq jay g'ana emes al kishkene g'ana ja'ma'a'ttin'-erli-zayıplılıqqa, tuwısqanlıqqa tiykarlang'an shan'araqtın' turmısı. Olardın' o'zlerine sa'ykes ustanovkaları bar. Shan'araq ha'm turmıs sıyaqlı materiallıq ha'm ruwxıy ta'replerge iye.

Birinshisine biologiyalıq ha'm xojalıq turmıslıq , ekinshisine a'dep-ikramlıq, psixologiyalıq ha'm huqıqıy qatnaslar tiyisli. Shan'araq ja'miyettin' o'ndirislik birligi sıpatında zatlıq materiallıq iygiliklerdi (o'ndiris quralları ha'm tutınıw predmetleri) o'ndiriw ha'm tutınıw birligi sıpatında boladı. Tariyxıy qubılıs sıpatında,shan'araq ha'm onın' formaları ja'miyet du'ziminin' sotsiallıq ta'biyatına ta'n ja'miyetlik-ekonomikalıq qatnaslar menen ha'm ma'deniyattın' ulıwma halatı menen belgilenedi.

Ma'selen, g'a'rezsiz elimizde ma'mleketlik siyasat da'rejesinde semyag'a g'amxorlıq,ken' tarmaqlı balalar mekemeler sho'lkemlestiriw ha'm turaqlı xızmet ko'rsetiw,ja'miyetlik awqatlanıw,jan'a tuwılg'an balalar ushın napaqa to'lew,ko'p balalı shan'araqlarg'a lgotalar, sonday aq shan'araqlarg'a basqa da napaqa ha'm ja'rdemler beriw a'melge asırılg'an. Bularg'a O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyası, Qaraqalpaqstan Respublikası Konstitutsiyasındag'ı shan'araqqa tiyisli bap ha'm statyalar tolıq tiykar esaplanadı [1].

Shan'araqtın' a'hmiyeti sonda,onda xalıqtın' aktivliligi,individtin' adamzat ja'miyetine enisiwi,yag'nıy onın' sotsiallasıwı,xalıqtın' ma'deniyatqa enistiriliwi iske asadı.

Shan'araq bir qansha funktsiyalardı atqaradı.Olar:ja'miyetlik-biologiyalıq,ta'rbiyalıq ha'm xojalıq tutınıwshılıq.Bulardın' ha'mmeside anaw ya mınaw tariyxıy sharayıtlar menen belgilene otırıp,u'lken a'hmiyetke iye.Ma'selen,burıng'ı Awqam tusında qala turg'ınlarında ko'mekshi xojalıqtı alıp

---

[1] Конституция Республики Узбекистан Т.2003 с.13
Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы Н.2006 21-б.

barıw qısqartıwlarg'a,joq etiwlerge qaratılg'an bolsa,bu'gingi o'mirimizde og'an nızamlastırılg'an tiykarda ken' jol ashılmaqta.

U'y turmısının' a'hmiyetli funktsiyalarının' biri bul jan'a a'wladtı ta'rbiyalaw funktsiyası Shan'araqta du'nyag'a ko'z-qaras, moral, estetikalıq talap, xarakter, minez-qulıq,maneralar tiykarı jaratıldı,bahalıq orientatsiya islep shıg'ıldı,yag'nıy jeke adamnın' qa'liplesiw protsessi keshedi.Balalıg'ında adamg'a ne endirilse,sol anaw ya mınaw da'rejede adamnın' pu'tkil o'mirine ta'siri bar.Shan'araq tek o'zin ta'rbiyalap qoymastan,ol bunnan son'g'ı ja'miyetlik ta'rbiyanın' negizin «azıqlandıradı» yakiy «ha'lsiretedi».

Shan'araqtın' xojalıq-tutınıw funktsiyası u'y xojalıg'ı arqalı a'melge asırıladı,al bul shan'araq ag'zalarının' ma'lim jumıslardı atqarıwı tiykarında a'melge asadı.Ma'selen,turaq jayda tazalıqtı ha'm ta'rtipti saqlaw,balalarg'a ha'm qariyalarg'a qaraw, awqat pisiriw.Bunnan basqa waqtında naturallıq xojalıqta iyiriw,toqıw,bo'z ag'artıw,kiyim- kenshek, ko'rpe- to'sek tayarlaw kiredi. Bul funktsiyalardın' orınlanıwı o'ndirislik emes miynet penen atqarıladı ha'm ko'p waqıttı talap etedi. Bul jumıstın' ko'pshiligi ja'miyettin' sotsiallıq ta'biyatına da ılayıq. Ma'selen antogonizmge tiykarlang'an ja'miyetlerde hayaldın' moynına ko'plegen jumıslar ju'klengen. Bul onı ja'miyetlik o'ndiristen mudamı ajıratıp turadı ha'm erkek penen ten' emes jag'dayda uslaydı.Ma'lim da'rejede biraz tendentsiyalıg'ına qaramastan, geybir ilimiy miynetlerde bul ma'selege dıqqat qaratılg'an ha'm ko'binshe jeke asxana mayda o'nermenttin' ustaxanasına megzes, ekewide iyesizlik,waqıttın', ku'shtin' janılg'ı ha'm jaqtının', awqatlıq zatalr h.t.b orınsız sarp etiliwi sıpatında qaraladı[1].

A'lbette u'y miynetin jen'illetiw ha'm onın' adamnın' waqıtın alıwdı qısqartıw onsha jen'il emes.En' aldı menen onı tek elektrlestiriw emes,al mexanizatsiyalıq qatnaslar za'ru'r.A'sirese,u'y xojalıg'ın texnikalastırıw maqsetke muwapıq sanaat o'ndirisi ha'm geybir u'y jumısların ja'miyetlik o'ndiriske beriw u'y xojalıg'ın «jutıp turg'an» ku'sh ha'm waqıtlıq shıg'ındı tiykarınan qısqartıw imkaniyatına iye.A'lbette bulardın' barlıg'ı hayaldın' turmıstag'ı ten'sizligin joq

[1]Бебель Будущее общество М. 1959с.124

etiwge ha'm onın' ja'miyetlik o'ndiriske aktiv enisiwine sharayıt jasaydı.Sonın' ushın ha'm g'a'rezsiz elimizde hayal-qızlardın' erler menen ten'ligine bag'darlang'an planlar izbe-iz a'meliy tiykarda tek ekonomikada emes,al ja'miyetlik turmıstın' ha'mme sferaları boyınsha parawan a'melge aspaqta[1].

Kullası,xojalıqtın' mayda-shu'ydelerinen hayaldın',shaxstın' bosanıwı keleshekke adamnın' o'sip baratırg'an talapların qanaatlandırıwg'a qaratılg'an ha'rqıylı ka'rxanalar ha'm mekemelerdin' sho'lkemlestiriliwinin' ornı ha'm roli ayrıqsha.Bul protsess insan ma'plerin shın ma'niste birinshi orıng'a qoyıp ha'm usı bag'darg'a g'ana barlıq o'zgerislerdi a'melge asırıp atırg'an g'a'rezsiz elimiz siyasatı nızamlı qubılıs bolıp tabıladı.A'lbette bul jerde bir momentti na'zerde tutıw orınlı bolsa kerek. Ja'miyetlik turmıstın' o'zgerisleri, rawajlanıwı, jetile beriwi, u'y turmısın ja'miyetlestiriwi, ulıwmalastırıwdı, imkaniyatı barınsha jeke adamg'a ta'n qa'siyetlerdi «tegislep jiberiwdi», standartlastırıwdı an'latpasa kerek. Kerisinshe, bul protsess, onın' haqıqıy individuallıq sapalarının' rawajlanıwın ku'sheytiwge qaratılg'an. Sonlıqtan da u'y turmısının' ma'lim funktsiyaların qısqartıwda payda bolıp, ma'lim da'rejede, onın' geybir momentin biykarlaw sıpatında ja'miyetlik turmıs ja'miyettin' sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy rawajlanıwının' joqarı basqıshların da ha'm u'y turmısı menen birlikte o'mir su're beredi.Bug'an ha'zirgi joqarı rawajlang'an Batıs Evropa xalıqlarının' sotsiallasıw da'rejesi bola bola aladı. Onın' uazıypası u'y turmısın tolıq almastırıw emes, al jeke adamnın' ko'p waqıtın alatug'ın ha'm onın' rawajlanıwına keri ta'sir etetug'ın ha'dden tısqarı miynetlik funktsiyalardı orınlaw.

U'y turmısının' funktsiyaların onın' ja'miyetlik sferasına beriw,turmıs xızmetin jeke adamnın' materiallıq ha'm ruwxıy talapların qanaatlandıratug'ın bul talaplar burın u'y turmısı ramkasında o'z bildiginshe qanaatlandırılg'an.En' aldı menen bular u'y jaydı,kiyim-kenshek,mebel,turmıslıq zatlardı tazalaw ,prokatqa beriw,ha'rqıylı xızmetler bolg'an.Bulardan basqa adamlarg'a bayram,obryad,tuwılg'an ku'nler h.t.b ma'resimlerinde xızmet etiwler ha'm bar.

---

[1] Бердимуратова А.К. Камалова Х.С Алимбетов.Ю Социаллық трансформацияның гендерлик аспекти :ҳаял сиясатта ,мийнетте, бизнес ҳәм мәдeният сферасында//ҚМУ хабаршысы 2009 №3(4) 88 б.

Ja’miyetlik turmıstın’ xarakterli o’zgesheligi adamlardın’ individuallıq talapların birgelikte qanaatlandarıw bolıp tabıladı.Sonlıqtan ja’miyetlik turmısqa ja’miyet arqalı ta’miyinlenetug’ın ha’m sho’lkemlestiriletug’ın turmıstın’ ko’rinislerin kirgiziw mu’mkin.Ja’miyet ha’rqıylı turmıslıq mekemelerdi qurıp,olardın’ normal ha’reket etiwin ta’miyinlep belgili da’rejede ha’r bir individtin’ subektiv talapları menen muwapıqlıg’ın boldıradı.

Puxaralar fabrika-asxana,xızmet ko’rsetiw kombinatları,balalar baqshası h.t.b qolaylıqlardan paydalana aladı.Degen menen,bul protsesste ja’miyetke tiyislini o’z bildiginshe paydalanıw iyelew,mu’lkke tiygizgen za’leli ushın materiallıq juwapkershilik h.t.b na’zerde tutıladı. Sonday aq bunday jag’daylar ju’z berse,olar bul ma’kemeler shegaralarındag’ı ja’miyetke qarsı minez-qulıqlıq is-ha’reket sıpatında moral ko’z-qarasınan ha’m qaraladı.

İndividtin’ ja’miyetlik turmıstag’ı minez-qulqı ma’lim reglamentatsiyalıq momentlerge iye,bul mudamı ja’miyet ta’repinen qollap-quwatlanadı ha’m qadag’alanadı.

Ja’miyetlik o’ndiristin’ rawajlanıwında o’ndirislik turmıs ayrıqsha orıng’a iye.O’ndirislik turmıs,a’lbette tariyxıy qubılıs.Ol ha’r qashan ja’miyettin’ rawajlanıw basqıshlarına sa’ykes tu’sindiriledi.Biraqta,o’ndiris sferasındag’ı turmıstın’ o’zgesheliklerin tu’siniwdin’ gilti sotsiallıq baylanıstın’ tu’ri menen jekelik g’a’rezlilik,zatlıq g’a’rezlilik ha’m sotsiallasıwdın’ ku’sheyiwi menen baylanıslı.

Aytayıq,alg’ashqı obshinalıq ja’miyet tusında eki tiykarg’ı moment adamlardın’ pu’tkil turmıs obrazın,sonın’ ishinde o’ndirislik turmısın belgileydi.Olar: adamlardın’ birlesiwi,miynet protsessin a’melge asırıwında,o’zlerinin’ turmısın o’ndiriwde ha’m qayta o’ndiriwde ta’biy faktorlardın’ basımlıg’ı,alg’ashqı adamnın’ misli jer menen qosılıp o’siwi.Bul jag’day sonın’ menen birge qanlıq-tuwısqanlıq baylanıs,obshinag’a qatnas arqalı qıya belgileniwi, olardın’ birge jasawının’ ha’m iskerliginin’ za’ru’rli sha’rti,ta’biy qa’liplesken ja’ma’a’ttin’ tiykarı boladı.Ekinshi belgisi onın’ da’stu’riyligi.Da’stu’riylik basqa ta’rtipke salıwshı faktorlarg’a qosımsha roldi

atqarıwı ma'nisinde emes,al sotsiallıq sho'lkemlesiw ha'm adamzat jasawının',adamzatlıq jataqxananın' universallıqqa aylang'an forması bolıp tabıladı.Bul da'wirde individtin' oylaw ha'm ha'reket obrazında o'zinsheliktin',erkinliktin' joqlıg'ı sebepli onın' elementar da'reje jeke turmısı ha'm joq.Tiykarg'ı ba'ntliktin' forması,xarakteri,turmıslıq ukladtın' o'zgeshelikleri ma'selen,turaqjay,kiyim-kenshek,h.t.b qatan' belgilengen,misli sharayatlar ta'repinen g'ana berilgen ha'm ol qalay bolmasın jasap qalıw,tiri qalıw talaplarına bag'ındırılg'an.Bul jag'day ha'mme ta'shiwishlerden joqarı turadı,ha'mmesi sol arqalı belgilengen.

Mu'lkiy ten'sizlikke iye bolg'an ja'miyettin' ju'zege keliwi menen adamlardın' da'stu'riy turmısına,o'ndirislik turmısına o'zgerisler eniwi ta'biy.Sonda ha'm ma'selen,a'yemgi grekler ushın obshinanın' ma'pin qorg'aw jeke menshiktin' atributların qorg'awg'a qarag'anda ha'm a'hmiyetlirek boladı.

Feodallıq turmıs obrazı qatlamlıq-toparlıq xarakterge iye bolıwına qaramastan o'zinin' tiykarında bir g'ana formatsiyalıq-feodallıq o'ndiris usılına iye bolar eken,ba'ribir qorshag'an ta'biyat burıng'ı waqıtlardag'ıday naturallıq,o'zine tiyisli xojalıqtın' tiykarı bola beredi.Sol sebepli de jeke g'a'rezlilikke negizlengen ja'miyettin' qay-qaysısında da o'ndirislik turmıstın' spetsifikasında anıqlıq joq esabı.Axırı,miynet sferası menen miynetten tısqarı sferanın' bir birine enisip ketiwi sebepli olardın' shegaraları ashıq ko'zge taslanbaydı.

Jumısshıbolatug'ın bolsa diyxan sıyaqlı obshinalıq turmıstın' tar shegarasına ko'nlikpeydi.Axırı,kapitalistlik qatnaslar tusında mashinalıq miynet adamlarg'a en' aldı menen ta'biyattın',jerdin' «hu'kiminen» qutqarar eken,sonın' menen birge, jeke g'a'rezsiz jumısshının' onın' miynet quralları menen xojalıq ju'rgiziwdin' patriarxallıq, arxaikalıq ta'replerine ta'n qosılıp o'siwine ma'pdar bolmaydı.Bul jag'day miynet adamının' turmısına onın' ku'ndelikli o'mirinin' shegaraların ken'eytetug'ın o'zgerisler engizedi.Demek,adamnın' individuallılıg'ının' rawajlanıwın irikken ma'lim faktorlar o'mir suriwin toqtatadı degen so'z.Bul jag'day,so'z joq jumıs ha'm jumıstan tıskarı waqıttın' shegarasın ashımayrıqlan'rdırar eken,adamnın' o'ndirislik sferası menen baylanıslı turmıs

penen jumıstan tısqarı bos waqtının' turmısı arasındag'ı o'zgeshelikler real tu'rde ko'riniske iye boladı.

Bulardın' ha'mmesin na'zerde tutıw menen burıng'ı Awqam tusındag'ı xalıqtın' o'ndirislik turmısının' spetsifikasın belgilewshi eki momenttin' jasau'mkin birinshiden,miynettin' xarakteri,miynetke hu'kimlikke tiykarlang'an qıyınshılıqlar qatnastag'ı ha'm onın' du'zim orınlanıwı tiyis wazıypag'a sa'ykeslendiriliwi.Aytayıq,materiallıq ha'm ruwxıy o'ndiristin' sho'kemlestiriliwi iske tu'siwi boyınsha,hesh kim ekinshi birewge ja'miyetlik paydalı miynetke qatnasıwın ısıra almaydı.Axırı,ha'mme ushın ten'dey miynet etiw wazıypası qoyılg'an.Biraq real o'mirde olardın' kerisi a'melge asırılıp ketti.Miynettin' qa'driyatlıq o'zgeshelikleri buzıldı.Belgili rossiyalı filosof alım V.P.Lapinnin' korsetiwinshe a'sirese burıng'ı Awqam turmısının' son'g'ı jıllardag'ı ja'miyettin' ha'mme salalarında ju'z bergen sotsiallıq krizislik jag'daylar,a'sirese ekonomika salasındag'ı effektivsiz sanaattın' u'stinliginen baslap sotsiallıq saladag'ı anarxiya,ma'nawiyattag'ı miynettin' ta'rbiyalıq xarakterinen ju'da' bolg'anlıg'ı h.t.b.Ja'miyette ju'da konfliktli,qarsılıqlı sharayatlardı ju'zege shıg'arg'anlıg'ı anıq[1].

Burıng'ı Awqamnın' tarqalıwı onın' quramındag'ı Awqamlıq respublikalardın' o'z aldına bo'linip shıg'ıp,o'zlerine g'ana ta'n rawajlanıw jolın tan'lap alıwı ha'm ol boyınsha ja'miyetlik turmıstın' ha'mme sferaları boyınsha tu'pkilikli o'zgerislerdi a'melge asırıwı g'ana ol qıyınshılıqlardan bosawg'a imkaniyat berdi.Eger biyg'a'rez elimizdin' rawajlanıw jag'dayın na'zerde tutsaq onın' azg'ana waqıttın' ishinde du'nyadag'ı rawajlang'an eller qatarına qosılıwının' o'zi guwa.A'lbette bul onın' turmısına,a'sirese o'ndirislik turmısının' normal keshiwi ushın tolıq jag'day tuwdırmaqta.

Tag'ı da ,artıg'ıraq bolsa da qaytalaymız,turmıstın' o'ndirislik formasının' spetsifikasında materiallıq ha'm ruwxıy talaplardın' qanaatlanıwı tikkeley

---

[1] Лапин В.П.Социальные ценности и реформы в кризисной России// Социологические исследования 1999 №9 с-18-19

o'ndiriste keshedi.Tap usı jerde en' sezilerli da'rejede miynet penen turmıstın' bir-birine o'tiwi,birin-biri talap etiwi ko'rinedi.

Solay etip,o'ndirislik turmıs ja'miyet ag'zalarının' tariyxıy o'zgeristegi materiallıq ha'm ruwxıy talaplarının' qanaatlanıwının' formaları usılları ha'm sharayatlarının' kompleksin an'latadı.Bul o'ndiristin' ma'deniyatı,adamlar isleytug'ın jaylardag'ı,xanalardag'ı abadanlıq,qolaylılıq,miynet adamlarının' ma'deniy dem alısın ka'rxana,mekeme ku'shi menen sho'lkemlestiriw,jumıs adamları arasında miynet protsessinde qa'liplesetug'ın turmıslıq qatnaslar.

O'ndirislik turmıs u'lken sotsiallıq–ekonomikalıq a'hmiyetke iye.Asxanalar,medpunkt,demalıs xanaları ha'm basqa da turmıslıq xanalardın' ka'rxana,mekemede bolıwı adam ku'shlerin u'nemleydi,sharshawdı to'menletedi,demek,miynet o'nimdarlıg'ın jokarılatadı.Jumısshılardın' o'ndirislik turmıstın' bul qatlamlarına qatnasın ha'rqıylı jılları ha'rqıylı regionlarda o'tkerilgen konkret sotsiologiyalıq izertlewlerdin' juwmaqları ha'm da'liyllendi.Ma'selen,o'tkizilgen izertlewlerde 300-400 soralg'an rabochiylardın' derlik 70-80 % tu'ski awqatqa qansha waqıt ketetug'ınlıg'ın,awqattın' sapalılıg'ının' qanday ekenligi,medpunkttin' islewi,turmıslıq xanalar qalay bezelgenligi h.t.b olardın' ko'n'il ku'yi,miynet ko'rsetkishlerinin' g'a'rezliligi anıqlandı.

O'ndirislik turmıstın' strukturasına ka'rxananın' hawa ortalıg'ının' halatı ha'm kiredi.O'ndiristin' normal jumıs islewi ushın hawanı zıyanlı gazlar ha'm shan'nan tazalanıp turıwın talap etedi.Onın' u'stine, bul gaz ha'm shan'nın' o'simlik du'nyasına zıyanı u'lken,qurılmanın' go'neriwin tezletedi.Sonlıqtan da joqarı effektivli tazalaw sistemaların jaratıw,suwdı ha'm hawanı zıyanlı gazlerden tazalawdın' jana usılların qollanıw,aldınnan oylanılg'an jasalma atmosferanı jaratıw,joqarı da'rejeli tazalıqqa iye zattı alıwdı boldırıw ushın ilimiy-izertlew jumısların alıp barıw zaru'r.

Miynet sharayıtlarının' jaqsılanıwına o'ndiristi mexanikalastırıw ha'm avtomatlastırıw jag'dayı kiredi.Bul boyınsha jumısshının' miyneti qadag'alawshı miynetine,baqlaw mashina,avtomatlar menen basqarıw,olardı jo'nge salıw

iskerligine,texnologiyalıq protsesslerdin’ bag’darlama ha’m rejimlerin jasawg’a aylanadı .Biraq miynettin’ barlıq tu’rin avtomatlastırıw qıyın.Printsip boyınsha algoritmlik sheshimlerdi jibermeytug’ınlıg’ı ha’m bar yamasa bul iskerlikti avtomatqa tapsırıwı ha’dden tısqarı quramalıları bar.(bunda adam analogı bolıwı tiyis tabıw printsipial da’rejede mu’mkin emes).Sonın’ ushın da fizikalıq miynet birotala joq bolıp ketpeydi.

Fizikalıq miynettin’ strukturası,adamnın’ fizikalıq miynettegi intellektuallıq iskerliktin’ ko’lemin ha’m rolin o’zgertiwi mu’mkin.Bunın’ na’tiyjesinde biraz aqılg’a sıyımlı,do’retiwshilikke iye,qızıq ha’m ilimiy texnikalıq progresstin’ jag’dayına qaray injenerlik iskerlik penen janalanıwı mu’mkin.

O’ndirislik turmıstın’ elementlerine o’ndirislik qa’wipsizlik texnikası,miynettin’ sanitariyalıq ha’m gigienası ,ha’rqıylı nawqaslardın’ asirese ka’siplik nawqaslardın’ profilaktikası ha’m emleniwi kiredi.Bul maqsetler ushın ka’rxanalarda sanitariyalıq-salamatlastırıwshı ken’esler,meditsina xızmetkerleri menen administratsiya ha’m injenerlik xızmetkerlerdin’ pikir almasıwı,miynet etiwindegi jokarı jumıs islew uqıbın saqlaw ha’m jaqsılaw ushın ushın za’ru’r.Zavodlıq ratsionalizatorlıq byurolarda usınılg’an ratsionalizatorlıq janalıqlarg’a mediko-sanitariyalıq baha beriw ushın vrachlar qatnasıwı tiyis.Ka’rxanalardın’ kompleksli planına miynet sharayıtların bunnan bılayda jaksılaw,salamatlastırıw boyınsha ilajlardı kirgiziw kerek.Keshiktiriwge bolmaytug’ın sotsiallıq-ekonomikalıq ilajlardı kompleksli a’melge asırıw belgileneiwi tiyis.A’sirese bul boyınsha ma’mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja’ne de teren’lestiriw ha’m puxaralıq ja’miyetti rawajlandırıw kontseptsiyası xarakterli [1].

A’lbette ka’rxana ha’m mekemelerde jumısshılardın’ sharshawın boldırmaw ushın psixikalıq keskinligin pa’seytiw,olardın’ ko’n’il-ku’yin jumıs ornında ko’teriw profilaktikaları a’melge asırılıwı kerek.Bul ushın psixologiyalıq ju’kten qutılıw ushın dem alıs minutları sho’lkemlestiriledi.

---

[1] Елимизде демократиялық реформаларды жәнеде тереңлестириў ҳәм пухаралық жамийетти раўажландырыў концепциясы.Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының мәжилисиндеги баянаты // Еркин Қарақалпақстан 2010.16 ноябрь

Sonday aq jumıstın’ o’ndirislik formasında estetikanın’ roli ayrıqsha.Durıs estetika,estetikalıq quramalı,ko’pqırlı qubılıs.Bul ka’rxananın’ sırtqı ko’rinisi yamasa jumıs ornı g’ana emes,al sonın’ menen birge kiyim,o’ndirislik binalardın’ intereri.Binalardın’ sulıw arxitekturası,ishki binalardın’ bezetiliwi,kewil ku’ydi ko’teriw imkaniyatın beredi,adamlardı do’retiwshilik miynetke bag’darlaydı.Qa’nigelerdin’ korsetiwinshe diywal,ayna,kapılardı aqılg’a saykes boyaw miynet o’nimdarlıg’ın 10-15 % joqarılatadı.Al jumıs ornın durıs jaqtılandırıw miynet o’nimdarlıg’ın tag’ı da 10-16 % o’siredi.Biraq o’ndirislik estetika tek g’ana sanaat binalarının’ ha’m zavod territoriyasının’ abadanlasıwı menen sheklenbeydi.Onın’ estetikalıq sapası en’ aldı menen jumıs orınlarının’ maqsetke muwapıq rejelestiriliwi,stanok ha’m basqa da miynet qurallarının’ ko’rkemlik konstruktsiyası menen belgilenedi.Jumıs sharayatının’ estetikalıq ma’selelerin sheshiwde qurılmalardın’ ratsionallıq tu’rli ren’i,tu’r menen ren’nin’ o’z-ara baylanısı na’zerde tutıladı.

Sanaat intererinin’ estetikalıq sapasın jokarılatıwdın’ texnikalıq tiykarı zamanago’y o’ndiristi mexanikalastırıw ha’m avtomatlastırıw menen baylanıslı.Onın’ zavod ha’m fabrikalarda endiriliwi na’tiyjesinde pu’tkilley jan’a tsexlik qurılma payda boladı,al go’neden o’zinin’ tek funktsionallıg’ı g’ana emes,sırtqı estetikalıq ko’rinisi menen de ajıralıp turadı.

Turmıstın’ o’ndirislik formasının’ ajıralmas komponenti o’ndiristin’ seslik sha’rti.Ha’zirshe o’ndirislik shawqımlar menen gu’restin’ da’slepki adımları g’ana atılıp atır.Olardın’ birotala saplastırılıwı ha’zirgi bar texnikalıq u’skenelerdi jaqsısı menen,avtomatlastırılg’anı menen almastırıw almastırıwg’a mu’mkinshilik beredi.Onın’ u’stine, o’ndirislik protsesslerdin’ ba’ri birdey emes.Adamg’a zıyanı ju’da’ basım o’ndiris ma’selen,ximiya sanaatına tiyisli zavodlardag’ı iskerlikti nazerde tutsaq ,olarg’a tiyisli bolg’an jumıs orınları bu’ginliginde kewildegidey dew qıyın.Biraq jaqsılaw, jetildiriw da’ramattı talap etedi a’lbette.Ba’ribir, insan ma’pleri elimizde bas orındı iyeler eken,bug’an dıqqattı ku’sheytiw kerek.Onın’ u’stine, Aral ha’m Aral boyı,Surxandarya walayatındag’ı Sariosiё rayonı,Ferg’ana Marg’ilon sanaat rayonı,Angren-Almalıq sanaat rayonı,Nauayı sanaat rayonı h.t.b

antropogenlik zonalar ku'shli bolg'an orınlarda o'ndirislik turmıstın' o'zgeshelikleri bolıwı ta'biy ha'm og'an sa'ykes sanaat ka'rxanalarının' qurılısı,texnologiyalıq protsessler ha'm u'skenelerdi proektlew islerinde qollanılatug'ın texnikalıq qurallar ekologiyalıq qa'wipsizlik o'lshemlerin tolıq ta'miyinley almaydı [1].

Miyet protsessinde adamlar arasında formal qatnaslardan basqa formal emes,o'ndirislik turmıstın' bir sostav bo'legi bolıp tabılatug'ın qatnaslar da o'mir su'redi.Bul qatnaslar jumısshının' ko'n'il-ku'yinin' qa'liplesiwine belgili ta'siyri bar ha'm ol o'z gezeginde miynet sharayıtlarına ha'm onın' o'nimdarlıg'ına ta'sir etedi.

Son'g'ı jılları, a'sirese rossiyalı sotsiolog-alımlar turmıs obrazı, turmıs,o'ndirislik turmıs boyınsha ma'lim izertlewler ju'rgiziw menen birge ko'p g'ana ka'rxanalarda konkret-sotsiologiyalıq izertlewler ju'rgiziw laborotoriyaları barlıg'ına dıqqat awdaradı[2].Al ma'lim u'lken zavodlarda sotsiologiyalıq ilim-izertlew bo'limleri ha'm bar.Sotsiologlar jumısshılardın' ko'n'il-ku'yine ta'sir etiwshi faktorlardı,miynetke qatnastı qa'liplestiriw h.t.b izertleydi.

O'tkerilgen izertlewlerge ılayıq ,kollektivtegi qatnaslardan g'ana emes,al jumısshılardın' individuallılıg'ının' sırtqa shıg'ıwınan,kollektiv penen individuallıqtın' uyg'ınlasıwının' ko'p g'ana parametrlerinen jumısshılardın' ko'n'il-ku'yi g'a'rezli.Bul jag'day o'z gezeginde o'ndirislik ko'rsetkishlerge ta'sir etedi.Aytayıq,joqarı ko'n'il-ku'yge iye tokarlar miynet o'nimdarlıg'ın 0,8-4,2 % ge,al ko'n'il-ku'y to'menlegende miynet o'nimdarlıg'ı 2,5-2,8 % pa'seygen.

Bunday izertlewler AQSh,Angliya,Germaniya sıyaqlı ellerde ha'm o'tkeriledi.AQSh sotsiologlarının' izertlewinshe jumısshının' jaqsı ko'n'il-ku'yi miynet o'nimdarlıg'ın 0,9 %,shan'araqta jaqsı qatnaslar 0,5 % ke,kollektivte jaqsı qatnaslar 1,0% joqarılaydı eken.Jaman ko'n'il-ku'y miynettin' o'nimdarlıg'ın 1,2

---

1 Ю.Шодимеров Ижтимоий экологияга кириш Қ.1 Т.Укитувчи 1994 163-164 бет

2 Бабыков Е.М Прикладная социология:учебные пособие Минск,2000:Давыдова Н.М ,Седова Н.Н Мардиально-имущественные характеристики и качество жизни богатых и бедных Социологические исследования 2004№2 с 21-0-30

% pa’seytedi eken.Durıs,o’ndirislik turmıs tuwralı bul izertlewlerde ekonomikalıq maqsettin’,paydanın’ birinshi planda turıwın ha’m yadtan shıg’armawımız kerek.

Tikkeley insan talapları ha’m ma’deniy qayta qurıwlar,tu’pkilikli o’zgerisler a’melge asırılıp atırg’an g’a’rezsiz elimiz jag’dayında o’ndirislik turmıstın’ jetiliwinin’ bas maqseti adam miynetinin’ mashinalıq iskerliktin’ tu’rinen do’retiwshilikke aylandırıw bolıp tabıladı.Sol ushın da miynettin’ mazmunı,onın’ sharayıtları sapalı o’zgerislerge iye.Bulardın’ ha’mmesi jeke adamnın’,shaxstın’ ha’rta’repleme ha’m garmoniyalıq rawajlanıwına imkaniyat beredi.

Solay etip, turmıstın’ o’ndirislik forması basqa formaları sıyaqlı turmıstın’ bas sotsiallıq funktsiyasın-jumısshının’ fizikalıq ha’m ruwxıy ku’shlerin qayta tiklewdi atqaradı.Biraq turmıstın’ u’ylik,shan’araqlıq ha’m ja’miyetlik formalarınan ayırmashılıg’ı sonda,adam ku’shlerinin’ tikleniw protsessi tikkeley o’ndiriste keshedi.Tap usı formada turmıs og’ada tez ha’m jiyi-jiyi adamnın’ o’ndirislik iskerligi menen sıbaylasadı.

Turmıstın’ o’ndirislik formasının’ ha’mme qa’siyetleri ha’m elementlerin qamtıw imkaniyatı bolmadı.Sonın’ o’zinde ha’m aytılg’anlardan aq onın’ quramalılıg’ın ha’m ko’pqırlılıg’ın,turmıs formaları sistemasındag’ı ornın,erkinliginin’ qanshelli da’rejede ekenligin ha’m basqa formaları menen ten’ligin an’law mu’mkin.

Qullası,turmıstın’ strukturası quramalı xarakterge iye.Ol qatıp qalg’an turaqlılıqqa iye emes,al mudamı o’zgeriste boladı.Onın’ rawajlanıwı anaw ya mınaw ja’miyette qa’liplesken sotsiallıq-ekonomikalıq qatnaslardan g’a’rezli boladı.Bir waqıtları jumıstın’ basım keliwshi forması u’ylik,shan’araqlıq bolsa,baska uaqıtlarda ja’miyetlik ha’m o’ndirislik formaları boladı.Bunı turmıstın’ materiallıq ha’m ruwxıy ta’repleri haqqında ha’m aytıw mu’mkin.Eger ja’miyettin’ rawajlanıwının’ da’slepki,ertedegi etaplarında turmıstın’ u’ylik,shanaraqlıq forması basım bolsa,biraz keyingi basqıshlarında geybir momentlerde ruwxıy ta’repi basım boladı.Turmıstın’ formaları ha’m ta’repleri ha’m o’z-ara belgilengen ha’m dialektikalıq birlikte.

Turmıstın’ ha’r bir strukturalıq elementi o’zinin’ spetsifikalıq sotsiallıq funktsiyasına iye.Sonın’ menen birge onın’ barlıq quramlas bo’lekleri turmıstın’ bas sotsiallıq funktsiyasın atqarıwg’a umtıladı.Turmıs,biraq adamnın’ fizikalıq ha’m ruwxıy ku’shlerinin’ tikleniwine,kayta o’ndiriliwine mumkinshilik jaratıp g’ana qoymaydı,al jeke adamnın’,shaxstın’ qa’liplesiw ha’m rawajlanıwının’ sotsiallıq faktorlarının’ birinen esaplanadı.

## 2 Bap.G’a’rezsizlik sharayıtında turmıstın’ tu’pkilikli qayta qurılıw ma’seleleri.

### §1.G’a’rezsizlik-xalıqtın’ turmısının’ tu’pkilikli o’zgerislerinin’ bas sharayıtı.

Burıng’ı Awqamnın’ tarqap,onın’ quramındag’ı xalıqlardın’, sonın’ ishinde o’zbek ha’m qaraqalpaq xalıqlarının’ g’a’rezsizligine erisiwi ha’m ja’miyetlik turmıstın’ ha’mme sferaları boyınsha o’z biyligin parawan joqarının’ biyligine «za’ru’r bolmaw» a’melge asırıwı xalıqlar tariyxında ten’i tayı joq u’lken burılıs momenti ha’m usı sebepli ol adamzat rawajlanıwında haqıyqıy tariyxtın’ baslaması boldı.Bul bas-ayag’ı jigirma jıldan sa’l ko’birek da’wirde sapalı o’zgerisler ju’z bermekte.Bul o’zgerislerdin’ xarakteri fundamentallıqqa iye.En’ aldı menen menshiktin’ ha’mme formalarının’ parawan iske tu’siwine ha’m huqıqıy ha’m real mu’mkinshilikler,sotsiallıq-siyasiy ha’m ma’newiy sferalar boyınsha ja’miyet ag’zalarının’ ma’mleketlik, puxaralıq islerin basqarıwda shın ma’niste qatnasıwı,basqasha aytqanda,o’z qatnaslarına o’zleri iyelik etiwi,ma’newiyatının’ ha’mme komponentlerinin’ tutas tu’wellengen jag’dayda iske tu’siwi h.t.b elimizde jan’a da’wir-g’a’rezsizlik da’wirinin’,onda jasawshı pu’tkil xalqımızdın’ turmıs obrazının’, onın’ quramlas bo’legi turmıstın’ qa’liplesiwinin’ ha’m rawajlanıwının’ alg’ı sha’rtleri esaplanadı.

Belgili, 74 jıldan ko’birek waqıt du’nya kartasında Sovet Sotsialistlik Respublikalar Awqamı atamasına iye ha’m u’lken territoriyag’a iyelik etken du’zim hu’kim su’rdi. Bul du’zim kommunizm ideyası menen suwg’arılg’an ideologiyag’a ha’m basqarıwdın’ basqarıwshılıq-buyrıqpazlıq sistemasına iye bolar eken, onın’ quramında bolg’an elimiz xalqı basqa awqamlas respublikalar xalıqları sıyaqlı effektivsiz sotsiallıq-ekonomikalıq siyasat u’stemliginde jasadı.Bul jag’day o’tken a’sirdin’ 80-jıllarının’ aqırına kelip O’zbekstan xalqının’ jasaw sharayıtların birotala awırlastırdı ha’m ko’plegen problemalardın’ qısqısına saldı.Bul jag’daylardı ele de teren’irek tu’siner ekenbiz, adamlardın’ qatnasları olardın’ u’stinen hu’kim su’rgen turmıs obrazının’ quramlas bo’legi bolg’an turmıstın’ qanshelli awır sharayıtlarına tap bolg’anın ko’z aldımızg’a keltiriw

mu'mkin. Qaraqalpaqstanlı tariyxshılar Ken'es hu'kimeti tusındag'ı birneshe repressiyalardı atap ko'rsetedi. Ma'selen, 1917-1922 jıllardag'ı A'miwda'ryanın' to'mengi jag'ında jergilikli xalıqlardın' ko'terilisinin' ayawsız bastırılıwı bul du'zim tariyxında birinshi repressiya esaplanadı.Ekinshi repressiya 1928-30 jılları bolıp o'tti.Bul jılları orta diyxanlar ,demek diyxanlardın' toq bo'legi repressiyalandı.Bul bay kulaklardı saplastırıw sıpatında a'melge asırılar eken,eziwshi klasstın' qarsılıg'ın joq etiwge qaratılg'an proletariat diktaturasın ornatıw bag'darındag'ı ma'jbu'riylik zorlıq edi.Ga'p sonda xalıq bul jag'dayda shın ma'nisinde jerge-awıl turg'ını ushın ku'n-ko'ristin' birden-bir deregine ko'zine diyxansha qatnastan ajıralıp qaldı.Durıs, diyxanshılıq penen shug'ıllanıwshı ha'rbir adam o'zin onshelli ta'biyattan ajırata almay tan' atqannan ku'n batqang'a shekemgi aralıqta miynet eter eken,jumıstan bos, sawa waqıttın' o'zi joq esabı.Onın' waqtının' bul bo'legi tiykarg'ı ba'ntliktin' tu'rine-diyxanshılıq penen shug'ıllanıwg'a o'tlesip ketken. Qullası, konkret da'rejede jeke ha'm ja'miyetlik,individuallıq ha'm sotsiallıq turmıstın' sonshelli pite qaynawına qaramastan nag'ız diyxannın' o'z isine beriliwi,turmıslıq praktikasındag'ı alıqlıg'ı-reallıq. Diyxanlıq kelbetten ayırıw son'g'ılıg'ında ha'm ko'p qıyınshılıqlardı boldırg'anı anıq.

U'shinshi repressiya ha'm usı jıllarg'a tuwra keledi.Arab a'lippesinen latın a'lippesine o'tiw barısında barlıq arab a'lippesinde jazılg'an kitaplar ha'm qoljazbalar joq etiliw siyasatına tap boldı.Na'tiyjede,xalıqtın' turmıs obrazına tikkeley qatnaslı adamlardın' a'sirler boyı qa'liplesken qarım-qatnas ha'm minez-qulqının',iskerliginin' ma'deniy formalarına tek zıyan keltirildi.Axırı,xalıq arab a'lippesi arqalı turmıs obrazın,turmısın ruwxıy qa'driyatlarg'a qatnas penen g'ana emes,al olardı ku'ndelikli turmısında iyeler edi.

Repressiyanın' to'rtinshisi 1933 jılı a'melge esırıldı.Bul paxta menen Qaraqalpaqstanda paxta egiwdi jedellestiriwge baylanıslı boldı.

Besinshi repressiya 1934-1936 jılları g'alaba kolxozlasıwg'a ,kolxozg'a kiriwge ma'jbu'rlew arqalı a'melge asırıldı.

Altınshı repressiya 1937-1938 jılları bolsheviklerdin' buxarinshilerdi xalıq dushpanı saxnasına qoyıw siyasatına baylanıslı o'tti[1].

Ekinshi jer ju'zlik urısta xalıqtın' ko'p azamatlarınan ayrılg'anı azday, ol tamam bolg'annan keyin de repressiyalar dawam etti[2].

Qayta qurıw (perestroyka) dep atalg'an da'wirlerde de repressiyalıq ha'reketlerdin' ju'zege asqanlıg'ı belgili.1986-1989 jılları aralıg'ında Qaraqalpaqstanda «paxta isine» baylanıslı bolg'an birneshe adamlar gu'nası bolıw-bolmawına qaramastan qamaqqa alındı.Bunnan juwmaq sol:Ken'es hu'kimeti tariyxın ma'lim sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy o'zgerisler tariyxı dewden go're repressiyalar tariyxı dew durıslıqqa kelse kerek.

Bul qıyın jag'daylardı basınan keshirgen xalqımızdın' shınında da,joqarıda eskertkenimizdey aq, o'tken a'sirdin' sekseninshi jıllarının' aqırına taman jasaw sharayıtlarının' pa'sen'lewi ha'tteki awırlasıwı ju'da' shegine jetti.Bular burıng'ı Awqam ju'zege keltirgen sotsiallıq-ekonomikalıq problemalarda ayqınlastı.Olar: azıq-awqat produktları menen ta'miynlew da'rejesinin' pa'seyiwi; transport,sawda,den-sawlıqtı saqlaw,u'y-jay qurılısı tarawlarındag'ı xızmet ko'rsetiwdin' sapasının' pa'sen'lewi; tutınıw tovarlarının' tam-tarıslıg'ı;miynet rejimi ha'm og'an haqı to'lew,dem alıs sharayıtlarının' jamanlasıp barıwı;puldın' qa'dirsizleniwi h.t.b.Bulardın' ha'mmesi o'ndiris ha'm miynet ta'rtibinin' keskin pa'seyiwine alıp keldi.

O'zbekstan sharayıtında da ju'da' keskinlikke iye problemalar ju'z berdi.Aytayıq, respublikada demografiyalıq jag'daydın' ju'da' quramalasıwı, keskinlesiwi. Statistikalıq mag'lıwmatlarg'a su'yensek, 1979-1989 jıllar aralıg'ında respublikada ja'mi xalıqtın' sanı 15379,4 mın' adamnan 19810,0 mın' adamg'a yakiy 28,8 % ko'beygenin ko'remiz. Bul da'wirde xalıqtın' jıllıq o'siw tempi 2,8 % turadı. 1991 jılg'a kelip xalıqtın' sanı 20,7 million adamnan asıp, 1990 jılg'a salıstırg'anda 1386 mın' adamg'a o'sken.Bul ko'rsetkishlerden sol na'rse anıq,olar pu'tkil Awqamdag'ı o'siw tempinen u'sh barabar ko'p.Biraq

---

[1] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы.Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем Н,Қарақалпақстан,2003 5-б.

[2] Сонда…..

xalıqtın' sonshelli o'simine qaramastan olardı xalıq-xojalıg'ının' tarawlarında jumıs penen ta'miyinlew a'melge asırılmadı.

Na'tiyjede adamlardın' ku'ndelikli ku'n-ko'risi ju'da' pa'seyip ketti. Onın' u'stine, ekonomikanın' bir jag'ınan,ha'dden tısqarı ja'miyetlesiwi aqıbetinde tek awıl-xojalıg'ında emes, sanaatta shiyki zattı birinshi qayta islew u'stinlik qılıp,produktsiya shıg'arıwdı izine deyin jetkiziw, hesh bolmasa tutınıw tovarların qayta isleytug'ın tarmaqlardın' da pa'seyip ketiwi tan' bolmay qaldı. Axırı,xalıqtı jumıs penen ta'miyinlew itimalı ko'birek, elektronika, a'sbapsazlıq, radiotexnika, quramalı ruzgershilik texnikasın o'ndiriw ha'm basqa da aldın'g'ı sanaat tarmaqlarına itibar berilmedi.Qaytama suw ko'birek talap etiletug'ın onın' u'stine,zıyanlı xojalıq tarawları rawajlana berdi. Tag'ı bir ashınarlı jeri sol, paxta mapazı, jipek sıyaqlı shiyki zat produktsiyaları sırtqa ketip,8-9 milliardlıq sumg'a jaqın tayar produktsiya sırttan alınıp kelingen.

O'ndiris ku'shinen en' aldı menen sanaat obektlerine stixiyalı,anıg'ırag'ı o'z basımshalıq penen, buyrıqpazlıq penen qabıl qılıng'an qararlar tiykarında,ilim-pa'n wa'killerinin' usınısları esapqa alınbastan jobalastırılıwı menen a'melge asırıldı. Bul respublika xalqının' ekonomikasına ,xalıqtın' jasaw ekologiyasına zıyan berdi, xalıqtın' turmıslıq ta'miyinleniwine, adamlardın' jasawı ha'm kamal tabıwına ju'da' unamsız ta'sir etti.

Respublikanın' sotsiallıq jag'dayı, adamlardın' sotsiallıq ta'miyinleniwi ha'm olardı sotsiallıq qorg'aw birotala qanaatlandırarsız jag'dayda qaldı. Ayrıqsha, awıl xalqının' 5 protsenti g'ana vodoprovod penen,ishimlik suw menen ta'miyinlew 50 protsentti,ta'biy gaz benen ta'miyinlew 17 protsetti g'ana tutar edi.

Xalıqtı u'y-jay,sawlıqtı saqlaw, ma'deniyat, ma'deniy turmıslıq xızmet ko'rsetiw obektleri, mektepler, balalar baqshaları h.t.b ta'miyinleniwinde de alg'a jıljıw bolmadı. Qullası, O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan burıng'ı Awqam quramında uzaq jıllar dawamında hu'kim su'rgen ha'kimshilik-buyrıqpazlıq sistema ta'sirinde tek g'ana shiyki zat jetkizip beriwge tiykarlang'an artta qalg'an ekonomikag'a iye bolıp,bul halat respublika xalqı da'ramatları ha'm turmıs da'rejesine biraz keskin ta'sir etti.

Sonı da aytıwımız kerek,bul da'wirde tiykarg'ı ekonomikalıq ha'm sotsiallıq ko'rsetkishler boyınsha respublika Awqamdag'ı ortasha ko'rsetkishten ha'm ko'p artta qalg'an edi.Jan basına esaplag'anda ulıwma ja'miyetlik produktsiya shıg'arıw boyınsha Awqamlas respublikalar arasında 12 orındı,da'ramat da'rejesi,tiykarg'ı produktsiyalardı tutınıw boyınsha en' aqırg'ı orınlardı iyelegeni anıq.Xalıqtın' jan basına milliy da'ramat toplaw da'rejesi 2 ese,xalıqtın' tutınıw tovarların o'ndiriw boyınsha 2,5 ese,sanaattag'ı miynet o'nimdarlıg'ı boyınsha 2,5 ese, awıl-xojalıg'ındag'ı miynet o'nimdarlıg'ı boyınsha 2,5 ese xalıqtın' orta esap penen un o'nimleri,tuxım,suw ha's su't o'nimlerin tutınıw boyınsha 2 ese artta qalg'an [1].

Sonı ha'm aytıwımız sha'rt, sol da'wirde ku'n keshiriw ushın ayına orta esap penen 85 sum za'ru'r bolsa, 75 sumnan kemirek da'ramat alatug'ın xalıqtın' u'lesi Awqam boyınsha 12 protsetten sa'l ko'birek bolsa, O'zbekstanda 45 protsentti tutqan. Bul 8 million 800 mın', derlik 9 million ada madam degen so'z. Bir million adam qolınan keletug'ın is taba almay, jumıssız ju'riwge ma'jbu'r bolg'an.

Sotsiallıq infrastrukturanın' ko'p g'ana tarmaqları sawlıqtı saqlaw,xalıq ta'limi,mektepke shekemgi balalar mekemelerinin' awır awhalda bolg'anlıg'ın da aytıwımız kerek. Ma'selen, mektep ha'm awrıwxanalardın' 60 protsenti kewilge qonımsız, ha'tteki avariyalıq awhaldag'ı binalarg'a jaylastırılg'an edi.

Bul jag'day a'lbette birinshi gezekte sol da'wirde insannın' ha'rta'repleme kamal tabıwı, onın' individuallıg'ı menen sotsiallılıg'ının' uyg'ınlasıwı,jeke adam sıpatında ju'zege shıg'ıwı bılay tursın, onın' o'mir su'riwi, jasawı ushın en' elementar na'rselerdin' de jetispegenligin an'latadı.

Bunday awır awhaldın' O'zbekstanda, sonın' ishinde Qaraqalpaqstanda ju'zege keliwinin' tiykarg'ı sebepleri o'tken a'sirdin' 30-jılları baslarındag'ı ekonomikanı basqarıwda tikkeley ha'kimshilik-buyrıqpazlıq usıllarg'a zor beriliwi, bunın' ekonomikag'a ko'zsiz qatnasının' ku'sheyip bara beriwi, u'lkenin' aq patsha tusındag'ıday shiyki zat bazasına aylandı,u'lkenin' jergilikli, sotsiallıq-

[1] Демографический ежегодник СССР 1990 М.1990 с 39.Население Республики Узбекистан –Т.2001 Статистический сборник Т.2002 с 34-35.

ekonomikalıq o’zgesheliklerine jeterli da’rejede itibar berilmedi, ha’tteki pisent ha’m ettirilmedi. Ekonomikalıq ha’m sotsiallıq tarawlarda jedel rawajlanıwg’a baylanıslı oraylıq komplekslerde ulıwma awqamlıq miynet bolmısında O’zbekstannın’ ornı ha’m roline aq patsha tusındag’ı koloniallıq qatnas,kommunistlik keleshek penen utopiya menen g’ana almastırıldı.

Durıs, burıng’ı du’zim tusında ma’lim ilajlar ha’m a’melge asırılg’an edi,biraq olardag’ı sistemasızlıq, basqasha aytqanda,biri menen birinin’ baylanıssızlıg’ı sebepli olar yarım jolda qala berdi. Ha’tteki, respublikanın’ ayırım regionlarında sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıw salasında jol qoyılg’an qa’telerdi du’zetiw ushın Oray ta’repinen to’reli a’meliy is qılıng’an emes.

G’a’rezsizlikke erisiw qarsan’ında aq,respublikag’a jan’a basshının’ keliwi menen basqarıwshılıq bag’darı xalıqtın’ imkaniyatı bazasında sotsiallıq qorg’awg’a qaratıldı. Axırı, bul da’wirde sotsiallıq qorg’awdın’ deregi oraylasqan basqarıw edi. Onın’ u’stine, miynet sharayıtları, miynetti qorg’aw, sotsiallıq ta’miyinlew ko’birek direktivalıq xarakterde bolar eken, g’a’rejet ha’m resurslar qa’wipli miynet sharayıtların kompensatsiyalawg’a, ma’selen, qosımsha miynet haqı, lgotalar,lgotlı pensiyalar beriwge bag’darlanar edi.

Tag’ı da talap ha’m jen’illiklerdin’ xalıqtın’ mu’ta’j yakiy mu’ta’j emes bo’leklerine biyparqlıg’ı,materiallıq ja’rdem alıwshılardın’ o’z ku’shleri menen erisiw imkaniyatlarının’ inabatqa alınbawı ha’m usı negizde xalıqtın’ ma’lim bo’leginde iyek artıwshılıq keyip, biyrawalıq, initsiativasızlıq, ja’miyette marginallıq ju’zege keldi.

Ha’kimiyat organları ierarxiyasında sotsiallıq ja’rdem ko’rsetiwge wa’killik ha’m juwapkershilik anıq ha’m ayqın shekke iye bolıp, bo’listirilmegenlikten olardın’ ha’rbiri sotsiallıq talap ha’m jen’illiklerdi,imkaniyatı barınsha, bo’listiriw ha’m finanslastırıwdan bas tartıwg’a deyin kelgen.

Aytıwımız kerek,turmıs ha’m onın’ ha’mme sferaları adamlardın’ ko’p tu’rli ja’miyetlik o’mirinen, jasawınan bo’lek bola almaydı, turmıslıq qatnaslar ja’miyetlik qatnaslardın’ quramlas bo’legi bolar eken ,joqarıda keltirilgen jag’daylar sonı ko’rsetedi,miynet adamının’ o’ndirilgen o’nimi onın’ o’zine

qaytpaydı. Adam menen onın' miynetinin' ha'm o'niminin' arasındag'ı almaslaw payıtında onın' shan'araqlıq, o'ndirislik ha'm ja'miyetlik sferalarının' ushlasıwı tu'we elementar turmıslıq talapların qanaatlandırıwg'a imkaniyat joq. Axırı, adamnın' materiallıq ha'm ruwxıy ko'nlikpelerinin' birden-bir deregi esaplanatug'ın miynet ha'm miynetke qatnas normada bolmasa onda qanday bereket bolıwı mu'mkin ? O'ndiris penen tutınıwdın' qarama-qarsılıg'ının' ku'sheyiwi ha'm onı sheshiw jollarına biyparwalıq en' aldı menen adamnın' jeke, shan'araq sferasındag'ı turmısına unamsız ta'sir etpewi mu'mkin emes. Axırı, bul adamnın' semyadag'ı materiallıq ha'm ruwxıy za'ru'rliklerine barıp tireledi. Ol arqalı ja'miyettin' pu'tkil jag'dayın seziw mu'mkin. A'sirese semyalıq turmısqa, u'ydin' uytqısı bolg'an hayaldın' birn tapsa, birin tappaytug'ın awhalda ya jumıs islep, ya jumıstan kelip, bala-shag'ag'a pa'rmana bolıwı biraz qıyınshılıqlarg'a iye bolıwı ta'a'jip emes. Belgili kinostsenarist, kino rejisser Satıbaldı Narımbetov hayaldın'

ku'lkisi ko'p shıqqan ha'm esitiletug'ın el dep a'ytewir aytpasa kerek. Sonın' ushın shan'araqtı sotsiologlar ja'miyetke qaraytug'ın lupa dep atawında jan bar[1].Bulardın' ha'mmesinin' negizinde, artıg'ıraq bolsa da qaytalayıq o'ndiristin' maqseti turadı.Eger o'ndiris miynet adamının', miynet etiwshinin' massanın' ma'plerine qaratılmasa, bul aytılg'an jag'daylar ha'wij ala beredi. Kerisinshe, insannın' ma'pinen joqarı ma'ptin', insannan joqarı ta'biyattın' joq ekenligi na'zerde tutılg'an gumanistlik printsip hu'kim su'rse,onda o'ndiris penen tutınıwdın' individuallıq penen sotsiallıqtın' ara qatnası birin-biri talap etetug'ınlıg'ı garmoniyalıqta bola aladı.

Bul aytılg'anlarg'a juwaptı sol da'wirdegi a'piwayı g'ana mısallardan ko'riw mu'mkin. Aytayıq, jumıssızlıq, jumıssızlardın' sanının' ha'dden tısqarı asıp barıwı. Burıng'ı Awqam bul ma'selege onsha kewil bo'lmes edi. Bo'linse de tın' partaw jerlerge, onın' tipindegi gaz tartıw,gigant qurılıslarg'a jumısqa tartıwg'a ku'sh salınar edi. Bul bir. Ekinshiden, awıldag'ı jan'a is orınların jaratıw derlik joq esabı edi. Axırı, jerler ximikattı juta-juta din'kesi qurıg'an edi. Xalıq ju'da' tıg'ız

---

[1]Нарымбетов Сатыбалды ҳаялдың күлкиси көп еситилген ел бақытлы ел. Общественная позиция 2010 10-март

jaylasqan Fergana alabında bunın’ ju’da’ problemalı ekenligi tu’sinikli bolsa kerek. Ha’tteki miynetti sho’lkemlestiriwdin’ jan’a, tu’ri, ma’selen shan’araqlıq podryad sıyaqlı xojalıq ju’ritiw formaların,aytayıq jerdi diyxan erkine beriwdi ja’riyalag’anda ha’m adamlardın’ kewlinen shıqqanday da’ramat alıw imkaniyatlar az edi.Qashqadarya oblastında xalıqtın’ Qarshi sho’llerine uyımlasıw jag’dayın ko’shiriw bolg’anı bar.Biraq, son’g’ılıg’ında ko’ship barg’an 600 shan’araqtın’ tek 40 shan’arag’ı g’ana qalg’an. Bul sonı an’latadı, a’lbette birinshi gezekte ko’ship barg’an adamlardı jumıs penen ta’miyinlew nasazlıg’ına qosa ma’deniy-turmıslıq infrastrukturanın’ kemisligi.

1989 jıldın’ 24 iyuninen respublikada basshılıq etip baslag’an İslam Karimov bul mashqalalardı ashıp g’ana qoymastan olardı sheshiwdin’ jolların ha’m tan’ladı.Bul boyınsha is orınlarının’ jaratılıwı o’ndiris quramının’ xalıqtın’ jasap turg’an ornınan uzaqta bolmaslıg’ı ha’m effektivlikke iye miynet esabınan kerekli da’ramatqa iye bolıwı kerek.

İslam Karimov respublika basshısı bolg’an ku’ni aq O’zbekstan SSSR Ministrler Sovetinin’ Fergana alabı oblastların sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwdı jedellestiriw ma’selelerine bag’ıshlang’an Ken’esinde «Biz bunnan bılay eskishe jasay almaymız ha’m bunday jasawda zamannın’ o’zi jol qoymaydı» atamasında shıg’ıp so’ylegen so’zinde xalqının’ sanı ko’p Qıtaydı mısalg’a keltiredi. Ol jerde sanaat o’niminin’ 40 protsenti awıllıq jerlerde alınadı eken. Bul elde u’lken ka’rxanalardı qura beriw sha’rt te emes. En’ qolaylı jag’day sol:adamlar bir waqıttın’ ishinde o’zinin’ jeke xojalıq isleri menen de shug’ıllanadı. So’ytip qosımsha da’ramat deregine de iyelik etedi «Aytıwımız kerek, Qıtayda xalıqtın’ sanı bizge qarag’anda birneshe barabar ko’p. Lekin Qıtay qanday bir jollardı jawıp bul problemalardı tabıslı hal qılmaqta. O’zin’iz itibar berin’, bu’gingi ku’nde Qıtay qanday suratlar menen rawajlanbaqta, xalqının’ turmıs da’rejesi qanshalıq o’sip barmaqta. Eger Fergana alabı haqqında so’z ju’ritetug’ın bolsaq biz hal etpekshi bolg’an ma’sele birew qanday qılıp jumıs orınların jaratıw, bunın’ ushın ne qılıwımız kerek»[1].

[1]Ислом Каримов Узбекистон мустақилликка эришиш остоносида.Т «Узбекистон» НМИУ,2011 йил 36-бет

Belgili, bul so'zler a'ytewir aytılmag'an. A'sirese, ol waqıtları Fergana alabında jumıs orınların jaratıw isi ju'da' aktuallıqqa iye edi.Ha'tteki alabtın' ma'lim jerlerinde jen'il sanaat tarmaqları bolıwına qaramastan, ol jerdegi adamlardı,a'sirese jaslardı jaylastırıwda jergilikli ha'kimiyattın' biyparwalıg'ı, juwapkersizligi, ha'mmesin o'zi boladılıqqa salıwg'a u'yrengen a'det ha'm joq emes. O'z biyliginshe, initsiativalıq penen jumıs islewge a'detlenbewshilik sonshelli da'rejege jetken,endi bul mashqalalardı kimdur sırttan kelip sheship beredi degen qam qıyalda ju'rgen.

Jergilikli ha'kimiyat basshıları jan basına qansha da'ramat tuwra keletug'ınlıg'ı bunnan bılay adamlardın' ku'n keshiriwi qanday boladı axırı, bunnan pa's da'ramatlar menen jasaw mu'mkin emesligin de bilmegen.Sol jılları pensioner,kolxozshı bar jog'ı 42 sum alg'an.

1990 jılı respublikada xalıqtın' jan basına tuwra keletug'ın pul da'ramatları 571 xalıq jan basına tuwra keletug'ın real pul da'ramatları 551 AQSh dollarınn tutqan.Bul ko'rsetkishler boyınsha O'zbekstan burıng'ı Awqamdag'ı ma'mleketler arasında en' aqırg'ı orınlarda turg'an.

Bul mashqalalardı sheshiwde islengen da'slepki jumıslardın' biri bul 1989-jılı 17 avgustta «Awılda jasawshı ha'rbir shan'araqtı tamorqa menen ta'miyinlew, olarg'a jeke ta'rtipte u'y-jay qurıw ushın ba'rshe sha'rt-sharayıtlardı jaratıp beriw haqqında» qarardın' qabıllanıwı boldı. Bul qarar azıq-awqat,u'y-jay qurılısın,jumıssızlıq,hayallardın' jumıs penen ba'ntligine baylanıslı mashqalalardı sheshiw menen birge,sotsiallıq siyasiy turaqlılıq ma'selesi ha'm hal etiwdi belgiledi.A'sirese o'neri joq jaslar ushın jerdi islew ko'nlikpesin boldırıwg'a,jerge iyelik sezimin ku'sheytiwde bul qarardın' sol waqıtları ten'i-tayı joq bolg'anlıg'ın tag'ı bir ma'rtebe aytıwımız kerek.

Awıldı gaz,suw tarmaqları, ishimlik suw menen ta'miynlew ma'lim da'rejede jolg'a qoyıldı.

Burın aytqanımızday aq, Awqam tusında respublika ekonomikası bir jaqlama, tek shiyki zat bazası xızmetin atqaratug'ın halg'a tu'sip qalg'an edi .Sol

waqıtları,ma'selen O'zbekstan SSR ında sanaat produktsiyası u'lesi 50 protsentti , qayta isleytug'ın, respublika shetkerisine shıg'arılg'an awıl-xojalıg'ı o'niminin' u'lesi 80 protsentten ko'birekti,respublikadan alıp ketilip atırg'an produktsiya quramında shiyki zat,materiallar ha'm shala tayar o'nimler u'lesi 65 protsentten artıq,respublikag'a keltirilip atırg'an tovarlar quramında sanaat o'nimleri (mashinalar,a'sbap-u'skeneler,jen'il sanaat ha'm azıq-awqat o'nimleri) u'lesi 60 protsentti tutqan[1].

O'zbekstannın' g'a'rezsizligin sonın' ishinde ekonomikalıq g'a'rezsizligin ta'miyinlewge qaratılg'an strategiyası en' aldı menen ekonomikanın' quramlıq strukturasın tu'pten o'zgertiw,shiyki zat resursların,tiykarınan respublika territoriyasında islewge erisiw menen baylanıslı.Bul boyınsha o'zimizde qazıp alınatug'ın ren'li metallar, nitron, kaprolaktam, qurılıs materiallarınan tayar o'nimler islep shıg'arıwg'a o'tiw na'zerde tutıladı. Kishi ka'rxanalar,firmalar ha'm tsexlardı rawajlandırıwg'a,olardı jumıs ku'shi artıq rayonlarg'a jaylastırıw, regionlardın' sotsiallıq-ekonomikalıq halatın ten'lestiriw ushın ilajlardı ku'sheytiw, milliy da'ramattı asırıw,byudjetti turaqlastırıwdı a'melge asırıw tiyis. Sonday aq,bul jerde turmıs ma'selesine dıqqattı ku'sheytiw ha'm bar. Sebebi, sol na'rseni jaqsı tu'sinip alıwımız kerek,miynet adamının',miynetkesh massanın' turmısına dıqqat bo'lmey xojalıqtıqayta tiklew,onı tu'pkilikli o'zgertiw mu'mkin emes.Eger pu'tkil adamzattın' birinshi o'ndiriwshi ku'shi adam,miynet adamı ekenligin qaraytug'ın bolsaq,onın' materiallıq ha'm ruwxıy talaplarının' miynet sferasında ha'm miynetinen tısqarı sferada ha'm qanaatlanıwı ju'zege kelmese,ja'miyettin' o'zinin',pu'tkil adamzattın' tikleniwi qıyın ha'm mashqalalı.Sonın' ushın da xalqımız turmısın mu'na'sip da'rejede ko'teriw ushın bar resurslar ha'm baylıqlardı paydalanıwda adamlardın' turmısın jaqsılawdın' sha'rt-sharayıtların jaratıw maqsetinde ju'zege shıqqan tovar konyunkturasın izbe-izlik penen esapqa alıp barıw da na'zerde tutılg'an.

Oblastlar, rayonlarda,kishi sha'ha'r ha'm poseloklarda ko'p tarmaqlı sanaat kombinatların qurıw menen bizge xalıqtın' ko'rkem-a'meliy iskusstvo ha'm xalıq

[1] Узбекистон Республикаси Президенти Ислом Каримовнинг Узбекистон мустақилликка эришиш остонасида китобини урганиш буйича ўқув-услубий қўлланма Т.2012 30-б.

o’nermentshiligin qayta tiklew, xalıq ushın za’ru’rli tovarlar, jergilikli qurılıs materialların islep shıg’arıw tarmaqların ken’eytiw ma’selelerine de dıqqat bo’lingen.

Xalıqtın’ turmısının’ jan’alanıwında tu’pkilikli qayta qurılıwında bul da’wirdegi respublika awıl xojalıg’ın rawajlandırıw boyınsha shara-ilajlardın’ da ornı ha’m roli ullı. Bul boyınsha, a’lbette birinshi gezekte is haqını asırıw na’zerde tutılg’an edi. Aytayıq, paxtanı qol menen teriw ha’m mashina menen teriw ushın to’lenetug’ın haqını asırıw,a’lbette paxtanın’ sapasın jaqsılawg’a barıp taqaladı. Bul o’zinen-o’zi a’melge asırılmaydı.Awıldag’ı sotsiallıq problemalar sheshiliwi tiyis.Aytayıq,balalar baqshaları,shıpaxanalar qurıw,kommunallıq ha’m ma’deniy-turmıslıq xızmet ko’rsetiw tarmaqların ken’eytiw, napaqa ha’m basqa da pul ja’rdemleri da’rejesin arttırıw uazıypaları solar qatarına kiredi.

Tag’ı bir moment, ol ha’m bolsa jeke tamarqalardı ken’eytiw.Tamarqa beriwdegi maqset jalg’ız g’ana qosımsha produkt alıwg’a erisiw menen sheklenbeydi. Bul u’y-jay qurılısın rawajlandırıw, adamlardı, ayrıqsha hayallardı is penen ta’miyinlew, kishi ka’rxanalar sho’lkemlestiriw imkaniyatların ha’m jaratadı.

Bul boyınsha a’sirese O’zbekstan SSR Prezidentinin’ «Jeke tamarqa xojalıqlarının’ iyeleribolg’an diyxanlarg’a finanslıq ja’rdem beriw ha’m olardın’ uyushması, materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew tuwralı pa’rmanina sa’ykes, diyxanlarg’a, jeke ja’rdemshi xojalıq iyelerine finanslıq ja’rdem sıpatında 1 milliard sum ajıratılıwı olardın’ sotsiallıq awhalın, turmısının’ ha’mme tu’rlerin jaqsılawda sezilerli faktor bolg’anı haq.

Bul da’wirlerde-O’zbekstan g’a’rezsizlikke erisiw qarsan’ında bazar mu’na’sibetlerine o’tiw, menshiktin’ ha’mme formalarının’ pa’rawan a’melge asırılıwı orınlı tu’rde qoyılıp, onı a’melge asırıw baslang’an edi.Aytayıq, mu’lk ha’m menshiktin’ tu’rli formalarına o’tiw ma’selesi qoyıldı. Bul boyınsha A’dillik Ministrligi, Miynet ha’m Sotsiallıq ma’seleler Ministrligi, Finans Ministrligi basqa da ma’pdar sho’lkemler menen birlikte ka’rxanalardı jeke mu’lkke,menshikke o’tkeriw ma’selesi na’zerde tutılg’an edi.

Ja'miyetlik turmıstın' sotsiallıq-siyasiy, ruwxıy sferaları boyınsha a'melge asırılg'an ilajlardın' qay-qaysısı da bul da'wirde tiykarg'ı maqsetke-insan ma'pleri, huqıq ha'm erkinliklerinin' parawan ju'zege asıwına qaratılg'an edi.

Belgili, u'lken minberlerden, Kommunistlik partiya hu'jjetlerinde sotsializmdi ha'r tamanlama plan rawajlandırıw ideyası tınımsız aytılg'anı menen,haqıyqatında birden-bir hu'kimdarlıq qılıwshı maqsetke-oraylasqan u'stemlik etiwshi ma'mleketti bekkemlewge qaratılg'an edi.

«Rejeli basshılıq qılıw, rawajlanıwda sarıp-qa'rejetten ibarat bolg'an jantasıw, respublikalarda o'ndiristin' bir tarawg'a qa'nigelesip, ekonomikalıq minnetleme da'rejesine ko'teriliwi, xalıq xojalıg'ının' ba'rshe tarmaqlarına, materiallıq ha'm morallıq emes o'ndiriske, sotsiallıq-ma'deniy tarawlarg'a ta'sir etip,ekonomikalıq o'siwdin' ulıwma dinamikasın izden shıg'arıp tasladı»[1]

Belgili O'zbekstanlı siyasatshı alım N.Juraev bul jag'daydın' xalıqtın' biliw, pikirlew, do'retiw iskerligine unamsız ta'sirin biraz konkretlestiredi.» Bir qarag'anda L.Brejnev basshılıq qılg'an, tariyxta turg'ınlıq» dep atalg'an da'wirde ma'mlekette birmuncha sokinlik ha'm tınısh turmıs ta'miyinlengendey edi. Biraq,insannın' en' ullı iqtidori-daholik qu'direti so'ndirildi,ol tuwrıdan-tuwrı o'ndiris quralı bolıp qaldı. Pikirlemey jasaw,insan oylawın sheklew, mu'na'sibet bildiriw sıyaqlı ratsionallıq potentsial joq boldı. Mutelik ha'm tobelik keypiyatı teren' tamır attı.Bul aqırınlıq penen o'z o'tmishin umıtıw, keleshekke soqırlarsha na'zer taslaw ha'm so'ytip ku'n keshiriw keypiyatın teren'lestirgen edi[2].

Shınında da erkin miynet islewge bolg'an talap so'ndiriler eken, erkin pikirleytug'ın, waqıya, ha'diyselerge erkin mu'na'sibet bildirip baha beretug'ınlardı ha'dden tısqarı, o'z basımlıqlarsha yakiy pa'mi joq adamlar sıpatında qaraw bolg'anı ras. Al o'z pikirine iye emes,basqag'a eki bu'gilip,ta'zim berip turatug'ınlar qa'dir-qımbatqa iye boldı. Bag'ındırıwshılıq, u'stemlik siyasatının' ta'biyatı, axırı sonı qa'leydi !!!

---

[1] Досумов Р.Перестройка управления промышленным производством в новых условиях хозяиствования Т.Фан 1998 с-7

[2] Жураев Н.Тафаккурдаги эврилиш Т.Шарк 2001.17б

Bul jag'daylar ja'miyettin' ma'na'wiy krizisin ku'sheytti. Xalıq ma'pin janın qıynap, pa'yik bolg'anlar joqarı ne aytsa, »qullıq, la'bbaybegim» deytug'ınlar ta'repinen soraw tergewge alınar edi. Partiyag'a ha'm siyasatqa ha'm ma'mleketke ha'm onın' jol basshılarına ha'm isenim jog'aldı, keleshekke u'mit so'ne berdi.

«Turmısqa biyparq qaraw loqaidlik aksariyat ko'pshiliktin' jasaw obrazına aylandı, »Sovet adamı o'z sayasınan shorshıp jasaytug'ın bolıp qaldı.Sebebi ju'reginin' tu'p-tu'bine qorqıw menen qazıq bolıp qag'ılg'an tobelik,mutelik tuyg'ısı onı tiri gewde halına salıp qoyg'an edi»[1]

O'zbekstannın' g'a'rezsiz dep ja'riyalanıwı ha'm g'a'rezsiz rawajlanıwg'a ja'miyetlik turmıstın' ha'mme sferaları boyınsha tiykar salınıwı menen xalıqtın' turmısının' jekelik, shan'araqlıq ,o'ndirislik ha'm ja'miyetlik formalarının' ha'mmesinde de en' aldı menen insannın' ma'pi, huqıq ha'm erkinliklerine bag'darlang'an o'zgerisler, tu'pkilikli qayta qurıwlar ju'z berdi. G'a'rezsizlik jıllarında O'zbekstan ekonomikası 37 ese xalıqtın' jan basına esaplag'anda real da'ramatları 7 ese,napaqalardın' ortasha mug'darı 9 ese,is haqı 9 ese o'sti.Eger insannın' ku'n keshiriwinin' tiykarg'ı o'zegin tikkeley den-sawlıq penen baylanıstıratug'ın bolsaq adamlardın' o'mirinin' uzaqlıg'ında unamlı jag'daydı ko'remiz. Elimizde balalar ha'm analardın' o'limi keskin qısqarg'anı, xalıqtın' ortasha o'mir su'riw da'rejesi ha'zirgi ku'nde burıng'ı Awqam aymag'ındag'ı en' joqarı ko'rsetkishlerdin' birine-73 jasqa,hayallardın' arasında bolsa 75 jasqa jetkennin' o'zi heshkimdi biyparwa qaldırmasa kerek.

Turmıstın' dinamikasın obektiv sharayatlardın', ja'miyettin', shaxstın' ku'n-ko'ris, jasawının' ko'p tu'rli formalarındag'ı obektiv sharayatlardın' enisiwi menen alıp qarar ekenbiz, g'a'rezsizlik tusında u'y-jay fondının' 2 ese asqanlıg'ın aytıwımız kerek.Bu'ginliginde elimizde shan'araqlardın' 98,5 protsenti o'z u'yi yakiy kvartirasına, awıldag'ı shan'araqlardın' 97,5 protsenti tamarqasına iye.

[1] Ислом Каримов Биз танлаган йул-демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йули II-жилд Т.Узбекистон,2003 196-б.

Ha'zir ha'r u'shinshi shan'araqta birewden, ayırımlarında ha'tteki bir nesheden avtomashinaları bar[2].

Son'g'ı jeti jıl dawamında ma'mlekettin' jılına 8,2 protsent o'siwge eriskeligi anıq ko'rsetkishler menen tastıyıqlang'an. Ja'ha'nde, ayrıqsha 2008 jıldan berli dawam etip atırg'an finanslıq-ekonomikalıq krizis sharayatında bunday ko'rsetkishlerge iye ma'mleketler kemde-kem ekenligin ha'm aytıwımız za'ru'r.

Turmıstın' qanshelli formada tu'pkilikli o'zgeriske tu'skenligin, keyingi waqıtta paytaxtımızda o'tkizilip atırg'an birneshe u'lken xalıq aralıq konferentsiyalarda, basqospalarda O'zbekstannın' kishi biznes ha'm is bilermenlik, sawlıqtı saqlaw, ta'lim sistemaların rawajlandırıw boyınsha ta'jiriybelerden ju'zlep sırt el qa'niygeleri qatnasıwında ha'rta'repleme u'yrenilip, u'lgi da'rejesinde sıpatlang'anlıg'ı tekten-tek emes. Ma'selen, u'stimizdegi jıldın' aprelinde Tashkente «Salamat a'wlad ushın» hu'kimetke qaraslı bolmag'an xalıq-aralıq qayırqomlıq qorı du'zilgeninin' 20 jıllı4ına bag'ıshlang'an «Salamat a'wlad-millettin' keleshegi» atamasında xalıq-aralıq ilimiy-teoriyalıq konferentsiyada a'sirese analar ha'm balalar o'limliginin' u'sh ese azayg'anlıg'ına itibar berilgenliginin' o'zi aq,ko'p na'rseni an'latsa kerek. Konferentsiyada sırt elli qatnasıwshılar O'zbekstanda analıqtı ha'm balalıqtı qorg'aw, ha'rta'repleme rawajlang'an jas a'wladtı ta'rbiyalawda jan'a ko'z-qaras u'lken na'tiyjeler berip atırg'anlıg'ın, bul du'nyanın' basqa ko'plegen ma'mleketleri ushın u'lgi bolıp xızmet etetug'ınlıg'ı ha'm elimizde Prezidentimiz İslam Karimovtın' basshılıg'ında a'melge asırılıp atırg'an ku'shli sotsiallıq siyasat joqarı na'tiyjeler berip atırg'anın atap o'tti.

İlgeride shıg'ıp so'ylegen «Pribori Oy» kompaniyasının' kommertsiyalıq direktorı Mariya Kivista (Finlyandiya),»Friedensdorf İnterneyshnl» xalıq aralıq sho'lkeminin' direktorı Tomas Yakobs (Germaniya),Koreya xalıqaralıq den-sawlıqtı saqlaw qorı vitse-prezidenti (KOFIH) Pak Pёng Rёl (Koreya Respublikası),Turkiya xalıq aralıq birge islesiw ha'm rawajlanıw agentliginin'

[2] Инсон манфаати ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш,ҳаётимизнинг янада эркин ва обод булишига эришиш бизнинг бош мақсадимиздир.Президент Ислом Каримовнинг Узбекстон Республикаси Конституциясининг 20 йиллигига бағишланган маросимдаги маърузасини урганиш буйича Укув қулланма Т.2013 30-б

(TIKA) O’zbekstandag’ı wa’kilxanası baslıg’ı Yavuz Jorux,Rossiya Meditsina İlimleri Akademiyasının’ meditsinalıq-genetika ilimiy orayı laborotoriyasının’ baslıg’ı Ekaterina Zaxarova ha’m basqalar usılar haqqında ayttı[1].

Qa’niygelerdin’ ko’rsetiwinshe,insan salamatlıg’ının’ 50 payızı onın’ turmıs obrazınan g’a’rezli bolsa,20 payızı genetikalıq faktor menen,20 payızı qorshag’an ortalıqtın’ ta’siri menen,al 10 payızı g’ana meditsinanın’ rawajlanıwı menen baylanıslı boladı eken[2].

Bul degen so’z, eger turmıs obrazın, onın’ birden-bir elementi bolıp tabılatug’ın turmıstı obektli-subektli qatnaslardın’ sintezinde qaraytug’ın bolsaq,g’a’rezsizliktin’ sharayıtında a’melge asırılg’an sotsiallıq-ekonomikalıq ha’m ma’deniy faktorlardın’ ta’siyrinde adam aktivliginin’ miynet ha’m miynetten tısqarı sferalarda qanshelli artqanın,shın ma’nisinde ha’m dene ha’m rux salamatlıg’ına bag’darlanıwının’ gu’wası bolamız.

A’lbette, jan’a turmıs elimizde an’satlıq penen, o’zi menen o’zi a’melge asıp atırmag’anlıg’ın aytıw menen birge bir momentke na’zer awdarıp o’tiwimiz kerek. Ol ha’m bolsa,g’a’rezsizlik tusında insanlardın’ o’zlerinin’ ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik islerin,demek a’sirler boyı u’stemlik etip kelgen o’zlerinin’ sotsiallıq qatnasları ha’m baylanısların shın ma’nisine o’zleriniki etiwge eristi. Axırı, adamnın’ miynet sferasında iygiliklerdi do’retiw boyınsha imkaniyatları, so’z joq,olardı paydalanıwdı,olar arqalı la’zzetleniwdi belgiler eken,turmıs sferası miynet sferasının’ shın ma’nisinde dawamına aynalıw tendentsiyasına iye boladı.

Belgili, adam ta’biyatı boyınsha sheklenbegen imkaniyatlarg’a iye. Adamnın’ tiykarının’,ma’nisinin’ do’retiwshilik penen ko’rinisinde ma’lim ju’kleme turmısqa tiyisli. Nege degende ma’mleket ha’m ja’miyet islerine aktiv ma’pdarlıq qatnas g’a’rezsizliktin’ haqıqıy jen’isi sıpatında adamlardı ku’ndelikli zeriktiretug’ın, kewilsiz, keyipsiz, nemquraydı keyipten oyatadı ha’m sotsiallıq aktivlik, joqarı maqset ha’m umtılıwlarg’a, massalıq jigerleniwge umtıldıradı. Bul turmıs sferasında haqıyqıy kollektivlik baslama ha’m printsiplerdin’ qa’liplesiwi

---

[1] Саламат әўлад миллеттиң келешеги // Еркин Қарақалпақстан 2013 ж 27-апрель.

[2] Сапаров Т.Саламат әўладты тәрбиялаймыз десек// Еркин Қарақалпақстан 2013 24 январь

menen baylanıslı. Bul adamzat balası ta'repinen islenip shıg'ılg'an a'dep-ikramlıqtın' a'piwayı normaların ha'm onın' milliy qa'driyatlarda sa'wleleniwi, sintezleniwindegi adamlardın' qarım-qatnas ha'm minez-qulıq qatnaslarında ma'deniyatqa tiykar bolıwı menen baylanıslı. Axırı, g'a'rezsizlik adamnın' bir ta'repleme tikkeley «individuallıq turmısqa» orientatsiyasın boldırıwg'a bag'darlang'an.» Men» ha'm «bizler» shın ma'nisinde ushlasıw, uyg'ınlasıw tendentsiyasına iye bolar eken, a'sirese ja'miyetlik turmıstın' ashıqlıg'ı, ken' ja'riyalılıg'ı onın' bul da'wirdegi tiykarg'ı belgilerinen esaplanadı.

Qullası, »to'mennen initsiativa» dep atalatug'ın adamlardın' ıqlas niyetin ulıwma is ha'm iygiliktegi olardın' iskerligi sıpatında qaray otırıp,g'a'rezsizlik tusındag'ı mudamı ha'reket etiwshi faktor ma'nisinde qaraymız. Bul adamlardın' jumıstan bos waqtında, turmısında keypin ko'teriw paytında joqarı siyasiy aktivlik ha'm sanalılıq jag'dayında a'melge asırıladı. Adamnın' sotsiallıq aktiv minez-qulqının' iskerliginin' qa'liplesiwi onın' ja'miyetlik ha'm individuallıq o'mir su'riwinin',jasawının' «proportsiyasın» belgilep turatug'ın faktorg'a aytıladı.

A'lbette, g'a'rezsizlik tusında, burın eskertkenimizdey aq,jan'a ja'miyetlik turmıstın' qa'liplesiwi,adamnın' burıng'ı mayda u'y xojalıg'ının' ta'jiriybesinen ha'm shan'araqqa qatan' baylanıp qalıwdan azat etiw menen baylanıslı bul protsess individuallıq,shan'araqlıq ha'm ja'miyetlik sho'lkemlesken turmıslıq ukladtın' ushlasıwına qaratıladı. Sonday aq bul protsessten adamlarda sotsiallıq rawajlang'an talaplardın' qa'liplesiwi ha'm olardı qanaatlandırıwdın' shın ma'nisinde adamzatlıq usıllarının' ju'zege shıg'ıwı ku'tiledi. Sonday aq turmıs obrazının', onın' turmıslıq sferasının' tu'pkilikli o'zgerisi ja'miyet ag'zalarında joqarı sanalılıq ha'm ma'deniyatlılıqtın' qa'liplesiwi menen baylanıslı.Turmıs obrazının', turmıstın' ideyalıq, intelektuallıq, a'dep-ikramlıq, ulıwma ruwxıy ka'malg'a keliwinen g'a'rezligi sonda, bul ja'miyetlik qubılıs qanshelli ja'miyetlik penen jekelik, individuallıq penen sotsiallıqtın' uyg'ınlasıwına o'z tendentsiyasın bag'darlag'an sayın joqarı ma'deniyatlı adamlardın' turmıs obrazına aynaladı, jekelik ha'm ja'miyetlikturmıs sonshelli ma'deniylesedi, ruwxıy bay individlerdin' turmıs obrazına aylanadı.

Tag'ı bir ma'selege itibar berer ekenbiz,aytılıp atırg'anlardan sol na'rse xat penen qa'lem, jan'a turmıs elimizde stixiyalı emes, al o'tken ja'miyetten miyras bolıp qalg'an reallıqtı qalay bolsa solay ısırıp taslap ha'mmesin buzıp, tıp-tıypıl qılıw negizinde a'melge asırılıp atırg'an joq. Jan'a turmısqa tariyxıy miyraslıq ta'n ekenligin,bunın' nızamlılıg'ın na'zerde tutamız.Eger bug'an itibar berilmese, bir shekleniwden ekinshi shekleniwge o'tilse, teoriyada da, praktikada da durıslı, shın ma'nisinde insanıy, ma'deniy juwmaqqa keliw mu'mkin bolmag'an bolar edi. Bir a'sirden zıyat dawam etken totalitar g'a'rezlilikten keyin bul protsess da'slepki payıtlarda ju'da' ta'biy ra'wishte o'zine ta'n «biykarlawdı biykarlaw» sıpatında keshti. Biraq biz a'welgi du'zimnin' qa'driyatların a'piwayı biykarlaw heshqanday jaratıwshılıq bag'darlamag'a iye bolmag'an ekstremizm qa'wpin tuwdırıwın an'lar edik. Sonın' menen birge, o'tmish qa'driyatldarına, da'stu'rlerine ha'm turmıs obrazına biyta'rtip ra'wishte, aldı-artın oylamay qaytıw basqa bir keyiplikke- ha'zirgi da'wirdi qabıl qılmaslıqqa, ja'miyetti jan'alaw za'ru'rligin biykarlawg'a alıp keliwi mu'mkin[1].

A'yne usı biykarlaw tolqınında ekstremistlik oppozitsiyanın' ju'zege keliw qa'wpi bolg'anı ras. Ol haslında ruwxıyatqa qarsı oppozitsiya bolıwı mu'mkin edi. Onın' siyasiy umtılısları-jawınger milletshilik,diniy mawasasızlıq, o'zimizdiki bolmag'an ha'mme na'rsege ushına shıqqanı jekko'riwshiliktin' qarıspası.

A'lbette ja'miyetimiz sol ku'nleri ju'z bergen anıq ekstremistlik ruwxtag'ı ekstremistlik ko'rinislerde ondag'ı reaktsiyanın' agressivligin,buzıwshılıq baslamanın' ha'm jeke jawıngerlik siyasatlasqan toparlardın' tar qabıllaw ramkasına sıymag'annın' ba'rin jek ko'riwshilikte ko'rmewi mu'mkin emes edi. Bul jag'daydın' sonshelli qa'wipliligin sanalı an'lag'an xalqımız teren' oylap ha'm ha'r tamanlama esapqa alg'an halda qatnastı, ma'nawiy tikleniwdin' unamlı, jaratıwshılıq ma'nisin ku'sheytiwge qaratılg'an, bir-birin tolıqtıratug'ın siyasiy, ekonomikalıq ha'm ma'deniy bag'darlamalar kompleksin islep shıg'ıw ha'm a'melge asırılıwı za'ru'r qılıp qılmaqta edi. Bul faktler,a'lbette

---

[1] Ислом Каримов Узбекстон буюк келажак сари Т.Узбекстон 1998 525-б.

birinshi gezekte qayta tiklenetug'ın qa'driyatlardı bayıtatug'ın ha'm ja'miyetimizdi demokratiyalastırıw ha'm jan'alaw talaplarına juwap beretug'ın, a'dep-ikramlıq jaqtan a'hmiyetli da'stu'rdi,u'rp-a'detlerdi tan'lap alıw za'ru'rligine tiykarlang'an edi.

Qullası, tan'lap alıw tiykarında miyraslaw arqalı rawajlanıwda baylanıs boladı, olsız tariyx ha'm,sonın' ishinde turmıstın' tariyxı ha'm bolmaydı. Tariyxıy miyraslıq-bul g'alaba dialektikalıq baylanıstın', rawajlanıwdın' biykarlanıwının' bir ta'repi.

Eger turmıstın' miyraslanıwın materiallıq o'ndiristin' onın' ma'lim usılının' ha'm ta'replerinin' miyraslanıwın salıstırsaq, bunda ulıwmalıq penen birge belgili ayırmashılıqlar da bolıwı so'zsiz.Aytayıq,o'ndirisqatnaslarının' sotsiallıq ta'biyatı mudamı adamzat jetisken o'ndiriwshi ku'shlerge sa'ykes kele bermeydi ha'm bul turmıstın' sotsiallıq ta'biyatı menen de baylanıslı.Biraq,o'ndiriwshi ku'shlerdegi miyraslıq ja'miyetlik progresstin' ha'm adamlardın' ja'miyetlik turmısının' ha'mme sferalarındag'ı,sonın' ishinde turmıstın' da tariyxıy miyraslanıwının' tiykarı bolg'anı menen ol biraz o'zgeshelikke iye.Basqasha aytqanda turmıstag'ı miyraslıq onın' rawajlanıwındag'ı ma'lim o'zgeshelikler menen belgilengen.Bul ekonomikalıq rawajlanıwg'a qarag'anda turmıstın' biraz turaqlılıg'ı ha'm aqırınlap rawajlanıwı menen baylanıslı.Sonın' menen birge onın' o'ndiriske ha'm ja'miyetlik turmıstın' basqa sferalarına ta'siyri ju'da' sezilerli da'rejede.

Jan'a turmıstın' jaralıwı ju'da' quramalı,onın' ruwxıy ta'repleri ha'rdayım ja'miyettin',regionlıq,xalıqtın' ma'deniy kelbetin jetilistiriwge baylanıslı ku'nin' talabına sa'ykes ma'deniyattı jetildiriw,joqarılatıw uazıypalarının' ishine kiredi.Al ma'deniyat ruwxıylıq sferasına tiyisli uazıypalardı sheshiw, siyasat, uazıypalardı sheshkendey bolmaydı, waqıttı talap etedi.

Sonın' ushın da jan'a ja'miyet turmısın ornatıwda go'ne ja'miyette erisilgenlerdi qalay bolsa solay,bas ko'zine qaramay ılaqtırıp taslay beriw,jo'nsizlik bolar edi.Ekinshiden neni alıw,ma'deniy miyrasta,onı o'zlestiriwde neni namaqul ko'remiz,bunı jaqsılap oylanıp alıw ha'mmemizdin' de

uazıypamız.A’sirese,bul boyınsha ha’zirgi globallasıw sharayatında bizin’ dushpanlarımız turmısımızda orın alg’an ayırım kemshiliklerden paydalanıp, jaslarımızdı joldan adastırmaqshı, olardın’ qa’lbine, du’nya qarasına ta’sir etpekshi bolıp atırg’anın esimizden shıg’armawımız kerek.Prezidentimiz İslam Karimov 2012-jıl 9 may Eslew ha’m qa’dirlew ku’ni g’alaba xabar quralları wa’killeri sorawlarına juwap bergende bılay degen edi:»Bunda ha’rqıylı ideologiyalıq oraylar bir shette turıp, »pu’tkilley erkinlik», »shegarasız-erkinlik», »emin-erkin a’deplilik»degen jalg’an ideyalardı olardın’ sanasına sin’diriwge urınbaqta .Bul jolda «g’alaba ma’deniyat» u’lgilerinen,ha’rqıylı ma’limleme texnologiyalarınan, radio-televidenie, internettin’ sotsiallıq tarmaqları sıyaqlı quralların an hiylekerlik penen paydalanbaqta «[1].

Ha’tteki, bul oraylar ha’zir insan ushın hesh ha’m shegara joq, bolıwı da mu’mkin emes degen jalg’an shaqırıq penen ba’rinen burın o’zin’e usag’an bilimli talantlı balalardı do’geregin’e toplap degen ma’sla’ha’tler berip, ele turmıslıq ta’jiriybesi jetkilikli bolmag’an, sada ul-qızlarımızdın’ isenimine erisip,olardı durıs joldan shıg’armaqta.

Usınday ruwxıy hu’jimlerdin’ qanday unamsız aqıbetlerge o’z-ara qarama-qarsılıqlar ha’m soqlıg’ısıwlarg’a alıp kelip atırg’anın bu’gin du’nyanın’ alıs-jaqın ha’rqıylı regionlarında ko’riw qıyın emes.Sol sebepli ha’m bunday jaman niyettegi urınıwlarg’a hasla biyparwa bolıwımız mu’mkin emes.Onın’ u’stine, jan’a turmısımızdın’ bunnan bılay qa’liplese beriwi ha’m rawajlanıwında onın’ materiallıq tiykarın bekkemlew menen birge onın’ ruwxıy negizinin’ bekkemligine itibar elimizde puxaralıq ja’miyetti ornatıwdın’ birden-bir sha’rtlerinen esaplanadı.Durıs,bul ushın basqa da bag’darlardın’-hayal ha’m er arasındag’ı sotsiallıq ayırmashılıqlardı boldırmawg’a erisiw,jan’a u’rp-a’detler ha’m da’stu’rlerdin’ adamlardın’ ku’ndelikli turmısına eniwi, u’y ha’m, ja’miyetlik turmıstın’ rawajlanıwın aqılg’a sıyımlı ushlastırıw, turmıstı ilimiy tiykarda

---

[1] Тарийхтан сабақ алып,заман менен тең қәдем таслап жасаў бүгинги турмыстың қатаң талабы// Еркин Қарақалпақстан 2012 ж.17 май.

rawajlandırıw h.t.b bar.Olardın' bu'gingi ko'rinisinin' tiykarg'ı parametrlerin ma'lim da'rejede anıqlawda konkret sotsiologiyalıq izertlewlerdin' a'hmiyeti ullı.

## § 2.Xalqımızdın’ g’a’rezsiz turmıs obrazı ha’m turmıslıq jan’alanıwlar (konkret soyiologiyalıq izertlewler tiykarında).

O’zbekstan Respublikası Prezidenti İslam Karimov basshılıg’ında qa’liplesken ma’mleketlik qurılıs ha’m ja’miyetlik turmıstın’ ha’mme tarawların reformalawdın’ tiykarg’ı basqıshlarının’ a’melge asırılıwı olardın’ ha’mmesinin’ ku’shli sotsiallıq siyasattı ju’rgiziw menen alıp barılıwı qısqa waqıttın’ ishinde a’sirlerge tatırlıq aralıqlardı basıp o’tkenimizge gu’wa.

Reformalardın’ qay-qaysısının’ da maqseti birew,ol ha’m bolsa adamlarg’a mina’sip jasawdı,turmıs keshiriwdi boldırıwg’a baylanıslı sharayıtlar jasaw. Bul , a’lbette o’z-o’zinen bolmaydı. Ma’sele adamlardın’ miynet ha’m miynetten tısqarı sferalardag’ı do’retiwshilik potentsialın, ruwxıy iskerligin janlandırıw, jedellestiriw, aktivlestiriwge barıp taqaladı. En’ aldı menen sonı jaqsı tu’sinip alıwımız kerek, g’a’rezsiz elimiz xalqı bolmısının’, sapalıq o’zgeshelikleri en’ aldı menen miynet sferası arqalı anıqlanadı. Miynet sferasının’ mazmunı o’zgerer eken, ol miynet adamının’ sanasına tasir etpewi mu’mkin emes. Ol ha’tteki adamlardı ku’ndelikli a’detleniwlerinde ha’m sa’wlelenedi. Sonın’ ushın ha’m jumısqa waqtında barıw ya keshigip barıw a’detleniwdin’ negizgi tiykarı tek g’ana basshıdan aybınıw ya ulıwma qorqınıshqa baylanıslı bola bermewi ta’a’jip emes. Bul tiykarınan jumıstın’ adamdı o’zine tartarlıq mazmunının’ barı ya jogı menen baylanıslı. Waqtında televidenieden berilgen «Urılar» atlı T.Matmuratovtın’ intermediyasında tiplik sovetlik da’wirdin’ qen’se xızmetkerlerinin’ saat on,on yarımsız jumısqa kelmeytug’ınlıg’ı kelse de stolg’a qonbaytug’ınlıg’ı, ko’rgen-bilgenin, ishken-jegenin aytısıp, wahahalasıp tura beretug’ınlıg’ı,al saat on bir yarımda radiodan sharwalar ushın esittiriw baslanıwdan asıg’ıs tu’slikke qaytatugınlıg’ı sa’wlelengen. Ku’nlerden bir ku’n bul awhal qaytalanar eken,isxanada bir o’zi bularg’a qosılmay jumıs penen ba’nt bolıp atırgan to’rtinshi xızmetker tu’slikke asıg’ıs adım atkan u’shewine «urılar» deydi. Olar an’-tan’: Kim urı? Sonda ol: Sizler,a’lbette sizler urılarsızlar, waqıt urılarısız deydi.

Bul bir kishkene stsenada burıng'ı Awqam tusındag'ı adamlardın' ku'ndelikli bolmısının', jasawının' negizi bolıp tabılatug'ın miynet iskerliginin, onın' ja'miyetlik formasının' ha'm a'hmiyetinin' qanshelli da'rejede dag'darıslıq awhalg'a tu'skenligin an'latılsa kerek. Onın' u'stine, bul parametrler menen tikkeley baylanıslı adamnın' miynetke qatnasının' sol dag'darıslık jag'day menen qanshelli da'rejede buzılıwın koriw mu'mkin.

G'a'rezsiz rawajlanıwg'a tiykarlanıw,a'lbette bul ma'seleni naqma-naq sheship aladı. Menshiklik qatnaslar ekonomikanın' o'zeklik negizleri bolar eken, elimizde menshiktin' ha'mme formalarının' erkin a'melge asırılıwı u'lken a'hmiyetke iye. Bul haqıyqıy miynetlik turmıs obrazının' tiykarın quraydı ha'm bul adamzat bolmısının' ku'ndelikli normasına aylanadı. Baskasha aytqanda birewdin' arqasında birewdin' ku'n-ko'risi emes, ha'rbir adamnın' oz miyneti menen ku'n-ko'riwi, jasawı. Bul jag'day bir g'ana materiallıq o'ndiris sferasına emes, al ruwxıy sferag'a ha'm tiyisli. Bul degen so'z miynet etiw ja'miyetlik turmıstın' buzılmas, bekkem g'ana qa'desine aynalıwı, en' axırında ha'rbir adamnın' jasawına aylanıwı bolıp tabıladı. Basqasha aytqanda miynettin' minnetliligi ha'm birinshi turmıslıq za'ru'rlik bolıwı bir-birine qarama-qarsı talaplar emes,al g'a'rezsiz rawajlanıwg'a tiykarlang'an sotsiallıq-tariyxıy protsesstin eki ta'repin an'latadı.

Qullası, miynettin' shın ma'nisinde ja'miyetlik rolin an'lawdan xalqımız g'a'rezsiz turmıs obrazının' barlıq parametrleri ko'rinip baslaydı. O'zinin' ku'n-ko'risi, jasawı ushın miynet etiw ha'mme ushın miynet ten'lestiriledi. Basqasha aytqanda, o'zin' ushın miynet etiwdi ha'mme ushın, ha'mmenin' iygiligi ushın,ha'mmenin' de o'zin'dey inta, ıqlas penen jaqsı jasawg'a umtılıwın ko'z aldın'a keltirip miynet etesen'. Bul g'a'rezsizlik tusında ha'rbir adamnın' meshiktin' qa'legen tu'ri menen shug'ıllanıw imkaniyatı mol tusındag'ı miynetke qatnastın' ulıwma o'lshemi bolıp tabıladı. Bul ma'niste miynet etpeytug'ın adam, miynet etse de salaq-qulaq bardı-keldi, istegi ornın ha'm sanalı tu'sinbeytug'ın adam. Durıs, bazar ekonomikasının' ma'lim gu'milji,kolen'ke ta'repleri (tenevıe

storonı) jok emes ha'm ol ma'lim adamlardın' miynet, miynetten tısqarı sferalarına, aytayıq turmısına biraz qıyınshılıqlardı boldırıwı ta'a'jip emes.

Biraq adamzat shın ma'niste,erkin ha'm parawan ku'n-ko'riwdin' ,jasawdın' basqa jolı joq ekenligine praktikada ko'kiregine xat penen qa'lemdey etip alg'an. Onın' u'stine, du'nyadag'ı kop g'ana to'men rawajlang'an eller ekonomikası bazar qatnasıqlarına ornatıw menen aldın'g'ı rawajlang'an eller qatarına qosılıp ketti. Sog'an jarasa, turmıs sharayıtları ha'm jaqsılandı. Axırı, turmıstag'ı iskerlik tikkeley materiallıq ha'm ruwxıy iygiliklerdi o'ndiriw menen baylanıslı bolmasa da, ol bul iygiliklerdi tutınıw ha'm adamlardın' ku'ndelikli za'ru'rliklerin qanaatlandırıw menen baylanıslı bolar eken,onın' za'ru'rligi birinshi gezekte miynettin' o'nimdarlıg'ında ayrıqsha. Sol sebepli,hesh sır joq , turmıstın' ja'miyetlik o'ndiriske ta'siri ku'shli, ol o'ndiristi irkiwi de, rawajlanıwına imkaniyat jaratıwı da mu'mkin. Ol ja'miyetlik miynetke qatnasıwshılardın' fizikalıq ha'm ruwxıy ku'shlerinin' halatına tasir etedi. Nasaz turmıs (normal turaq-jay sharayatının' joqlıg'ı h.t.b) shan'araqta jaman mikroklimat h.t.b adamnın' ja'miyetlik o'ndiriste jan-ta'ni menen berilip jumıs islewine g'ana kesent etip qoymastan, onın' do'retiwshilik o'siwin alg'a ilgeriletpeydi. Turmıstın' bereketsizligi kadrlardın' jumıs ornın o'zgertiwshiligin ha'm usının' menen baylanıslı o'ndiristegi jog'altıwlarg'a iye bolıw ju'zege keledi. Kerisinshe, abadanlastırılg'an, salamat turmıs-bul sotsiallıq tıl, onda jumısqa uqıplılıq tag'ı da qızadı, jaqsı ko'n'il-ku'y adamnın' do'retiwshilik, miynette aktivliginin' sharti boladı. Abadan turmısta bos waqıttı ratsional da'rejede paydalanıw ushın ha'mme za'ru'rli sharayıtlar jaraladı. Bul ha'rta'repleme rawajlang'an adamnın' qa'liplesiwine jag'day jasaydı. Ha'tteki, eldin ishki ha'm sırtqı jag'dayı adamzattın' rawajlanıw tendentsiyası, bul boyınsha ko'z-qaraslar, qullası a'piwayı tilde u'lken siyasiy atalatugın sferalarg'a deyin miynet adamının' turmısınan shette qalmaydı, mudamı onın' dıqqatında boladı.

Bul boyınsha xalkımız g'a'rezsizlikke erisiwi menen xalıqtı sotsiallıq qorg'aw ha'm qollap-quwatlaw, insan huqıqı ha'm erkinligin nızam ha'm huqıq

tiykarların du'ziw ha'm a'melge asırıw ma'selelerine birinshi na'wbette kewil bo'liner eken, bulardın xalıqtın' turmıs sferasına qatnası sezilerli da'rejede .

Ma'selenkiden,menshiklestiriw barısında,onın' en' da'slepki a'melge asırılıwı payıtında aq, turaq jaydı menshiklestiriw qolg'a alındı. Axırı, bul xalıqtın' ta'wir aq qorg'awsız ha'm mu'ta'jlikte ku'n keshirip atırg'an qatlamın qollap-quwatlawg'a dıqqat awdarılg'anlıg'ının, na'tiyjesi edi. Qaraqalpaqstannın' o'zinde menshiklestiriwdi a'melge asırıw barısında 52 mın'nan aslam kvartira menshiklestirildi. Bul turaq jay qorının' 94 protsenti xalıqtın' jeke menshigine aylanıwı degen so'z. Usılar menen birge ha'rbir ekinshi kvartira puxaralardın' ha'rqıylı toparlarına mutqa berildi. Olar urıs veteranları, okıtıwshılar, meditsina ha'm ilimiy xızmetkerler, do'retiwshilik intelegentsiyasının' wa'killeri biypul kvartiralarg'a iyelik etti. U'y-jay ma'selesinin' bul da'rejede jen'il ha'm qolaylı sheshiliwi, so'z joq,xalıqtın' ma'lim toparının' en' aldı menen shan'araqlıq turmısının' abadanlıg'ın boldırıwda u'lken a'hmiyetke iye. Shan'araq ja'miyettin' tiykarg'ı buwını,jas a'wladtın' densawlıg'ın bekkemlewde ha'm ta'rbiya protsesinde, demografiyalıq protsesslerdi turaqlastırıwda ja'miyettin' ekonomikalıq ha'm sotsiallıq progressinde ju'da' sezilerli da'rejede rolge iye.Axırı, ja'miyet bekkem, ruwxıy ha'm a'dep-ikramlıq bag'darda ha'm salamat shan'araqqa ma'pdar. Nege degende, shan'araqta adamnın' xarakterinin' tiykarı, onın' miynetke, morallıq, ideyalıq ha'm ma'deniy qa'driyatlarg'a qatnası qa'lipleser eken, shan'araqtı bekkemlewge baylanıslı tarawlardın' qay-qaysısı da, sonın' ishinde turaq jay ma'selesinin' g'a'rezsizliktin' birinshi ku'ninen baslanıwı turmıslıq problemalardı hal qılıwda birden-bir adım bolıp tabıladı.

O'zbekstan Respublikası Prezidenti atap ko'rsetkenindey: «İnsan ma'pleri ma'selesin a'melge asırıwdı alg'a qoyıw bul izbe-izlik penen ha'm,men aytar edim, Ozbekstanda ju'rgizilip atırg'an reformalar bag'darının' aldın-ala belgili bolg'an nızamlı dawamı» [1]

---

[1] «Народное слово» газетасы 18-июль 1997-жыл.

Sonday aq, ju'rgizilip atırg'an reformalardın' ha'mmesi de eldin' sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy halatınan, respublikanın' o'zine g'ana ta'n o'zgesheliklerinen kelip shıqqan halda ha'm onın' rawajlanıw perspektivasına ılayıq is tutıladı.

Bul boyınsha Karaqalpaqstan Respublikasının' o'zgesheliklerine baylanıslı arnawlı a'debiyatlarda ko'birek onın' demografiyalıq jag'dayına ha'm turmıs obrazına, sonın' ishinde turmıstın' jekelik-shanaraqlıq,o'ndirislik,ja'miyetlik formasının' kay-qaysısına da unamsız ta'sir etip turg'an ekologiyalıq sharayıt aytıladı.

Xesh kimge de sır emes o'tken a'sirdin' 80-90 jılları xalıqtın' sanının' ha'r jılg'ı o'simi 2,5-3 protsentke kobeyiw menen xarakterlendi.Bul ma'lim da'rejede ekonomikalıq o'siwge unamsız tasir etiwi ta'a'jip emes.En' jamanı:jumıssızlıqtın' ko'beyiwi,talap izlep respublikadan sırtqa shıg'ıp ketiwshilik h.t.b shan'araqlıq turmıstag'ı materiallıq tamiyinleniwdin' turaqlılıg'ın buzadı,al bul shanaraq ag'zaları arasında,a'sirese ata-analar ha'm balalar arasındag'ı qarım-qatnasıqqa ma'lel keltiredi.Axırı shan'araq shın ma'nisinde adamnın' tiykarg'ı funktsiyaların olardın o'z-ara baylanısında ha'm birliginde atqarıw imkaniyatına iye bolmaydı.

Aral ten'izinin qurıwı na'tiyjesinde respublika xalqının' ta'biyat ha'm ja'miyettin' o'z-ara ta'sirindegi ten'salmaqlıqtın' buzılıwı,bunın' adamlardın' birinshi gezekte densawlıg'ına zıyanı shan'araqtag'ı,ulıwma ja'miyettegi bereketti qatıratug'ını turg'an ga'p.Sho'lkemlestiriw ha'm tutınıw iskerliktin' turmıstag'ı jetekshi tu'ri bolar eken,olardag'ı normal jag'daydın' joqlıg'ı,en' aldı menen adamlardın' miynetke umtılıwına,katnasına unamsız ta'sir etedi.Axırı adamnın' miynetke qatnası tek g'ana miynettin' xarakterinen ha'm mazmunınan g'a'rezli bolıp qalmaydı,al o'z shan'arag'ın materiallıq ha'm ruwxıy iygilikler menen ta'miyinlewge imkaniyattın' bar ya jog'ı menen de baylanıslı.

Eger turmıstag'ı sho'lkemlestiriw ha'm tutınıw iskerligi adamnın' kewlinen shıg'atug'ın jag'dayda bolg'anda g'ana miynettin' o'zi shın ma'isinde dominanta talap boladı.

Usı sebepli de Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg'ı Ken'esinin' gezeksiz sessiyasında shıg'ıp so'ylegen so'zinde Prezidentimiz Aral ten'izine baylanıslı bılay ayrıqsha atap korsetti: «İnsan ma'pleri haqqında so'z bolgan waqıtta men Aral ten'izinin' qurıp ketiwine baylanıslı ekologiyalıq jag'day haqqında aytpay tura almayman.»

Durıs,1991-1998 jılları meditsinalıq,sotsiallıq-ekonomikalıqh.t.b ilajlardı o'z ishine qamtıg'an respublikada ju'rgizilip atırg'an demografiyalıq siyasat ma'lim natiyjeler berdi.Bul aralıqta tuwıwshılıq ha'r 1000 adamg'a esaplag'anda 1991-jılı 36,4 adam bolsa,1998-jılı 22,9 adamdı quradı.

Sonı ha'm na'zerde tutıwımız kerek,bul tusta shan'araqta jobalastırıw tuwralı duw-duw ga'pler ha'm shıg'ıp ju'rdi.Hu'rmetli Prezidentimiz 2000 jıldın' mart ayında salamat a'wlad jılındag'ı a'melge asırılıwı tiyis ilajlarg'a baylanıslı O'zbekstan televideniesinen shıg'ıp so'ylegen so'zinde shanaraqtı jobalastırıw ha'm tuwıwshılıqtı sheklew ma'selesine baylanıslı pikirin bildirdi.Bul boyınsha shan'araqtı jobalastırıw yakiy tuwıwdı sheklep taslawdın' xalqımız mentalitetine tuwrı kelmeytug'ınlıg'ı ha'm burıng'ı Awqam tusında tubalawshılıq tusındag'ı siyasattan kelip shıqqan tujırım ekenligin taqıyqladı.Biraq ana,bala sawlıg'ına itibar ku'shli bolıwı tiyis.A'sirese ananın' fizikalıq salamatlıg'ı salamat balanın' tuwılıwının' tiykarı ,a'lbette.

Aytıw kerek,eger ko'ship kelgenlerdi esaplamag'anda 1991-1998 jılları respublikadan 36,2 mın' adam ko'ship ketti. Tag'ı bir mısal 1990-2002 jıllar aralıg'ında 273,1 mın' adam jasap turg'an ornın o'zgertken bolsa,sonnan 84,3 mın' adam respublikadan sırtqa shıg'ıp ketti.Bul respublika xalqının'

20 protsentin quradı [1].1999 jıldın' 1-yanvarına respublikada 1478,1 mın' adam esapta bolıp,691,1 mın' adam qala xalqın,743,3 mın' adam awıl xalkın tuttı.Xalıqtın' jıllıq o'simi 1998-jılı 1,30 protsentti quradı.Sonı ha'm aytıw kerek fertillik (balalı bolıw imkaniyatı molıraq ) jastag'ı hayallardın' ha'mledar hayallar sanı 1998-2005 jıllardag'ı protsentlik ko'rsekishleri ha'm usıg'an

[1] Аширбеков.У Экологические и социальные проблемы Южного Приаралья.Вести Каракалпакстана 28 май 2002 г.

sa'ykes,tuwılg'an balalardın' sanı 1998-jılı 31196 bolsa,2005 jılı 30461 boldı.Son'g'ı ko'rsetkish 1998 jılg'a salıstırg'anda 2,4 protsentke tuwılıwdın' pa'seygenin an'latadı [2].

Durıs,xalıqtın' miynetke jaramlı bo'legi kemeygeni joq edi.

Bul ha'm usı taqıletli adamnın' ku'ndelikli turmısı ku'n-ko'risine,jasawına tikkeley tiyisli mısallardı respublikanın' o'zgesheliklerine ta'n ko'rsetkishleri tiykarında g'a'rezsizlik tusındag'ı xalıqtın' turmısının' pu'tkil o'zgerisin,a'sirese onın' janalawın tolıq qamtıwı qıyın.

Axırı,jan'alanıw protsessi turmıs obrazının' ha'mme sferalarına da tiyisli.Bunday sharayıtlarda adamlardın' ku'n-ko'risi,jasawının',olardın' do'retiwshilik aktivliginin',eldin',xalıqtın' sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy rawajlanıwının' ha'zirgi etabındag'ı uazıypaları tuwralı obektiv informatsiya beriw uqıbına iye izertlew tu'rinin' biri-konkret sotsiologiyalıq izertlewlerdin' a'hmiyeti ju'da' ullı.Axırı,adamlardın' iskerligi olardın' ku'ndelikli o'miri,turmıslıq xızmet korsetiwi ha'm kewil ko'teretug'ın qolı sawa waqtı qalay sho'lkemlestirilgen, o'zlerinin' imkaniyatların rawajlandırıw uqıpların jetildiriwden,materiallıq ha'm ruwxıy talapların jetkeriwden miynet o'nimdarlıg'ı ha'm olardın' miynetinin' sapası g'a'rezli boladı.Sonın' ushın ha'm Prezidentimizdin' insan faktorı onın' sheshiwshi rol atqarıp atırg'anına dıqqat bo'liwi tekten-tek emes [1].

A'lbette en' aldı menen xojalıqtı jan'asha ju'rgiziwdin' turmıstı qayta qurıwda roli basım ekenligin tag'ı bir ma'rtebe aytıwımız tiyis. Axırı, menshiktin' ha'mme formalarının' hu'kim su'riwi ha'm bunın' qa'legenine qatnasıw, enisiw imkaniyatının' o'zi aq adamda burın bolmag'an talaplardı,ma'plerdi payda etedi.Bul qaraqalpaq xalqının' turmısında da burıng'ı tomag'a-tuyıqlıqtan, bo'linip qalıwdan qutılıwdı an'latadı.

Hesh kimge de sır emes, burıng'ı Awqam tusında xalıqtın' turmısı kobinshe adam ushın qorg'anıs orın,pana sıpatında boldı ha'm onın' shegarasın atlap o'te

[2] Турымбетова М.Т. Эффективность новых методов управления в охране здоровья матерей и детей в Республике Каракалпакстан.Автореферат Т.2007.
[1] Тарийхтан сабақ алып заман менен тең қәдем таслап жасаў-бүгинги турмысымыздың қатаң талабы // Еркин Қарақалпақстан 2012 ж.17-май.

almaytug'ın awhalda edi.Tiykarınan ma'jbu'riy xarakterge iye miynetti azgana waqıtqa bolsa da,umıtıw ushın bul ju'da' za'ru'rli boldı.Axırı «ten'lestiriw»,»shıg'arıw» adamnın' do'retiwshilik aktivligine ju'da' jaman ta'sir etti.Bul onın' o'ndiristen tısqarı iskerlik sferasına da unamsız tasirge iye.Do'retiwshilikti talap etpeytug'ın miynet mazmunsız demalıstı payda etpewi hesh ha'm mu'mkin emes edi,axırı.Sonın' ushın imkaniyatı barınsha qalay bolmasın, waqıttı o'tkeriw,burın eskertkenimizdey aq demalıs esaplandı.Adamlardın' turmıs sferasında qarım-qatnas ha'm birge islesiw jiyi-jiyi jaratıwshılıq imkaniyatqa iye bolmay qaldı.Sebebi, materiallıq ha'm ruwxıy turmıslıq talaplardın' kanaatlandırılıw protsessi,olardı sho'lkemlestiriw formaları onın' individuallıq, ja'miyetlik bolıwınan biyg'a'rez,mudamı ku'ndelikli bolmıstın' elementar za'ru'rlik ha'm ta'miyinleniwinin' ramkasınan shıg'a almadı.Onın' u'stine,xalıqlardın' turmısının' olardın' bolmısının' sferaları sıyaqlı ideologiyalasıwı baska turmıslıq jaratıwshılıq iskerlik shegarasın ken'eytiwge imkaniyat beretug'ın bolmıstı jarata almadı.Ma'selen, xalıqlardın',sonın' ishinde qaraqalpaq xalqı shan'araqlıq turmıslıq qatnasıqlarına baylanıslı da'stu'rleri ha'm u'rp-a'detlerine u'zliksiz topılıslar bolıp turdı.Ko'binshe olardan «patriarxarlıktı», «diniylikti» sol sebepli artta qalg'anlıqtı tabar edi.Bul boyınsha son'g'ıların ulıwma turmıs obrazınan shıg'arıp taslaw a'piwayı ku'ndelikli iske aylanıp ketti. Mın' jıllıqlar boyı turmıslıq qarım-qatnastı garmoniyalastırıp turg'an u'rp-a'detler eskiliktin' qaldıg'ı,misli ag'ashtın' kewip qalg'an kesip taslamasa bolmaytug'ın teris putag'ına aynaldı.Bul tek kiyiniwde emes,al ha'rqıylı rituallarg'a adamnın' tuwılıwı,o'limi ma'selelrine de baylanıslı boldı. Ma'selen, O'zbekstan Kommunistlik partiyasının' ataqlı XVI plenumı tribunasınan birinshi basshı ta'repinen VASXNİL din' akademigi S.X.Yuldashev, u'sh ilim doktorı,bes ilim kandidatı adam jerlewge baylanıslı diniy janazag'a qatnasqanın ha'm bul awhalg'a tiyisli partiyalıq sho'lkemler tarepinen ko'z jumıw,siyasiy zıyanlı ha'm sotsiallıq jaqtan qa'wipli esaplang'an[1].

[1] Партийную и государственную дисциплину,работу с кадрами-на уровень современных задачи// Правда Востока 26 июня 1984 г.

Bulardın' ha'mmesi turmıstag'ı qarım-qatnasqa unamsız ta'sir etti. Erli-zayıplılar, ata-analar ha'm balalar ,tuwısqan tuwg'anlar arasındag'ı burınnan qa'liplesken g'amxorlıq, miriwbet, siz-bizlik h.t.b tolıq o'zin ko'rsete almay basladı. Axırı xalıqtın' turmıslıq normaları,karım-qatnas ha'm birge islesiwdin' ulıwma insanıylıq ma'nisi esapqa alınbadı.Axırı,xalıqtın' turmıs obrazı sotsiallıqtın' kollektivlik tipii menen suwg'arılg'an ha'm onnan xalıqtı,xalıqtan ajıratıwg'a umtılıw jaqsılıqqa alıp kelmedi. Tez-tezden,jiyi-jiyi xalıqtın' turmıslıq o'mir su'riwinin',jasawının' dinamikası menen onın' sanasına ma'jbu'rlep sin'diriw, tıg'ıw arasında konfliktler bolıp turdı. Bunın' aqıbeti adamnın' sanasının' ekileniwine ha'm onın' pu'tinliginin' deformatsiyalanıwına alıp keldi.

Tek g'a'rezsizlik bul bir ta'replemelikti,jasalmalıqtı ha'm olardın' jaramsız aqıbetlerin saplastırıp basladı.Bul en' aldı menen individuallıq, o'ndirislik ha'm ja'miyetlik sho'lkemlesken turmıstın' real ushlasıwı menen baylanıslı.

Sonday aq adamlardın' qarım-qatnasında sotsiallıq- sho'lkemlesken talaplardı islep shıg'ıwg'a,kollektivlik minez-qulıq nızamların qa'liplestiriwge imkaniyat jaratıldı.Ma'selen,qaraqalpaqlarda usı bu'ginge deyin nanbayshı ka'sibi nanbayxananın' o'zi sıyaqlı muqaddes ha'm olardın' jumısı mudamı jokarı bahalanadı.

Bazar qatnaslarına enisiwdin' ha'zirgi sharayıtında qaraqalpaq xalqının' turmıs sferasına da o'tken ha'm ol adamlardın' aktivligin ha'm initsiativalıg'ın qayta tiklewde u'lken rol atqarıp otır.Ekonomikalıq reformalardı teren'lestiriw boyınsha xojalıqtı ju'rgiziwdin' jana usılları arqalı menshiktin' ha'rqıylı formalarının' erkin ha'rket etiwine imkaniyat jaratılar eken,ol xalıqtın' putkil turmıs ukladın qayta kurıw ha'm o'zgertiwdi boldıradı.Bul boyınsha turmıstın' burıng'ı Awqam da'wirindegi to'tepki bergen,al shıdasqanları ma'selen,shan'araq,neke,ja'miyetlik ha'm u'y turmısının' geybir belgileri ,da'stu'rler,u'rp-a'detler rawajlanıp xalıqtın' ulıwma tariyxıy do'retiwshiliginin' shegarasın ken'eytedi.

Durıs, bazar qatnasıqları ta'jiriybesi onın' jumsaq ha'm za'lelsiz keshpeytug'ınlıg'ın da'liyllep otır.Bul a'lbette turmısqa baylanıslı o'z tan'basına

iye.Bahalardın' o'siwi,tutınıw korzinasının' jag'dayı, turmıs da'rejesine demek turmısqa tasir etpewi mu'mkin emes.Biraq bul jag'day mudamı esapqa alınar eken,adamlardı sotsiallıq korg'awg'a bag'darlang'an ilajlar tiykarında ta'miyinlewler ha'm effektiv berip atır.Onın' u'stine ,kishi biznes,jeke is-bilermenliktin' rawajlanıwına ma'pdar bolg'an mu'lk iyeleri,ja'miyetimizdin' tayanıshına aylanıp baratırg'an orta klass atamasına iye sotsiallıq qatlamnın' ju'zege shıg'ıwı turmıstın' turaqlılıg'ın,bekkemlewdin' birden-bir faktorı ekenligin tu'sinip otırmız.Bul tendentsiyalarda erten'gi ku'nimiz,onın' turmıs obrazının' shın ma'nisinde jarqın bolıwında ornı ha'm roli basım.

Qaraqalpaq xalqının' turmıs obrazının' bu'gingi realiystleri ushın turaqlılıq ha'm tınıshlıq ta'n ha'm bul , so'z joq, jan'a turmıslıq norma ha'm printsipiallıqtın' sistemalasıwına unamlı ta'sir etedi.Axırı,sotsiallıq qorg'awdın' ha'mme tarmaqları is haqının' indeksatsiyası ma yamasa ishki tutınıw bazarın qorg'awma ha'm az ta'miyinlengen xalıqtın' qatlamın qollap-quwatlaw ma, antimonopollıq siyasat pa,a'hmiyeti joq,ha'mmesi de adamlardın' fizikalıq ha'm ruwxıy halatın tiklew boyınsha talapların qanaatlandırıwg'a imkaniyat beredi,individuallıq,shan'araqlıq ha'm ja'miyetlik ma'pleri,erli-zayıplılar,ata-analar ha'm balalar,tuwısqan-tuwg'anlar ha'm qon'sılar arasındag'ı ma'plerdi,talaplardı,normal o'z-ara qatnslardı ushlastırıwg'a,qollap-quwatlawg'a imkaniyat jaratadı.Bul protsess a'lbette kommunallıq-turmıslıq maqsettegi rawajlang'an xızmet ko'rsetiw sferaları tarmaqların talap etedi.Olar adamlardın' turmıs sferasındag'ı xızmetin jen'illetip g'ana qoymaydı, al tutınıwg'a burıng'ı deformatsiyalang'an qatnastı joq etiw ha'm u'y-ishi predmetlerinin' biraz ratsionallıq da'rejede qa'liplesiwine de sharayıt jaratadı.Basqasha aytqanda, zat adam turmısının' tabısının' sotsiallıq artıqmashılıg'ının' o'lshemi emesligi,al normal ku'n-ko'ris,jasawdın' sharayıtı ekenliginin' ma'nisin tu'sinip aladı.Ju'da' komfortlı turmısqa deyin ele uzaq,mashkala mol.

Degen menen bul aytılg'anlardın' ha'mmeside kurg'aq pikirler da'rejesinde qala bermesligin na'zerde tuta otırıp,ma'seleni biraz konkretlestiriw maqsetinde sawalnama tiykarında o'tkizilgen konkret-sotsiologiyalıq izertlewimizdin'

natiyjelerin ha'm ulıwmalastırıwdı maqul ko'rdik.Sawalnama ushın tiykarınan No'kis qalası turg'ınlarının' ma'lim toparları 150 shan'araq tan'landı. Retodentlerdin' quramı jokarı, tamamlanbag'an joqarı, orta arnawlı, orta, tolıq emes orta bilimge iye.Soralg'anlar ishinde isleytug'ınlar ha'm jumıs islemeytug'ınlar ha'm u'y-biykeleri, oqıwshı, student yamasa dekrette otırg'anlar,pensionerler,ulıwma jumısta joqlar.

Sawalnama u'sh bo'limnen ibarat: puqaralardın' turmıs sharayatlarının' ha'zirgi halatı,keleshegi haqqında sawallar ha'm respondetsiya xaqqında mag'lıwmatlar (pasport).

Ma'selege da'stu'riy qatnas ja'miyetti sistema sıpatında qorg'awg'a barıp tireler eken,ja'miyetlik turmıstın' barlıq sferaların tiykarg'ı izertlewdin' predmeti bolıp tabılatug'ın turmıs obrazı,onın' quramlas bo'legi turmıstı baylanısta qaraw talap etedi.

Qullası,ekonomika,siyasiy-sotsiallıq ha'm ruwxıy sferalardın' uyg'ınlasıwında,olardın' o'z-ara tasirinde jamiyet tuwralı tutas ko'z-qarasqa iye bolar ekenbiz,sawalnama sorawları usı pikirlew logikasınan kelip shıg'adı:sorawlardın' en' da'slepkileri ku'n-ko'ristin',jasawdın' materiallıq faktorları menen baylanıslı.

«Turmısımızdın' bu'gingi halatın ko'birek neler menen baylanıstırasız?» degen sorawg'a respondentlerdin' juwapları:A'lbette ku'n-ko'ristin' ko'zinin ko'pligi menen (34%)

«Burıng'ıday bir iske» takalıw joq» (24%),»Shın ma'nisinde erkinlik» (20%),»Basqa pikir»(22%).

Al «Menshiktin' ha'r tu'rli formalarının' parawan o'mir su'riwi ha'm bazar qatnasıqları adamlardın' ku'n-ko'risine qalay tasir etpekte?» degen sorawg'a soralg'anlardın' ko'pshiligi bul protsesstin' adamlardın' ku'ndelikli bolmısına unamlı ta'sir etip atırg'anlıg'ın aytadı:»Jaqsı ta'sir etip atır»(33%),»Kelistirgenler kelistirip atır»(36%),»Ku'nin ko're almay ju'rgenler bayıp ketti» ( 9%).Qalg'an juwaplar: «Adamlar tentirep ku'n ko'riwge qaradı (10%),»Basqa pikir» (6%).

Respondentlerdin' birde birewi menshiktin' ha'rtu'rli formalarının' erkin o'mir su'riwin ha'm ulıwma bazar qatnasıqlarındag'ı rekin satıw-satıp alıw aktın jaman protsess sıpatında bahalamaydı.Axırı,adamlar qısqa waqıt ishinde bolsa da,bazar qatnaslarına tiykarlang'an o'ndiris,bo'listiriw ha'm tutınıwdın' o'zlerinin' ku'ndelikli turmıs ta'jiriybesinde sınaqtan o'tkerip atır.A'sirese, adamlarda miynetke qatnastın' qanshelli da'rejede o'zgergenligin,og'an pu'tkilley basqasha motivatsiyanın' qa'liplesip atırg'anın seziwge boladı.Burınları ku'nin ko're almay ju'rgen adamlar bayıp ketkenligin respondentlerdin',tastıyıqlawının' tiykarında psixologiya da bar.Axırı qanday iske qumbıl kirisiw,onın' ma'deniyatın jaqsı men'geriw,esap-kitap,ken' peyillik h.t.b. qa'siyetler ha'mme waqıtta da insannın' qurg'ın jasawın boldırsa boldıradı,al og'an za'lel keltirgen emes.Sonın' ushın bazar qatnasları hu'kim su'rgen tusta onın' ishine kirip ha'm ma'lim operatsiyanı a'melge asırıwdı u'yrenip,materiallıq ha'm ruwxıy talaplarının' qanaatlandırılıwı tiyisli da'rejedegi adamlar tuwralı «Kelistirgenler kelistirip atır» dewi ha'm usınnan.Axırı,turmıstın' da'rejesi (uroven jizni) a'dette adamnın' materiallıq ha'm ruwxıy talaplarının' qanaatlanıw da'rejesin minezlew ushın ko'birek ekonomikalıq ha'm sotsiologiyalık a'debiyatlarda qollanıladı [1].

Turmıs da'rejesinin' ko'rsetkishlerine is haqının' (aylıq) razmeri,ja'miyetlik qordan to'lemler,azıq-awqat ha'm sanaat tovarların tutınıwdın' da'rejesi o'mir su'riwdin',jasawdın' adamnın' ku'ndelikli bolmısının' ma'deniy-turmıslıq sharayıtları h.t.b kiredi.Durıs,turmıs da'rejesi tikkeley qalay bolsa solay turmıs obrazı tu'siniginin' ishine kire bermeydi.

Sonın' menen birge anawlı a'debiyatlarda turmıs da'rejesin turmıstın' sapası menen o'tlesken onın' menen o'z-ara ta'sirindegi quramalı ha'm qarama-qarsılıqlı tu'sinikler bolıwına qaramastan,adamnın' aman-saw,tınıshlıg'ının' a'hmiyetli ko'rsetkishlerinin' biri esaplanadı.Al turmıs da'rejesin qabıllaw ha'rqashan sananın' motivatsiyalıq sferasına kiredi,tikkeley emes al qıyalıqlar arqalı adamnın' predmetlik-praktikalıq iskerligine kiredi.Ga'p sonda,turmıs obrazının', sonın'

[1] Бердимуратва А.К,Камалова Х.С Социологические исследования уровня жизни Республики Каракалпакстан // Вестник КГУ 2007 №1 с.88

ishinde turmıstın' quramında turmıstın' da'rejesi haqqında mag'lıwmatlar turmıs obrazının',turmıstın' sotsiallıq sapaların minezlew ushın qollanar ekenbiz,optimizm,aman-esenlik,tınıshlıq h.t.b sıyaqlı momentlerdi na'zerde tutamız.Bul bag'darda qarag'anımızda da elimiz ekonomikasının' adam ushın ekonomika ekenliginin' respondentler juwaplarınan tag'ı bir ma'rtebe gu'wası bolamız.

Qullası adamlardı miynetke aktivliginin' ulıwma bul da'rejede ju'zeg shıg'ıwı o'ndiristin' tabısları menen,miynettin' o'nimdarlıg'ı menen g'ana sheklenbeydi,al adam jeke adam sıpatında rawajlanıw da'rejesinen xabar beredi.Miynet aktivligi normal da'rejede ko'ringen sayın adamnın' o'mir su'riw,jasawının' ha'mme sferalarının' garmoniyalasıwı,sonın' ishinde turmıstın',a'sirese onın' shan'araqlıq formasındag'ı, shan'araq ishine tiyisli o'ndirisi ha'm tutınıwı,shan'araq ag'zalarının' ha'mmesinin' turmıslıq talapların qanaatlandırıw boyınsha kooperatsiyanın' mashqalalardı sheshiw boyınsha tabısların ha'm koriw mu'mkin.

Bul aytılg'anlardın' ha'mmesi de a'lbette, jumıs ornının',miynet etiwdin' qolaylıqların talap etedi.Respondentlerdin' ko'pshilik bo'legi (62%) bunday qolaylıqlardı bar dep esaplasa,20% joq ekenligin aytadı.18% baska pikir menen sheklenedi.Sonday aq jumıs ornındag'ı sharayıtlar tuwralı respondentlerdin' 38 % «Atızda islesen',bel,ketpenin',orag'ın' bolıwı kerek,Ken'se xızmetkeri ekensen',stolın',ku'rsin' bolıwı sha'rt» dese, respondenttin' 6 % juwabı:»Ken'se xızmetkerinin' otıratug'ın ornı qayaqtan qolaylı boladı ku'n-qurtpay,uyaday o'jirenin' ishinde to'rt-bes adam otıramız»,38 % kompyuterdin' jetispeytug'ınlıg'ın aytsa,12 % bir na'rse dewge qıynaladı.Jumıs ornına tiyisli qolaylıqlar ulıwma sotsiallıq infrastruktura ma'selesine baylanıslı sawalnamada birneshe sorawlar bar.Olardın' geybirewlerin keltiremiz.»Jumıs ornın'ızda asxana bar ma?»,»Jumıs ornın'ızda medpunkttin' islewi qalay?»,»Siz isleytug'ın jerde demalıs xanası bar ma?»,»Tu'sleniw jag'dayı qalay?»,»Siz tu'slenetug'ın asxananın' awqatlarının' sapası qalay ?»,»Jumıs ornın'ızda hawa tazalag'ısh u'skeneler ornatılg'an ba?»,»Suw tazalaytug'ın u'skeneler jumıs ornın'ızda bar

ma…?»,»Siz jumıs isleytug'ın ka'rxananın' pu'tkil iskerligin pult penen basqarıw iske tu'sken be?»,»Qa'wipsizlik texnikası tuwralı ko'z-qarasın'ız» h.t.b.

Bul sorawlardın' ha'mmesinde ku'ndelikli jasawdın',miynet sferasına,o'ndirislik turmısqa tiyisli ekenligin na'zerde tutar ekenbiz,turmıstın' bul sferasının' bu'gingi halatı tuwralı ma'lim informatsiyag'a iye bolamız.O'ndirislik turmıs,burın aytılg'anınday aq ja'miyet ag'zalarının' tariyxıy o'zgeriste bolatug'ın materiallıq ha'm ruwxıy talaplarının',qanaatlanıwının' formaları,usılları ha'm sharayıtlarının' kompleksi.Olardın' adam ku'shlerin u'nemlewde a'hmiyeti ju'da' ku'shli.Aytayıq,asxananın' jumıs ornında bar bolıwı ya joq bolıwı bul bag'darda islewshilerdin' talabın qanaatlandırıw da'rejesine ta'siri menen birge,ko'n'il-ku'yine,miynettin' ko'rsetkishine ta'sir etedi.Respondentlerdin' 54 % asxananın' barlıg'ın ko'rsetse,20 % asxana bar bolg'anı menen awqatlarının' qımbatlıg'ın,18 % joqlıg'ın aytsa,8 % bsaqa pikirge iye ekenligin bildiredi.O'ndiristin' qa'legen sferası ushın meditsinalıq punkttin' bolıwı sha'rt.Bu'ginliginde geybir u'zliksiz,ku'ni-tu'ni smena menen atqarılatug'ın iri ka'rxanalar qaptalında atı meditsinalıq punkt bolg'anı menen tez ja'rdem stantsiyası poliklinikası onlag'an koykalıq statsionar ha'm barları joq emes.Ma'selen,Qon'ırat soda zavodı qaptalında medpunkt sonday strukturag'a iye.Sutkanın' qa'legen waqtında xızmet ko'rsetiwge tayar.Ga'p sonda,medpunkttin' ka'rxananın' quwatına jarasa jumıs islewine baylanıslı respondentlerdin' 36 % onın' islep ya islemey turg'anlıg'ına itibar bermegenligin,40 % islep turg'anı,6 % medpunktte da'ri-darmaq az ekenligin,joq esabı ekenligin, 8 % medpunkt bolg'anı menen da'rilerdin' satılatug'ınlıg'ın aytadı.

O'ndirislik turmıstın' strukturasına kiretug'ın tag'ı bir komponent demalıs xanası.Respondenttin',derlik 50 % bunday o'jirenin' joqlıg'ın,al 30% barlıg'ın,14 % bar bolg'anı menen ko'birek qulıplı turatug'ınlıg'ın aytadı,al qalg'an 6 % basqa pikirde ekenligi menen sheklendi.

En' bir problemalı jag'daydın' biri tu'sleniwge baylanıslı. Asxana,bufetlerge iye jumıs orınları da, joqları da bar.Onın' u'stine, awqatlardın' sapası da,bahası da

onshelli razı qılg'anday awhalda bolmay shıg'adı.Biraq mashaqatlı bolsa da gezeklesip awqat a'keliwge ma'jbu'r boladı.

Respondentlerdin' 42 % asxana,bufettin' barlıg'ın ha'm onnan awqatlanatug'ınlıg'ın, 17 % gezeklesip awqat a'kelip tu'slenetug'ınlıg'ın,16 % asxananın' jumısta joqlıg'ın,sırtta birtalay ju'rip ekinshi bir mekemenin' asxanasına barıp tu'slenetug'ınlıg'ın ,8% mashinaları bolg'anlıqtan tu'ske u'yge kelip ketiw onshelli mashaqat tuwdırmaytug'ınlıg'ın aytadı.

A'lbette,joqarıda ayttıq, tu'sleniwge asxana bolganı menen sapası,onın' u'stine,dietalıq stollardın' bolıwı ma'seleleri miynet,turmıs ha'm densawlıqtın' a'bden bir-birine o'tlesiwin,uyg'ınlasıwın an'latadı.Bul boyınsha respondentlerdin' juwapları:»Bir jo'n» (38%),»Onsha jaqsı emes»(28%), «İlajsızdın' ku'ni.Bolmasa awqatının' ma'nisi joq,ku'nde bir qıylı awqatlar,makaron sorpa,ishinde go'shi shamalı pelmen….» (14%),»Bir na'rse dewge qıynalaman» (20%).

Jumıs ornında a'dette suw tazalaytug'ın,hawa tazalaytug'ın u'skenelerdin' bolıwı ku'ndelikli elementar talaplar.Eger olar joq bolsa,bar bolg'anı menen iske tu'spey tursa,onın' iske tu'siwine nemquraydılıq bolar eken,ol ka'rxanada yakiy mekemede insan faktorına,onın' do'retiwshilik roline itibardın' joqlıg'ı degen so'z.Adam barın bazar etip jasay beriwi de mu'mkin.Biraq,sol na'rseni yadta uslaw sha'rt,adamnın',individuallıqtın' «kollektivlik sotsiologizmi menen» basılıp qalg'an burıng'ı Awqam tusın izde qaldırıp,bu'ginliginde insan ma'pi,huqıqı ha'm erkinligin birinshi orıng'a shıg'arıp bahalar ekenbiz, birinshi gezekte adamnın' densawlıg'ına qatnaslı bolar eken,bular en' a'hmiyetli ha'm sheshiliwin keshiktiriwdi qa'lemeytug'ın mashqala ekenligi o'z-o'zinen tu'sinikli bolsa kerek.Ha'tteki bul mashqalalardı sheshiw boyınsha ilim-iznrtlew jumıslarının' ju'rgiziliwi ha'm shep emes.

Miynet sharayatlarının' jaqsılanıwında qa'wipsizlik texnikası,sonday aq oylap tabıwshılardın' iskerliginin' na'tiyjelerin ha'm qollanıwımız sanitariyalıq-gigienalıq jag'daydı,jumıs ornında nervlik-psixologiyalıq bosanıwg'a mo'lsherlengen jaqtı,ses shıg'aratug'ın,iyisti o'zgertip ha'm turatugın iyis

xanalardın' barlıg'ı maselesi boyınsha sawalnama bar.Respondentlerdin' 40% qa'wipsizlik texnikası boyınsha o'zleri isleytug'ın mekeme,ka'rxanalarda ilajlar islengen ha'm islenbey turg'an ha'm islep turg'an jerdin' barlıg'ın maqullasa,16% ka'rxana,mekeme kishigirim emes,al biraz saldamatlı bolsa da hesh bolmasa kum ya shelektin' joqlıg'ına hayran qaladı,30 % bul ma'selege itibardı ku'sheytiwdi talap etedi,14 % basqa pikirde.

Oylap tabıwshılıq iskerliginin' elimizde parawan a'melge asıwında tek ekonomikanın' g'ana emes,ja'miyetlik turmıstın' ha'mme sferalarının' da erkinlesiwi u'lken rol oynaydı.Degen menen oylap tabıwshılar iskerliginin' na'tiyjeleri ha'm olardın' o'ndiriske qollanılıwında tek g'ana payda tu'siriwge az energiya sarplap,ko'birek o'nim alıwg'a bag'darlanıw menen onın' sanitariyalıq-gigienalıq aspektleri ha'm normada bolıwı tiyis.Respondentlerdin' juwapları:»Oylap tabıwshılardın' sanitariya,gigienag'a kewil bo'liwi kewildegidey dep ayta almayman» (30%),»Bul iske medikler,a'sirese saniatriya,gigienag'a juwap beretug'ın vrachlardın' itibarı kem» (44%),»Oylap tapqanı murnımızdın' astınan tu'tin shıg'arıp tursa ne paydası bar?» (26%).

Sawalnamada siz isleytug'ın ka'rxananın' pu'tkil iskerligin pult penen basqarıw iske tu'skenbe?» degen soraw bar.Soralg'anlardın' 64 % pult penen basqarıw praktikası engizilgenin,10 % Qon'ırattag'ı soda zavodında pult penen basqarıwds bolatug'ınlıg'ın,16 % pult penen basqarıwdı ha'zirgi kompyuterlestiriliw tusında qa'legen ka'rxanada iske asırıw qıyın bolmasa kerek,tek g'ana inta,g'a'rejet kerek dep shamalaydı,8 % bir na'rse dewge qıynalatug'ınlıg'ın bildiredi.A'lbette,miynettin' ha'mme tu'rin avtomatlastırıw za'ru'rligi joq.Ma'selen,pal ha'rresin o'rshitiw ha'm pal alıw,da'ri-darmaqlıq sho'p alıw h.t.b ushın ha'tteki mexanizatsiyanın' da za'ru'rligi joq.Degen menen xalıq xojalıg'ının' ma'lim tarawlarına tiyisli ,o'ndiris tu'rinde pult penen basqarıw ju'da' za'ru'rli.Aytayıq,malsharwashılıg'ının' o'zinde aq,ma'selen sawın sıyırlardı bag'ıw ushın jaratılg'an barlıq qolaylıqlardı ha'm mallardın' bug'an reaktsiyasın,sonday aq arnawlı qolaylastırılg'an agregat ja'rdeminde sawıw h.t.b. qadag'alaw ushın a'lbette ju'da' za'ru'r.

Jumıs ornının' qolaysızlıg'ı ko'p jag'dayda ma'lim nawqaslardın' deregi bolatug'ını dawsız.Ba'rshege ayan,Qaraqalpaqstannın' jazı ıssı,qısı suwıq. Jazdın' mol qaynag'an ıssısında durıslı salqınlatıp qoyıw bolmasa,a'lbette awırıwg'a jol ashıladı.Bunı respondentlerin' 38 % maqullaydı,al olardın' 22 % shanarag'ında jumıs ornının' biyjag'daylıg'ınan nawqasqa shatılg'anlar barlıg'ın aytsa, 40% bir na'rse dewge qıynalatug'ınlıg'ın bildiredi.Bulsız da Qaraqalpaqstan,Xorezm ha'm Buxaranın' arqa rayonlarında ekologiyalıq ortalıq,qolaysız faktorlardın' adam den-sawlıg'ına ta'siri xalıqtın' invalidligi 1000 adamg'a esaplag'anda 75-100 adamg'a jetip tur[1].Al bul jag'day ulıwma O'zbekstan boyınsha 1000 adamg'a esaplag'anda 25 adamdı quraydı.

Hesh bolmasa nervlik-psixologiyalıq bosanıw boldıratug'ınday yarımınan ko'bi jag'ımlı ses,jag'ımlı iyis beretug'ın apparaturalardı ornatıw ha'm onı 10 minut dawamında iske qosıw,adamlarda misli ta'biyatta ju'rgendey illyuziyanı boldırıp,sharshag'andı shıgarar edi.Tilekke qarsı,respondentlerdin' derlik ha'mmesi bunday apparaturanın' joqlıg'ın aytadı.

A'lbette a'sirese sanaat ta'sirinin' adamnın' den-sawlıg'ına ilgerilep bara beriwi o'ndirislik turmıstı jaqsılawdı, jetildiriwdi talap etedi[1].

Sawalnamada tikkeley shan'araqlıq turmıs penen baylanıslı sorawlar da bar.Olardın' birewi erli-zayıplılardın' normal da'rejede jumıs islep ku'n keshiriwi ushın balalarına qaraytug'ın o'zlerinen basqa adamnın' joqlıg'ı baqsha jasındag'ı balaları bolsa,olardı baqshag'a ornalastırıw mashqalaları. Durıs, elimizde ja'miyettin' sotsiallıq sferasına dıqqat g'a'rezsizlikke erisken birinshi ku'nnen baslap aq jokarı.Sonın' ishinde mektep jasına deyingi ta'lim mekemelerinin' iskerligin janalawg'a qaratılg'an ilajlar mol.Burıng'ı Awqam tusındag'ı spravkadan spravka toltırıw sergeldeni joq.Usı sebepli de soralg'anlardın' derlik yarımı shan'arag'ında baqsha jasındag'ı ha'm baqshag'a baratug'ın balalardın' barlıg'ın aytadı.Sonın' menen birge,qaraqalpaq shanaraqları ko'birek u'sh a'wladlı bolar eken, pensiyadag'ı u'lken a'wladtın' aqlıqların bag'ıp qarawı

[1] Алиханов Б.Б.Экологическая безопасность в Центральной Азии и катастрофа Аральского моря // Экологический вестник 2008№9 с.5.
[1] Шодимеров Ижтимоий экологияга кириш Т.1994 165-167 б.

qashannan da’stu’riylikke iye.Soralg’anlardın’ 24 % anamız (qa’yin enemiz) pensiyada,sol qaraydı dese,10 % baqshanın’ to’lemi ko’p,jag’day kele bermeydi,eplep shıg’ısamız, al 16 % basqa pikirge iye ekenligin bildirgen.

Aytıw kerek, menshiklestiriw ha’m ma’mleket menshiginen shıgarıp alıw protsessinin’ baslanıwı ha’m menshiktin’ ha’mme formalarının’ parawan a’melge asıwı menen jeke menshik iyelerin erkinlikke shıg’ıp ja’miyettin’ da’stu’riy sotsiallıq strukturasın tolıqtırdı.Sanaat,awıl-xojalıg’ı sawda,transport h.t.b sferaların qay-qaysısı da menshik iyeleri o’zlerinin’ iskerliklerin ko’rsetpekte.Sonday aq, turmıslıq, kommunallıq, informatsiyalıq xızmetler bazarı ha’m turmıslıq qızmet etiw boyınsha (kir juwıw, ximchistkalar, shashta’rezxanalar, monshalar, transport xızmetleri, baylanıs xızmetleri, qorg’anıw) kommunallıq xızmetler (suw menen tamiyinlew,jıllılıq penen ta’miyinlew,jaydı gaz benen ta’miyinlew,lift xojalıg’ı xızmeti,u’yler ha’m kvartiralardın’ normal islewi) ha’m olarg’a jakın turaq jaydı,turmıslıq apparaturanı remontlaw ha’m informatsiyalık xızmetke baylanıslı xızmetler.

Bulardı bazarı xalıq basqa da ko’p tu’rli xızmetlerdi oz ishine aladı. Sol na’rseni ha’m na’zerde tutıw za’ru’rli, burıng’ı Awqam tusında da xızmetlerdin’ derlik yarımınan shamalası tegin dep esaplanıwına qaramastan onı tutınıwshılar ushın to’lemli boldırdı.Sayadag’ı,qıya-bazar ( tenevoy rınok) xızmet etiwdin’ ha’mme sferalarında da ju’da’ rawajlandı,biraq bul awhalga xalıq ha’m ha’kimiyat basshıları ha’m ko’niwge ma’jbu’r boldı. Sol sebepli ma’lim avtorlar Rossiyada ha’m O’zbekstanda turmıslıq kommunallıq,informatsiyalıq xızmetlerdin’ erkin bazarg’a o’tiwi ko’p jag’dayda yarım jalg’an ma’mleketlik «japqıshtı» alıp taslawdı an’lattı [1] dep xarakterlenedi.

Sonday aq,bazar qatnaslarına o’tiwdin’ normal ju’risi menen tegin xızmettin’ masshtabları tarıladı,al to’lemlerdin’ shegarası ken’eyip bara beredi.Usının’ menen xızmet ko’rsetiw bazarının’ rawajlanıwın gu’zetiw mu’mkin.Bul boyınsha qalalarda,rayon oraylarında,paytxtta misli jawınnan keyingi zamarıqtay ko’beyiwi ha’m olardın’ xalıqqa xızmet ko’rsetiwdegi bir-biri

[1] Экономическая теория Т.1999 с.346

menen konkurentsiyag'a tu'siwi ju'da' itibarga ılayıq.A'sirese jeke,shan'araqlıq u'rp-a'detler,da'stu'rlerge ılayıq merekelerin o'tkiziwge ju'da' qolaylı sharayıt jaratıldı desek lap bolmas.Bu'ginliginde restoran,kafelerdin',tuwılıg'an ku'n,yubiley,diplom toy h.t.b baslap quda tu'siw,qız uzatıw,quda shaqırıq,u'yleniw toyların o'kiziwge deyin bul jag'day belgili parametrlerde qolaysızlıqlar tuwdırg'anı menen mereke mashqalasın jen'illetiwde sezilerli a'hmiyetke iye.Toy dasturxanına shaqırılıg'an miymanlardın' birgelesip otırıwı,sonday aq ha'mme ha'reketlerdin' ko'z aldımızda keshiwi h.t.b itibarg'a sazawar.En' baslısı bılayınsha jumısına ha'dden tısqarı waqıt sarplanatugın xonadan ushın,a'sirese onın' uytqısı hayal ushın u'lken qolaylıq ekenligin na'zerde tutamız.Respondentlerdin' derlik 86 % joqarıdag'ılardı maqullaydı.Shaması keleshekte bul tendentsiya ulg'aya berse kerek.Sonın' menen birge toy bunday merekelerdi o'tkiziwde ag'ayın-tuwısqanlardı ,jora-joldaslardı,ka'sipleslerdi o'z toparına ılayıq qonıq beriwde sho'lkemlestiriwdin' o'z sa'ni bar.A'sirese,ko'pten ko'rispegen ag'ayin-tuwısqanlar bir-birin ko'rip,hal jag'day sorasıp,mawqın basıp,nag'ız qarım-qatnaska tu'sip,bir-biri menen ilimnin' tili menen aytqanda oy-pikirlerin almastırıp,birin-biri ruwxıy bayıtıp,shın ma'nisinde toy toylag'anday bolıp qaytadı.

«Sadaqalardın' kafe, restoranlarda o'tkiziliwine ko'z qarasın'ız». Juwaplar: «Ga'p, sonda qanday sadaqa ma'selen, qazan sadaqa ya o'tken ata babalardı yadqa alıp, quran shıg'artıw bolsa bul biyma'lel o'tkizile berse boladı, al marhumnın' qırıq ku'nligin, ju'zin, jılın o'tkiziw a'lbette problemalı (26%), marhumnın' ha'mme sadaqalarında dawıs shıg'arıw u'rdiske aylang'an, onı restoran kafede a'melge asırıw qıyın (50%), dawıs shıg'arılmasın dep o'tkize berse bolmayma? (10%), «Bir na'rse dewge» qıynalaman (14%). Bul juwaplarda ga'p ko'birek dawıs shıg'arıwg'a taqaladı. Bul da'stu'r qaraqalpaqlarda qashannan beri bar. Jaqının'nan, qa'dirdan dostın'nan ayrılg'anda ko'zin'nen jas shıg'ıw g'ana emes dawıslap jılaw ta'biyiy halat ha'm bunı tu'sinbegen kimseler ulıwma insanıy pazıyletlerdin' ma'lim xalıqtag'ı ko'rinisine bas iyip bilmeytug'ınlar.

A’lbette joqarıda aytılg’an ma’resimlerge dawıs shıg’arıwg’a ma’jburlew huqıqı hesh kimge berilmegen. Dawıs shıg’arıw sha’rt te emes. Bul tuwralı Qıdırniyaz hajı A’limbetovtın’ pikiri: «Biraq bul lazımg’a kelgenlerdin’ ba’ri ko’z abag’a dawıs shıg’arıwı kerek degendi an’latpaydı quranı ka’rimde janazag’a barg’anda mu’siybet tu’sken jaqınlarg’a kewil bildiriw ushın ayatlar bar. Ma’selen, xalqımızg’a tu’sinikli tu’rde aytatug’ın bolsaq, bizlerde allanın’ aldına barıwshımız dep sabırlı bolıwdı, ha’mda’rt ekenligin bildiriwi kerek[1].

Bul aytılg’anlardan sol na’rse anıq janaza sadaqa ma’resimlerdi kafe, restoranlarda o’tkiziw xalqımız mentalitetine u’ylespeydi. Durıs, ja’miyetlik turmıstın’ ku’sheyiwi turmıstın’ adamnın’ ku’ndelikli turmısının’ tez pa’t penen globallasıwına iyrimine tu’siwi keleshekte ko’p sanlı o’zgerislerdi boldırıwı ta’a’jip emes. Sonda da a’sirden a’sirge, a’wladtan a’wladqa jalg’astırıp kiyatırg’an miyraslıq tendentsiyası xalıqtın’ ja’miyetlik psixologiyasının’ ideologiyalasa bermeytug’ınlıg’ın qabatın mentalitetin saqlap turaqlastırıp bara beredi. Aqırı kuwanıshtı da, qayg’ını da bo’lisiw ha’m og’an ılayıq ma’resimlerdi atqarıw tek g’ana qon’sı-qobalıq kooperatsiya (birlesiw) shan’araqlıq, shan’araqlar aralıq qarım qatnastı onın’ ulıwma insanıylıq ma’nisin ju’da’ bayıtadı. Respondentlerdin’ 44% toy sadaqalardı atqarıwda, lazımdı atqarıwshı shan’araqlar aralıq qatnasıqlar kooperatsiyag’a baylanıslı «Bul ten’i-tayı joq da’stu’r» dese, 26%, «A’lbette bulsız jasaw mu’mkin emes, aqırı kewil qabarg’anda qayg’ın’dı, kuwang’anda quwanıshın’dı bo’lisse ha’m bulardın’ ha’mmesine ılayıq ma’resimdi o’tkiziwge jag’day berse ne kerek endi?!» deydi. Al olardın’ 30% juwabı: İ.Yusupov aytqanınday xalqımızdın’ beksultanlıg’ı hesh waqıtta da o’lmeydi.

Shan’araqlıq-u’ylik turmısındag’ı u’rp-a’detler ha’m da’stu’rdin’ ornı ha’m ha’mmege qatnaslı. Respondentlerdin’ juwabı: «U’rp-a’detlersiz, da’stu’rsiz shanaraq shan’araq bola almaydı 46%, «u’rp-a’det da’stu’rlerdin’ de zamang’a jarasa ayaq qosatug’ınları da bar, go’nergen, ayaq qosıwg’a jaramsızları da joq emes 46 %», basqa pikir 8%».

[1] Гэп-жаназа мэресимлери ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан 2011-жыл, 15-сентябрь.

Bul u’rp-a’det da’stu’rlerdin’ o’zlerine jarasa qollanılıw imkaniyatlarında ma’ha’lle, meshit-qa’wimnin’ ornı ha’m roli basım. Onın’ u’stine adamlardın’ o’zlerinin’ sotsiallıq qatnaslarına iyelik etiwinde, demek olardan burıng’ı Awqam tusında jatlasqan ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik islerin basqarıwında za’ru’rli da’stu’riy bolıwı bolıp tabıladı. Sonın’ ushın da Jurtbasımız ta’repinen ma’ha’lle haqıyqıy demokratiya mektebi dep a’ytewir aytılmag’an. Haqıyqatında da ma’ha’lle meshit-qa’wimnin’ basshılıg’ısız toy atqarılmaytug’ınlıg’ın, lazım atqarılmaytug’ınlıg’ın respondentlerdin’ 58% ti maqullaydı. Bul protsess meshit-qa’wimdegi ko’she biylerdin’ rolinin’ basımlıg’ın respondentlerdin’ 34% maqullasa, 8% basqa pikir menen sheklenedi.

Tag’ı bir soraw tikkeley u’y-shan’araq jumısın alıp barıwda: awqat, u’ydi sıpırıstırıw tazalaw produktlar satıp alıw, balalarg’a qaraw, nawqaslarg’a qariyalarg’a qaraw, qosımsha da’ramat ushın jumıs islew, ha’r qıylı semyalıq ha’m jeke isler boyınsha ta’shwishler, ag’ayin-tuwg’anlar menen barıs-kelis sıyaqlı u’y-shan’araqlıq turmıstın’ mashqalalarına er menen hayaldın’ waqtının’ sarıp etiliwi menen baylanıslı. Bulardın’ birli-yarımları bolmasa basqalarının’ ha’mmesinde de xayaldın’ waqtının’ 2-3 ese ko’p sarıplaytug’ınlıg’ı respondentlerdin’ juwaplarınan belgili. Onı u’y turmısına perzentlerdin’ ja’miyetlik turmısqa beriliwine respondentlerdin’ juwapları: «Ju’da’ maqul (26%,) talaplar ju’da’ mol onı shanaraqtın’ shegarasında qanaatlandıra beriw qıyın (48%,) «Bir na’rse dewge qıynalaman (16%). A’lbette hayallardın’ u’y-shan’araqtın’ uytqısı, ja’miyetlik turmıstın’ qa’legen sferasında miynet etiwi menen birge ma’lim da’rejde genderlik disbalans  barlıg’ının’ gu’wası bolamız[1].

Sawalnamada monsha, shashta’rezxana, ximchistka, su’wret h.t.b baylanıslı sorawlar da bar. Respondentlerdin’ juwaplardın’ ja’miyetlik turmıstın’ bul xızmet ko’rsetiw tarawlarının’ ko’beyip atırg’anı ha’tteki geybirewlerinin’ xızmeti, ma’selen shashta’rezlerdin’ xızmeti mol ekenligi, biraq olardın’ to’lemi tez-tezden qımbatlap  barıw halı aytıladı. Sonday-aq monshalarda menshiklestiriw ha’m

[1] Бердимуратова А.К.Камалова Х.С Алимбетов Ю Социаллық трансформайиянының гендерлик аспектлери ҚМУ «Хабршысы 2009, №3-4 сан Б-88 ҳаял сиясатта,мийнетте бизнес ҳәм мәдений сферасында

ma'mleketlik qarawınan bo'lek alıw ayrıqsha darejede a'melge asırılg'an jerde qala xalqımız burıng'ı normal islep turg'anlarınan ayırılıp qaldı. Tazalarının' xızmet ko'rsetiwi ya to'leminin' qımbatlawı to'lemlilerinin' sanitariyalıq-gigenalıq jag'dayı to'men bolg'anlıqtan monshag'a tu'sip shıg'ıw biraz problemalı.

O'mir bir orında turmaydı ol mudamı o'zgeriste. G'a'rezsizlik tusında turmıstın' ha'mme formaları, salaları boyınsha a'melge asırılg'an o'zgerisler de turmıs halatına ılayıq jetilisip barıwı tiyis. Bul tuwralı informatsiyalar alınatug'ın dereklerde respondentler ko'birek to'mendegishe televidenie 54%, gazeta-jurnallar 28%, ilimiy, ilimiy ko'pshilik basılımlar 4%, xızmet babındag'ı materiallar 14% esaplanadı. Al, teleesittiriwlerdin' ma'lim kanalları atalg'an «O'zbekstan», «Ëshlar» 42%, «Qaraqalpaqstan» telekanalı 32%, Rossiya telekanalı «ORT», «Vesti» 13%. Sawalnamada ma'lim da'rejede ulıwmalastırılıwında xarakterge iye formasının' ja'miyetlik, o'ndirislik ha'm u'y-shan'araqlıq formalarının' burıng'ı halatı ha'm keleshek haqqında sorawlar da bar: Turmıs formalarının' ha'mme formaları da respondentlerdin' 66% ti qanaatlandıradı, 16% tolıq qanaatlandıradı, 10% qanaatlandırmaydı, 8% basqa pikir.

Shan'araqtın' jasap turg'an ma'kan jumıs ornı, miynet kollektivinin' (oqıw ornının') turmıstın' ha'zirgi halatına ko'z-qarası soralg'anda respondentlerdin' 44% jaqsı, 52% orta, 4 % jaqsı emes dep juwap berdi. Al, Qaraqalpaqstan pu'tkil elimiz ko'leminde turmıstın' ha'mme formalarının' keleshek tuwralı respondentlerdin' pikirlewleri: «Bu'gingidey anag'urlım jaqsı bolatug'ınlıg'ına isenimen» 50%, «U'y-shan'araqlıq, o'ndirislik ha'm ja'miyetlik turmıstın' ushlasıwı ku'sheyedi 16%, «Ten'be-ten'likti ulıg'laytıg'ın maqtanısh sezimi ku'sheyedi» 18%, basqa pikir 16%.

A'lbette, turmıs obrazının' quramlas bolıp qabıllınawın turmıstın' g'a'rezsizlik tusında jan'alanıwı bul aytılg'anlar menen tamamlanbaydı. Bul boyınsha ja'miyetlik siyasiy turmıstın' sotsiyallıq ha'kimlik iskerliktin' h.t.b. bul ma'selege ma'lim da'rejede tikkeley, ma'lim da'rejede qıya baylanıslar arqalı qatnası bar. Bul degen so'z ja'miyettanıw wa'killeri sonın' ishinde sotsiallıq filosofiya tarawı boyınsha qa'nigeler aldında bir qansha real turmıslıq

protseslerdin’ dinamikasın turmıs obrazı turmısta izertlew menen baylanıslı jan’a problemalıq situatsiyalar ju’zege keletug’ını so’zsiz. Bul a’lbette keleshektin’ isi ko’nliktire beriwdi qa’lemeytug’ın wazıypalar qatarına kiredi.

## Juwmaqlaw.

İzertlew jumısımızdın' na'tiyjeleri boyınsha to'mendegi juwmaqqa kelemiz.

1) Turmıs obrazının' aktuallıq problemaları,a'sirese onın' quramlas bir bo'legi turmıstın' ilimiy izertleniwi ha'rqıylı ilimiy bag'darları arqalı a'melge asırılg'an. Turmıs misli turmıs obrazı sıyaqlı adamzat tariyxının', onın' o'mir su'riwinin', jasawının' ha'mme halatına ha'm da'wirine ta'n bolar eken, ol mazmunı ha'm ma'nisi boyınsha ulıwma sotsiallıq xarakterge iye. Bul ko'z-qarastan turmıs pu'tkil adamzat ja'miyeti barısında onın' nızamlarının' ha'm rawajlanıw tendentsiyalarının' ashılıwı ja'rdeminde izertlenedi. Bul turmısqa tikkeley sotsiallıq-filosofiyalıq katnastı an'latadı.

Sonın' menen birge turmıs basqa da ilimlerdin'-ekonomikalıq teoriya,sotsiallıq- psixologiya, etnografiya, etika, estetika, yurisprudentsiya, sotsiallıq meditsina, demografiya h.t.b izertlew predmeti.

2) Turmıs problemaları tuwralı pikirlerdi A'yemgi Shıg'ıs,A'yemgi grek oyshıllarının' ko'z-qaraslarınan da,ma'selen,Konfutsiy,Platon miynetlerinen de ko'riw mu'mkin.

Sonday aq, son' ala Tomas Mordın' «Utopiya»,Jan Jak Russonın' «Adamlar arasında ten'sizliktin' kelip shıg'ıwı ham tiykarları haqqında pikirlewi», Sen-Simon, Fure, Ouen miynetlerinde ha'm sa'wlelendi.

Dialektikalıq-materialistlik ko'z-qaras tiykarınan materiallıq faktordın' birinshiliginen shıg'a otırıp,turmıstın',turmıs obrazının' o'zgesheliklerin klasslıq pozitsiyadan tu'sindiriwge umtıldı ha'm bul son'ınan praktikag'a enip,xalıqlardı kayg'ı-ha'siretke tap bolıwına alıp keldi.Bug'an burıng'ı Awqam tusı mısal bola aladı.

3) Turmıs bir orında katıp qalmag'an,al o'zgeristegi, rawajlanıwdag'ı dinamikalıq qubılıs. Geyde onın' tiykarg'ı belgilerin ashıp ko'rsetiayda boladı.Biraq turmıs qalay tu'sindirilmesin, ba'ribir onın' adamlardın' o'ndiristen tısqarıdag'ı materiallıq ha'm ruwxıy talaplarının' qanaatlanıwı menen baylanıslı.

4) Turmıstı analizlewde onı turmıs obrazının' quramlas bo'legi sıpatında qarar ekenbiz,turmıs obrazının' adamlardın' tariyxıy konkret sotsiallıq qatnaslar ushın

tiplikke, turaqlılıqqa iye adamlardın' individuallıq ha'm toparlıq o'mir su'riw, jasaw formalarına enisiwin na'zerde tutamız. Sonday aq adamlardın' o'mir su'riw,jasawına individuallıq ha'm toparlıq formaları olarg'a miynet, ja'miyetlik-siyasiy, ta'lim-ma'deniy, sonın' menen birge turmıslıq kewil sferalarındag'ı qarım-qatnas, minez-qulıq, iskerlik, oylaw, pikirlewdin' o'zgeshelikleri xarakterlendi.

Bunnan juwmaq: turmıs tek obektiv sharayıtlardın' determinatsiyasının' passiv na'tiyjesi emes, ol sonın' menen birge o'z turmısın, turmıs obrazın qayta o'ndiriwshi insanlardın' individuallıq ha'm toparlıq iskerligi de.

5) Turmıs barlıq sotsiallıq-ekonomikalıq sharayıtlar (o'ndiris usılı, miynettin' ja'miyetlik forması, sotsiallıq struktura,ideologiya h.t.b), ma'deniy orta, ta'biy-geografiyalıq faktorlar menen belgilenedi ha'm olarg'a qatnaslı otnositelli , shekli erkinlikke iye.

6) Tiykarınan turmıstı u'sh tu'rli formag'a bo'lip qaraw zamanago'y sotsiallıq-filosofiyalıq, sotsiologiyalıq, tariyxıy-etnografiyalıq a'debiyatlarda qa'liplesken.

a) Shan'araqlıq turmıs (u'y xojalıg'ın ju'rgiziw,balalardı ta'rbiyalaw, qol sawa waqıttı sho'lkemlestiriw) shan'araq ramkasında talaplardın' individuallıq ha'm toparlıq qanaatlanıw usılları menen xarakterlenedi.

b) O'ndirislik turmısqa (o'ndiristegi medpunktler, asxanalar, o'ndirislik turmıslıq xanalar) –meditsinalıq xızmetler, ja'miyetlik awqatlanıw, jumıs ornındag'ı dem alıslar kiredi. Bug'an geyde mektepke shekemgi balalar mekemelerin ha'm kirgiziw bar.

v) Ja'miyetlik turmıs (ma'deniyat ha'm demalıs parklerinde, ja'miyetlik awqatlanıw ka'rxanalarında, turmıslıq xızmet ko'rsetiwde a'melge asırıladı) ma'mleketlik-ja'miyetlik sho'lkemler ramkasında adamlardın' talaplarının' qanaatlanıwı.

7) Turmıstı materiallıq ha'm ruwxıy ta'replerge bo'liw ha'm bar. Olardın' ekewi de birlikte turmıstın' ha'mme formalarına ta'n.

a) Materiallıq turmıs du'zilisi: o'ndiris  produktların individuallıq tutınıwg'a deyin alıp barıw; turmıs sferasında materiallıq iygiliklerdi bo'listiriw; olardın' iygiliklerdi tutınıwı.

Bul du'zilistegi bo'listiriw menen o'ndiris  arasında baylanıstırıwshı buwın boladı.

Tutınıw protsessii eki tu'rli boladı.Birinshisi o'ndirislik tutınıw-o'ndiris quralların ha'm  miynet ku'shin materiallıq o'ndiris protsessinde qollanıw, paydalanıw, ekinshisi jeke tutınıw-adamnın' denesinin' ha'm  miynet etiw ukıbının' qayta o'ndiriliwi.

b)  Turmıstın' ruwxıy ta'replerine ma'lim ja'miyet ag'zalarının' jeke tutınıw protsessindegi qa'liplesetug'ın o'z-ara qatnasları ha'm normaları,turmıslıq ………u'rp-a'detler,obryadlar,qol  sawa  waqıt  h.t.b  kiredi.Bulardın'  ha'mmesi ha'rqıylı sotsiallıq tariyxıy ha'm ta'biy,ekonomikalıq ta'sirde islenip shıg'ılg'an ruwxıy talaplardın' forma,usıl ha'm sharayatlarının' jıyındısın an'latadı.

8) G'a'rezsizlik sharayıtında xalıqtın' turmısının' tu'pkilikli o'zgerisine sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy faktor ha'm  sebeplerinin' ornı ha'm roli ullı.

74 jıl hu'kimdarlıq qılg'an Awqam  tusında qaraqalpaqstanlı tariyxshılardın' ko'rsetiwinshe bir emes birneshe ma'rtebe repressiyalar boldı ha'm olardın' zıyanlı aqıbetleri xalıqta ornı tolmas qayg'ı ha'siretlerdi boldırdı.

9) Xalıq-xojalıg'ının' kompleksli rawajlanıwına sharayıt jaratılmadı. Birta'replemelik, ma'selen, O'zbekstanda Qaraqalpaqstanda paxta monokulturası ha'wij aldı ha'm ol ko'binese «aq altındı» shiyki zat tu'rinde tapsırıw menen tamamandı. Bul xalıqtın' miynet sferasına ha'm turmısına,normal demalısına zıyannan basqanı boldırmadı.

Ruwxıy aspektte de o'tmishtin' ba'ri za'ru'rsiz esaplandı. U'rp-a'detler ha'm da'stu'rlerge tıyım salındı. Kem-kem a'sirese joqarı oqıw orınlarında jergilikli, titul millettin' tilinde sabaq okıtıwg'a tıyım salıwg'a deyin bardı. Dinimiz na'zerge alınbadı. Qayta og'an tıyım salındı. Bulardın' aqıbetinde, tag'ı da

qaytalaymız miynet penen turmıstın' o'z-ara qatnası, bir-birine ta'siri, birligi buzıldı.

10) G'a'rezsizliktin' birinshi ku'ninen baslap ja'miyetlik turmıstın' ha'mme sferalarında qayta qurıw, jan'alanıw protsessii baslandı.

11) Qaraqalpaq xalqının' turmıs obrazı ha'm jan'alanıwı tiykarında o'tkizilgen konkret-sotsiologiyalıq izertlewler juwmag'ı turmıstın' ha'mme formaları boyınsha jetiskenliklerdi ha'm sonın' menen birge ma'lim mashqalalardın' barlıg'ın tastıyıqlap otır. A'sirese mashinalar respondentlerdin' pikirinshe, ko'birek turmıslıq o'ndirislik sferasına tiyisli, sonın' menen birge jeke-shan'araqlıq ja'miyetlik sferalarg'a ma'limilajlardın', a'melge asırılıwın ku'tip turg'an mashqalalar barshılıq. Bular u'y-jayg'a a'piwayı santexnikalıq xızmet ko'rsetiw monsha xızmeti h.t.b. jaqsılanıwınan baslap puxaralardın' bos waqtın mazmunlı o'tkeriwge deyingi talaplardın' ba'rin de ishine qamtıydı.

**Paydalanılg'an a'debiyatlar.**


1. O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyası T.2003
2. Qaraqalpaqstan Respublikası Konstitutsiyası N.2006
3. Karimov İ.Joqarı ma'nawiyat-jen'ilmes ku'sh T.2008.
4. Karimov İ. Bizin' jolımız-demokratiyalıq reformalardı teren'lestiriw ha'm modernizatsiya protsessin izbe-iz dawam ettiriw jolı Prezident İslam Karimovtın' O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının' 19 jıllıg'ına bag'ıshlang'an saltanatlı ma'resimdegi bayanatı// Ustaz jolı
5. 2011j .8-dekabr
6. Karimov İ.A Uzbekistan,natsionalnaya nezavisimost,ekonomika,politika,ideologiya.Uzbekistan 1996g.s40-41
7. O'zbekstan Respublikası Prezidenti İslam Karimovtın' «Zamanago'y turaq-jay qurılısı-awıllıq jerlerdi kompleksli rawajlandırıw ha'm kelbetin o'zgertiw ja'ne xalıqtın' turmısının' sapasın jaqsılaw faktorı» temasındag'ı xalıq-aralıq konferentsiyanın' ashılıw ma'resiminde so'ylegen so'zi // Erkin Qaraqalpaqstan 2013 j.20 aprel.
8. Karimov İ.A.Vajneyshie zadachi uglubleniya demokraticheskix reform na sovremennom etape // Mıslit i rabotat po novomu- trebovanie vremeni T.5-T,1997.
9. İslom Karimov Biz tanlagan yul-demokratik taraqqiët va marifiy dunë bilan hamkorlik yuli II-jild T.Uzbekiston,2003 .
10. Karimov İ.A.Milliy istiqlol mafkurasi-xalq etiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir. «FIDOKOR» gazetasi muxbiri savollariga javoblar.T.,»Wzbekiston»,2000.
11. İnson manfaati,huquq va erkinliklarini taminlash haëtimizning yanada erkin va obod bwlishiga erishish-bizning bosh maqsadimizdir.Prezident İslom Karimovning Uzbekiston Respublikasi Konstitutsiyasining 20 yilligiga bag'ishlangan tantanali marosimdagi maxruzasi urganish buyicha Uquv qwllanma T.2013
12. Karimov İ. Joqarı ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. T., 2008.
13. Karimov İ.A. Tarixiy xotirasiz kelajak ywq. Barkamol avlod arzusi. T., Sharq, 1998.
14. Uzbekiston Respublikasi Prezidenti İslom Karimovning Uzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida kitobini urganish buyicha wquv-uslubiy qwllanma T.2012 .
15. İslom Karimov Uzbekston buyuk kelajak sari T.Uzbekston 1998 525-b. İslom Karimov Uzbekston buyuk kelajak sari T.Uzbekston 1998 .
16. Alimbetov Yu. Nekotorıe teoriya metodologicheskie voprosı issledovaniya obraz jizni naroda. Vestnik
17. Alimbetov .Yu O strukture obrazı jizni naroda // Vestnik.
18. Artemov V.A. İzmenenie usloviy i obraz jizni// Sotsiologicheskie issledovaniya 1995g № 1

19. Berdimuratova.A,Kamalova.X,Alimbetov.Yu Sotsiallıq transformatsiyanın’ geyderlik aspekti,hayal siyasatta,miynette,biznes ha’m ma’deniyat sferasında // QMU xabarshısı 2009 3(4).
20. Berdimuratova A.K, Kamalova X.S Soyiologicheskie issledovaniya urovnya jizni naseleniya Respublika Karakalpakstan Vestnik Karakalpakskogo gosudarstvennogo universiteta 2008 №1.
21. Borisov M.N. Sotsiologiya bıta:uchebnoe posobie RATN,1992;Patrushev V.D Svobodnıe vremya grajdan v 1986 i 1995 //Sotsiologicheskie issledovaniya-199737s.44-50
22. Butenko A.P,Kolisnichenko.Yu.V. Mentolitet rossiyan i evraziystvo:ix obshnost i obshestvenno-politicheskiy smısl // Sotsiologicheskie issledovaniya.1996 №9.
23. Bebel Budushee obshestvo M. 1959.
24. Vozmitel A.A,Osadchaya G.İ. Obraz jizni: teoretiko-metodologicheskie osnovı analiza.
25. Dosumov R.Perestroyka upravleniya promıshlennım proizvodstvom v novıx usloviyax xozyaistvovaniya T.Fan 1998
26. DJavakova K.V Semya i tendentsii ozdorovleniya obshestva nezavisimogo Uzbekistana,Avtoref.diss.kan.fil.nauk.T.1997;
27. Juraev N.Tafakkurdagi evrilish T.Shark 2001.
28. İnson manfaati huquq va erkinliklarini taminlash,haëtimizning yanada erkin va obod bulishiga erishish bizning bosh maqsadimizdir.Prezident İslom Karimovning Uzbekston Respublikasi Konstitutsiyasining 20 yilligiga bag’ishlangan marosimdagi maruzasini urganish buyicha Uquv qullanma T.2013 30-b.
29. Qaraqalpaqstannın’ jan’a tariyxı.Qaraqalpaqstan XIX a’sirdin’ ekinshi yarımınan XXI a’sirge shekem N,Qaraqalpaqstan,2003 5-b.
30. İbragimova K.Struktura i sotsialnaya sushnost bıta// Obshestvennıe nauki v Uzbekistane 1993 №4
31. İlomov M.K.Svobodnoe vremya irazvitie duxovnoy kulturı molodeji Avtoref.diss.kan.fil.nak.T.1994;Kosanbaev K.Bıt kak vajneyshiy komponent natsionalnoy kulturı(Na materialeUzbekistana i Kazaxstana)Avtoref.dok.fil.nauk.1995;
32. Karaxanova T.M Domashniy trud i bıt gorodskix jiteley:1965-1998// Sotsiologicheskiy jurnal.1999№3/4 s-115-119
33. Nijanova N.Jenshinı-opora prochnoy semi// Obshestvennaya nauka 2012 №1,2,3
34. Narımbetov Satıbaldı hayaldın’ ku’lkisi ko’p esitilgen el baqıtlı el Obshestvennaya pozitsiya
35. Qudaybergenova P.T. Milliy turmush tarzi uning mustaqillik yillarida taraqqiët xususiyatlari. Avtoref. T. 2005..
36. Osadchaya G.İ Obraz jizni:teoretiko-metodologicheskie osnovı analiza
37. Saburova D.S Jenshina Karakalpakstana:trud,bıt,ravnoprave
38. Sagındıkov .J Problema sovershenstvovaniya dosuga trujenikov sela. N.1990g

39. Sedıx.İ.S.Osobennosti bıta gorodskoy semi v sovremennom rossiyskom obshestve:na primere İrkutskoy oblasti Avtoref.kan.politex.nauk.Ulan-Ude2004;
40. Shodimerov/ İjtimoiy ekologiyaga kirish T.1994 .